INILAH S E D J A R A H R A T U T A N A H D J A W A.

Dalam tulisan 'Arab dengan artinja bahasa Djawa Kawi.

Berpuluh2 tahun menjimpan R.M. Saleh DIPONEGORO.

Dari Bapak saja R.M. Abdumuttalib bin --

Pangeran Abdurachman bin Pangeran DIPONEGORO .

di M a k a s s a r.

Jang menjimpan R.M. Saleh DIPONEGORO.

Pengurus dan pemegang Kuntji Makam Pahlawan --

D I P O N E G O R O . di Makassar. Djl. I R I A N No.83.

---

3 Transliterations of this Mss. were made in Yogyakarta in May 1973 and distributed as follows: Facultas Sastra (Universitas Gajah Madah, Yogyakarta) 1 Copy, Leiden UB 1 Copy, P.B.R. Carey (Trinity College, Oxford) 1 Copy.

Photocopies of the original Mss. are owned by P.B.R. Carey and Xerox copies are in the Leiden UB.

INTRODUCTION:

The foll-owing two Mss are copies of two original Mss in Pégon characters in the possession of the descendants of P. Dipanagara who still live in the house built for the Pangéran's widow in 1855 (Jl. Irian No.83). There is strong evidence to suggest that the two Mss. ~~xxx~~ were composed or at least dictated by P. Dipanagara, for references to his Islamic name: 'Fakir Ngabdul Hamid' are numerous, and the first Mss. bears the date 5 Dulkaidah (Dulkijdah), A.J. 1765 (~~2 February 1838~~ 24 Jan. 1838) and mentions that it was written in Makassar. It is known from the Geheim Besluit 15 March 1837 (1) that after that date P.Dipanagara was to be kept under very close observation and almost forced to live in solitary confinement in Fort Rotterdam, following the interception of two letters from Dipanagara, the first to Maj-Gen. Cleerens in W.Sumatra, and the second to the guardians of Sultan Hamengkubuwana V in Yogyakarta concerning the marriage of his daughter to a Yogyakarta Prince. The tone of both these letters was regarded as supercilious and treacherous by the Netherlands-Indies Government and the following decisions were taken: (1) That most of the Prince's following should be exiled to Ambon, and that Dipanagara should only be left with the women and children, and one trustworthy Bugis servant, (2) That Dipanagara should be watched so that he could not speak to anyone outside his circle of retainers, and that all his mail should be opened, (3), That the Prince's income should be lowered appreciably.

It is likely that these two Mss. which were written on Octo. size N.I. Government paper, were the fruits of this year of almost solitary confinement endured by the Prince. It is interesting to note also that the first Mss. which deals with the legendary rulers of Java before Majapahit and including the reign of Hayam Wuruk and his Patih Gajahmadah, is an almost exact prelude to the Prince's main autobiographical Babad which starts at the downfall of Majapahit (2). It may well be that this first Mss. was written sometime before when Dipanagara was in Menado and then recopied again in Makassar at this later date.

A Photo copy was made of both these Mss. in Makassar by P.B.R. Carey in September 1972, and a transliteration made from the Pégon characters by Sastrasuganda (Daengan Lor, M.D. III/31) in Yogyakarta in 1973.

P.B.R.Carey,
Yogyakarta, May 1973.

(1) Geheim Besluit 15 March 1837 Arsip Negara (Jakarta) No.57

(2) L/OR MSS 6547 a-d
List of first lines By Soegiarto
L/OR. 10.867-c.

p.1. Bismillahir rohman nirohim. Alhamdulillahi robbil ngalamin. Arrohmanirohim.
Maliki jaumiddin. Walngakibatul muttaqin.
Anapun hikajat sêğarah nalika Kanjêng Nabi Adam Ngalaihissalam kala dinu-
kum maring Gusti Allah subhanahu watangala kang wahidul kohhar iku. Sabab
kêna rêncanane iblis laknatullah. Iku marga têka kang garwa Kanjêng Babu
Khowo rodiallohu nganhu. Kanjêng Nabi Adam ngalainissalam iku agu2 maring
aturé kang garwo Kanjêng Babu Khowo, Kanjêng Babu Khowo iku agu2 maring a-
ture iblis laknatullah, ingaturan dhahar wohing khuldi, maka nurut Kanjêng
Babu Khowo,sabab iblis laknatullah iku medho2 malaekat angaku,ingutus iblis
laknatullah iku maring subhanahu watangala kang wahidulkohhar, kang sarto
ekeng2 supatane iblis iku. Maka dadi kêlakon dhahar Kanjêng Babu Khowo iku
p.2. maring woh /ing khuldi iku. Anapun wohing pêpêtetan kayu khuldi ing suwar-
go nanging têlu, ingkang siji ing ngaturakên maring kang roko Kanjêng Na-
bi Adam Ngaláihissalam, dadi nanging kari siji wohing khuldi iku. Maka Kanj-
jêng Nabi Adam Ngalaihissalam iku bangêt kagete barêng ing ngaturan wohing
khuldi iku maring kang garwo Kanjêng Bábu Khowo. Sabab kang mahu wus winê-
ling Kanjêng Nabi Adam iku maring Subhanahu Watangala, lamun kasrah suwar-
go iku sakisine kaben, nanging siji kanjêng Nabi Adam Ngalaihissalam iku
kang tan den lilani maring Robbulngalamin, hiyo kang ngaran kayu khuldi i -
ku. Hojo kang nganti dhahar wohe manen Kanjêng Nabi yen kalilano, amêng2
bahe ing sandhinge woh khuldi iku tan kalilán. Maka matur Kanjêng Babu Kho-
wo maring Kanjêng Nabi Adam Ngalainissalam,lamun karsane Robbúl ngalamin
Malaekat kang ingutus dhawuhake kang sarto hakkeh2 supatane, maka dadi nu-
rut Kanjêng Nabi iku maring ngature kang garwo, dhinahar woh khuldi iku. Ba-
p.3. rêng wus kunjuk hengêt Kanjêng Nabi Adam Ngalainissalm iku,lamun hora hono /
opo Nabi Malaekat Wali supata. Lawan lamun den utuso yekti nimbali,dhinawuh-
ake iku maring Kanjeng Nabi. Maka dadi bangêt kêduwungé hopo dene gêgetune
Kanjeng Nabi Adam Ngalaihissalam iku rumahos hajrin wirang maring Subhana-
hu watangala, Kanjeng Nabi dene nurut maring kang garwo. Maka banjur kinon
nimbali Babu Khowo maring Malaekat kang ngaku ingutus iku, ginolekan maring
Babu Khowo malaekat iku wus tan ono. Maka banjur matur Babau Khowo maring
Kanjeng Nabi lamun malaekat wus tan ono. Kanjêng banjur karuno sabab wus u-
ningó lamun iku iblis kang mindho2. Babu Khowo dadi melu karuno rumahos la-
mun sami kenging cidro,kang sarto nyuwun apuro maring Subhanahu watangala,
nanging iku wus tan kêno. Maka têko bêbendune Robbul ngalamin maring Nabi
Adam lawan Babu Khowo iku, kang pertandha sakehe kang busono karo iku padha
musno, hopodene kang makutho lawan jamang hgire Babu Khowo. Karo lukar tanpa
po warastro, dadi ing sagon-hegon yo karuno Kanjêng Nabi iku,lawan kang gar-
p.4. wo. Maka sabarang isining suwárgo/ iku kayu2 ojo ingambil godhonge maneh ma-
ring Kanjêng Nabi lan kang garwo Babu Khowo lamun aweho, ingauban ngisore
bahe sakehe kayon suwargo iku podho lungo. Lamun tinanyo sahure podho wêdi
maring Subhanahu watangala. Maka ing wêktu iku Kanjêng Nabi lawan kang gar-
wo banget sangsarane iyo iku podho dinukan ono ing suwargo marang Robbil nga-
lamin, lan kendêl sagen-hêgen niro karuno kalih tanpo warastro. Maka ono ka-
yun ing suwargo sawiji kayu anjir namaniro iku liwat wêlas maring Kanjêng

Nabi

Nabi iku kêlawan kang garwo,dene godhonge kayu anjir iku ngliru damêl dadi
câluk2 kayú anjir iku maring Kanjêng Nabi lawan kang garwo, kinon ngalap©
kalih iku maring godhongiro ginawého anutupi maring nguratiro. Maka banjur
ngalap Kanjêng Nabi iku lawan kang garwo maring godhong kayu anjir iku, wa-
roto katutupan urate Kanjêng Nabi iku lawan kang garwo godhong/anjir iku
kang minongko nyamping lawan sinjangiro. Maka nuli bêbêndune Robbil ngala-
min maring Kanjêng Nabi iku lawan kang garwo, lan iblis maksih XXXXXXXX an-
p.5. dhêlik ono ing suwargo, lan marang kang tunggu / ing lawang suwargo iku mê-
rak lawan Nogo, opodene marang kayu anjir iku. Maka nuli utusan Subhanahu
watangala Malaekat Joborail Ngalaihissalam iku kang ingutus abuang maring
Nabi Adam lawan kang garwo Babu Khowo têko ing suwargo iku marang ngalam
donyo, sabab akaryo sukêr ing suwargo. Lawan iblis laknatullah iku maksih
dhelik hono ing suwargo kacada lawan iblis iku nora biso metu têko ing su-
wargo lawan nogo, manuk mêrak sabab iku kang tunggu ing lawang suwargo, la-
wan kayu anjir sabab iku Kang aweh sandangan marang Nabi Adam lawan Babu
Khowo. Iku podho kinon buang kabeh maring Robbilngalamin têko ing suwargo
maring dunyo. Anapun hikayat marma Gusti Allah Subhanahu watangala kang
wahidul kohhar bangêt bêbêndune maring Kanjêng Nabi Adam iku sabab angalap
dosa têlung pêrkara, Nabi 'Adam iku kang dhingin nangalirwakakên wêwêlinge
Robbul 'ngalamin, kapindho nurut maring ature kang garwo Babu Khowó, 'kaping
têlu Nabi Adam samyo dhahar woning khuldi iku. Nabi Adam dadi kêno ngujuh
p.6. lán ngising kojo ing donya. Mangkono dadi sukêring / suwargo iku. Maka nu-
li têko Malaekat Joborail ngalaihissalam iku ing suwargo kang sarto gowo
bêbêndoning subhanahu watangala iku marang Nabi Adam lawan Babu Khowo, ban-
júr 'nyandhak Nabi Adam lan Babu Khowo iku maring ing Malaekat Joborail nga-
laihissalam ing tangan kanan kering Nabi Adam lan Babu Khowo, banjur ginowo
mudhun maring dunyo, maka banjur pinisah manggóne Nabi Adam lan kang garwo.
Nabi Adam iku tibo ing gunung Surandil ing tanan Selon, Babu Khowo iku ti-
bo ing gunung Ngarpah ing tanah Syam, nogo iku tibo ing tanah Yaman, merak
lawan kayu anjir iku tibo ing tanah Jowo. Maka nuli bali maneh Malaekat Jo-
borail ngalaihissalam iku maring suwargo hanggoleki maring iblis laknatulloh
iku kaliwat kiwo pandhelike. Malaekat Joborail ngalaihissalam kaliwat muring
maringe XXXX/maring iblis laknatullah iku, maka bareng wêruh iblis laknatullah iku
maring Malaekat Joborail ngalaihissalam banjur lúmêbu, iblis iku banjur ci-
nandhak maring Moloekat Joborail ngalaihissalam kang sarto den piloro iblis
p.7. iku maring Malaekat Joborail ngalaihissalam kaliwat / hangête olehe miloro
maring iblis, kaliwat sambate iblis iku. Maka banjur binuang iblis laknatul-
lah maring Malaekat Joborail ngalaihissalam têko ing suwargo maring dunyo
maseru ? tibo ing [illegible]. Iku kaliwat/ing tanah [illegible] iku lawan den sawatnake
[Ispa] Ispahan bane ing pambuange maring iblis laknatullah iku Malaekat Joborail ngalaihi-
ssalam, tibane banjur kêlêngêr iblis laknatulah iku ono ing [illegible]. Maka
ing sawuse heling iblis 'lâknátullah kaliwat bungahe, sabab katrimo panggo-
dhane dene oleh Nabi Adam. Wuse mêtu têko ing suwargo maring dunyo lawan
kang garwo Babu Khowo,mongso nora 'kêlakono iku besuk kêna anak putu Adam,
sabab wus podho ono dunyo. Anapun Kanjêng Nabi Adam ngalihissalam iku hika-

jajat

jate kolo Dinêndon maring Robbul ngalamin tinurunaken têko ing suwargoma-
ring dunyo iku tibo ing gunung Surandnil tanah Selan iku kaliwat ing pa-
nangise rahino wêngi, nanging salirane dhewe kang tinutuh tutun, kang sar-
p.8. to bangêt tobat nuwun pangapuro Kanjêng Nabi Adam ngalaihissalam iku / ma-
ring Subhanahu watangala, kang wahidul kohhar. Maka saking bangête ing pa-
nuwune Kanjêng Nabi Adam iku kang waspo nganti dadi getih kêntnêl banjur
dadi watu ingaran mirah selan rupane koyo hisi dalimo. Mangkono maneh Kan-
jêng Babu Khowo kang dhawah ing gunung Ngarpah tanah Syam iku iyo koyo kang
roko, mangkono sabab rumahos dosa rong pêrkoro,kang dhingin maring Robbil
ngalamin kapindho iku maring kang roko. Maka dadi rahino wengi panuwune
Kanjêng Babu Khowo iku anutuh marang salirane dhewe, kang sarto banget na-
longso tobat maring Subhanahu watangala, nopodene maring kang roko hanuwun
ing pangapuro nganti dadi getih ingkang waspo kênthêl banjur dadi watu, wa-
tu iku ingara-nan mirah syam rupane abang surah wungu. Maka nogo kang tibo
ing Yaman iku hiyo koyo mangkono panangise ing rahino wenginogo iku, sa-
king [redacted] wêdine marang Robbil ngalamin, tobat kang sarto nuwun apuro,
nganti kênthêl êluhiro nogo iku dadi getih banjur dadi watu, watu iku inga-
ranan akik yaman, rupane koyo atine pitik. Maka manuk mêrak kang tibo ing
p.9. tanah Jowo / lawan kayu anjir iku podho asalin ingkang warno, sabab iku
kang dadi tondho lamun wus bakal tan oleh apuro, nora bali loro iku maring
suwargo, dadi bangêt karo iku podho susahe. Nanging wêkasan karo iku podho
amupus maring takdire ing awake dhewe, sabab karo iku wus podho hangroso
lamun gêdhe dosane maring Robbul ngalamin. Anapun hikayat Kanjêng Nabi A-
dam Ngalaihissalam iku kolo kabêndon maring Gusti Allah Subhanahu watanga-
la kang wahidul kohhar iku tinurunakên têko ing suwargo maring ngalam dun-
nya iku nênêm barênge. Kabêndon kang abot dhewe iblis laknatullah. Sabab
iku kang dadi bux-buko lawan laku cidro, iblis iku saking panas atine ma-
ring Nabi Adam ngalaihissalam, olehe den paringi kamukten maring Robbil
ngalamin ono ing suwargo iku lawan kang garwo Babu Khowo rodiallohu nganhu.
Anapun manuk mêrak iku marmo dadi gêdhe dosane, sabab bisane manjing iblis
laknatullah iku maring sajrone suwargo, manuk mêrak iku kang tunggu lawang
p.10. suwargo kang wêkasan lawan moho mêrak iku. Sabab iblis midho u-/-lêr tahun
den cucuk iku banjur di ulu dadi biso manjing iblis iku maring ing sajrone
suwargo dalan silit. Anapun kayu anjir iku marmo dadi gêdhe dosane sabab
mung kirawêlas maring Adam. Adam lagi kabêndon kayu anjir iku kuasa têtu-
lung marang Adam. Marmo nogo iku dadi oleh ngapuro sabab tunggu lawang jo-
bo lan kang sarto nora wêruh yêkti nogo iku maring lêbune iblis laknatul-
lah iku, sabab nogo iku lagi angob lawan ngantuk banjur den lêboni cang-
kême nogo iku marang iblis. Malah nora hangroso nogo iku lamun cangkême
dén leboni maring iblis iku, pangrasane koyo harêp ngising bahe, dadi no-
ra wêruh têmên nogo iku maring lêbune iblis laknatullah maring ing suwargo
iku. Malah barêng kadhawuhan bêndu kaget bahe nogo iku nora weruh kang
dadi sababe kabendon, nogo iku weruh kang dadi sababe barêng wus ono du-
nyo. Anapun Kanjêng Babu Khowo iku marmo dadi oleh hapuro iku sabab wus
pêrcoyo maring kang tunggu lawang ing suwargo iku manuk mêrak lawan nogo.
p.11. Lamun salijane Malaekat/utusane Subhanahu wa tangala mongso honoho, manuk

merak

manuk mêrak lawan nogo lamun malêbuho maring ing suwargo, lawan iblis iku bangêt supoto haturiro maring ing Babu Khowo, marmo dadi pêrcoyo manahiro Kanjêng Babu Khowo gofarolahum. Anapun Kanjêng Nabi Adam ngalaihissalam iku marmo dadi oleh hapurane Robbul ngalamin sabab dene têmên2 kêsupen Kanjêng nabi iku maring satruniro iblis laknatullah kang anguzhu billahi minha sakêdhap percoyo maring hature kang garwo Kanjêng Babu Khowo, dennyo kabêndon iku sabab dene nanging pêpeko hanurut maring haturing garwo gofarolahum. Anapun ing wêktu iku Kanjêng Nabi Adam Ngalaihissalam, Kanjêng Babu Khowo Rodiallohu nganhu lawan nogo podho bangêt panangisiro nalongso tobat nuwun pangapuro têlu iku maring Gusti Allah Subhanahu wa tangala kang wahidul kohhar ngaza wa djala, kang sarto podho anutuh kang saliro dhewe2. Anapun hikayat iku maka nuli hono pangapurane subhanahu wa tangala kang wahidul kohhar iku maring Kanjêng Nabi Adam Ngalaihissalam lan Kanjêng Babu Khowo rodiallohu nganhu lawan nogo. Maka tumurun Malaekat Joborail ngalaihissalam/
p.12, iku maring dunyo kang sarto hanggowo marmane subhanahu wa tangala kang wahidul kohhar, kang sarto hanggowo busono têko ing suwargo, busanane Nabi Adam lan Babu Khowo. Maka têko ing ngalam dunyo Malaekat Joborail ngalaihissalam iku kang jinujug ing Yaman, iku hênggon nogo. Dhinawuhan nogo iku lamun wus oleh hapuro, nanging kêrsane Robbul ngalamin tuluso rumêkso ing Adam siro dadiyo têkên, besuk lamun ngarêpake bongso ulihiro maring suwargo. Maka banjur sujud nogo iku sukur rêmo marang prentahe subhanahu wa tangala, ing wuse sujud banjur dadi têkên nogo iku liwat endah ,hingkang warno hanglir kayu kastubo. Banjur ginowo têkên iku maring Malaekat Joborael ngalaihissalam marang gunung Surandhil ing tanah Selan iku. Anapun Kanjêng Nabi Adam ngalaihissalam iku salaminyo kabêndon maring Gusti Allah subhanahu wa tangala tinurunakên têko ing suwargo iku maring dunyo hono ing saluhure gunung Surandhil, iku lênggah ing selo gilang. Rahino wêngi tansah muwun anutuh kang saliro kang sarto tobat nuwun pangapuro Kanjêng Nabi iku maring
p.13. Robbil ngalamin. Maka ing wêktu iku / Kanjêng Nabi nuju bakdo solat Subuh fajar sidiq, Kanjêng Nabi sujud ono ing selo gilang sarto muwun,kasi têlês watu gilang iku. Maka barêng lawan wêtune srêngenge rawuhe Malaekat Joborail ngalaihissalam iku Kanjêng Nabi Adam ngalihissalam maksih sujud, Banjur uluk salam Malaekat Joborail ngalaihissalam iku marang Kanjêng Nabi Adam ngalaihissalam. Maka bangêt kaget Kanjêng Nabi iku, banjur wungu Kanjêng Nabi iku têko ing pasujudaniro. Banjur jawat tangan Kanjêng Nabi Adam ngalaihissalam lawanMalaekat Joborail ngalaihissalam. Ing sawuse jawat tangan banjur dhawuhake malaekat Joborail iku maring Kanjêng Nabi Adam, lamun wus ingapuro dosane Kanjêng Nabi maring Subhanahu wa tangala, nanging den wangêni sewu tahun nabi Adam ono ing dunyo. Lamun wus sewu tahun tinimbalan malih Nabi Adam kundur maring ing suwargo. Lawan pinaringan busono saking ing suwargo lan têkên nogo ing suwargo kang minongko gaman hono donyo. Lawan kinon Nabi Adam iku mbu kain khusnia maleberi, iku têgêse ing/lan ban-
p.14. jur kinon khajji / ing kono Nabi Adam gone kêtemu lawan Babu Khowo. Maka banjur sujud sukur Kanjêng Nabi Adam maring Subhanahu wa tangala. Ing sawuse sujud banjur busono Kanjêng Nabi iku lawan angagêm têken nogo ing suwargo

go

go. Ing sawuse jawat tangan Malaekat Joborail ngalaihissalm iku lawan kan-
jêng Nabi Adam ngalaihissalam banjur musno Malaekat Joborail ngalaihissa-
lam iku têko ing gunung Surandhil ngarsane Kanjêng Nabi Adam ngalaihiss-
lam iku. Maka Kanjêng Nabi Adam ngalaihissalam banjur têdhak têko ing gu
nung Surandhil tanah ing Selan kang sarto ngagêm têkên kaju kastubo ma-
rang Malebari. Maka Babu Khowo kang ono ing gunung Ngarpah ing tanah Syam
iku yo tan bedo panangise koyo kang roko. Mangkono nuli teko Malaekat Jo-
borail ngalaihissalm ing ngarsane Babu Khowo rodiallohu nganhu, banjur
dhawuhake lamun Babu Khowo iku wus ingapuro maring Robbil ngalamin la-
wan pinaringan busono Kanjêng Babu Khowo Rodiallohu nganhu iku têko ing
suwargo. Maka banjur sujud sukur Kanjêng Babu Khowo Rodiallohu nganhu
iku maring Subhanahu wa tangala. Ing sauwise sujud Kanjêng Babu Khowo
p.15. Rodiallohu / nganhu ikubanjur busono, sauwuse busono Babu Khowo iku ban-
jur ginowo maring Malaekat Joborail Ngalaihissalam têko gunung Ngarpah
tanah Syam iku marang Husnia Malebari iku. Anapun hikajat Kanjêng Nabi
Adam Ngalaihissalam iku wus rawuh ing Husnia Malebari, banjur kabênêran
jujug ing Masdjidilharom. Maka mulat Kanjêeng Nabi Adam ngalihissalam
maring kang garwo Kanjêng Babu Khowo iku lamun wus ono ing Masdjidilha-
rom, lan indah kang busono. Mangkono maneh Kanjêng Babu Khowo mulat ma-
ring kang roko Kanjêng Nabi Adam rawuh, kang sarto indah kang busono lan
gêm têkên kayu Kastubo. Maka banjur malajêngi Kanjêng Babu Khowo rodial-
lohu nganhu iku maring kang roko Kanjêng Nabi Adam ngalaihissalam, ban-
jur nungkêmi podo Kanjêng Babu Khowo iku maring kang roko Kanjêng Na-
bi Adam. Petêmone Adam Khowo iku ono ing Masdjidilharom iku marêngi ing
sawuse bakdo Khajji gofarolahum. Maka ing sawuse panggih iku karone nuli
podho sujud sukur mring Gusti Allah Subhanahu wa tangala kang wahidulkoh-
har, lan kang ngaza wa jalla. Ing sauwuse wungu têko sujud karone iku /
p.16. maka nuli têko Malaekat Joborail ngalaihissalam kang sarto anggowo mar-
mane Subhanahu wa tangala maring Kanjêng Adam ngalaihissalam iku,lawan
kang garwo Kanjêng Babu Khowo rodiallohu nganhu, dhinawuhan lamun kêrsa-
ne Robbul ngalamin Kanjêng Nabi iku kinon têtêp ing Mekah iku lawan kang
garwo lan kinon mangun Kanjêng Nabi Adam Ngalaihissalam iku ing qiblatu-
lloh, lan pinaring Kanjêng Nabi Adam iku Kitab sêpuluh,lawan wohing khul-
di ing suwargo kang kari siji iku, banjur kinon maringake maring Kanjêng
Nabi Adam. Kêrsane Robbil ngalamin kinon gawe wiji nanêm ing dunyo lan
pinaringan Kanjêng Nabi Adam iku geni teko ing naroko lawan kudo jalu
hesri têko ing suwargo,lawan dombo jalu hestri iku iyo têko ing suwargo.
Maka wohe Khuldi iku kinon nyuwir2 banjur kinon nyebar, iku dadi cukule
sewu warno sabarang rizeki ing dunyo, iku kabeh têko wohing khuldi suwar-
go kang dadi wiji iku. Anapun hikayat Kanjêng Nabi Adam ngalaihissalam
iku wus lawas olehe den kersakake ono ing ngalam dunyo iku maring Subha-
p.17. nahu wa tangala iku lawan / ingkang garwo Kanjêng Babu Khowo Rodiallohu
nganhu. Maka iyo Kanjêng Nabi Adam ngalaihissalam iku kêrsane Gusti Allah
Subhanahu wa tangala kang wahidul kohhar kang ginawe nyatakake kêrsane

iku

iku tondho lamun ono zat Allah kang ghib. Maka Kanjêng Nabi Adam ngalaihis-
salam iku kang ginawe kenja-tahan anane sipatullah, sabab kêrsane Robbul-
ngalamin Kanjêng Nabi Adam ikunolehe tinurunakên têko ing suwargo maring
ngalam donya iku kersane Subhanahu watangala kinarsakake dadi wijine sa-
rupane makluk kang ano donya , kang podho sipat manungso lan pinaringan no-
mo Kanjêng Nabi Adam ngalaihissalam iku maring Robbulngalamin. Nabi Adam
Kholifatullah wus têtêp jumênêng ing Makah lan kang garwo Babu Khowo. Ana-
pun hikayat Kanjêng Nabi Adam ngalaihissalam iku pakartine ono Makah iku
pande gawe pêrabot sabarang pêrabot ing donya Malaekat Joborail ngalaihis-
salam kang dadi panjake, ing sawuse dadi sabarang perabot ing ngalam do-
nya iku kabeh musno Malaekat Joborail ngalaihissalam iku. Anapun hikayat
p.18. Kanjêng Nabi Adam ngalaihissalm iku saben2 hapêputro Babu Khowo / rodalloh-
hu nganhu iku babar miyos dhampit jaluestri, kang pêmbajêng nomo Kobil nu-
li Habil nuli Kajumutu, kang aken iku ora cinatur namane. Maka ing sawuse
podho balegh kang putro Kanjêng Nabi Adam ngalaihissalam iku, pêrdudon Kan-
jêng Nabi Adam Ngalaihissalam iku lan kang garwo Kanjêng Babu Khowo Rodial-
lohu nganhusulojo kêrsane Kanjêng Nabi Adam iku kang putro den sêlang sê-
ling daupe, dene kêrsane Kanjêng Babu Khowo kang putro iki den dhaupake
hêndi kang dadi barênge lahiré dnewe2, hiyo iku kang dadi tondho lamun wus
den pasthi maring Robbil ngalamin lamun iku jodhone dhewe2 lamun den owah-
hono dadi mundhak hagawe susah iku. Maka podno kêncênge Kanjêng Nabi Adam
Ngalaihissalam iku lan kang garwo Kanjêng Babu Khowo Rodiallohu nganhu ikuu
tan ono kang purun ngawono ing salah sawijine Kanjêng nabi Adam iku lan Kan-
jêng Babu Khowo iku sabab podno nangaku waseso. Maka dadi kebanjur olehe
p.19. pêrdudon sulajane Kanjêng Nabi XXXXX lan kang garwo wêkasan iku dadi / po-
dho gawe ubojo iyo sopo kang nyoto wasêso wus masthi lamun dadi bayi rasa-
ne iku. Maka banjur podho hamêtokake roso Kanjêng Nabi Adam iku lan kang
garwo podho winadhan ing cupu manik hasthogino karone iku winadhahan dne-
we2. Maka banjur podho nunuwun maring Subhanahu wa tangala kang wahidulkoh-
har Kanjêng Nabi Adam Ngalaihissalam iku lan Kanjêng Babu Khowo Rodialloh-
hu nganhu, hêndi kang den kêrsakake masesa marang anak iku mugo2 Gusti
Alloh Subhanahu wa tangala haparingo tondho dadiyo roso iku bayi ingkang
salah sawijiniro. Maka ing sawuse mongso sêmayane ing ngungkapan cupune
Kanjeng Nabi Adam Ngalaihissalam iku rasane dadi bayi lanang, rasane Kan-
jêng Babu Khowo hiyo ing ngungkapan dadi gêtih kempel bahe. Maka banjur to-
bat Kanjeng Ibu Khowo iku maring Kanjêng Nabi Adám, hopo dene maring Rob-
bil ngalamin. Iku tondho lamun wus tan kêno suwolo Babu Khowo iku maring
sabarang kang dadi kersane Kanjêng Nabi Adam Ngalaihissalam ghofarolahum.
p.20. Maka bayi lanang iku dadi / dadi tanpo ibu/pinaringan nomo bayi lanang iku Bagendho Sis,
maring kang romo Kanjêng Nabi Adam Ngalaihissalam.Kaliwat sihe Kanjêng Na -
bi iku maring putrane Bagendho Sis.Hopodene kang ibu Kanjêng Babu Khowo
Rodiallohu nganhu tan kêno pisah karone iku lan kang putro Bagendho Sis
iku ghofarolahum. Anapun hikayat XXXX putro Adam kang hakeh iku dadi hakeh
kang podho susah nora renno maring kersane kang romo mangkono iku harang2

kang

kang renno dadi podho duwe karêp dhewe2 kang wus den pasthi kapire maring Subhanahu wa tangala kang wahidul kohhar utowo kang lagi murtad bahe. Maka podho lungo teko ing Mekkah iku podho rangkat lawan kang barêngane lahire dnewe2 marang dadi sasênênge atine dhewe2. Ana satêngahe anak Adam babad alas gawe dhukun ono káng banjur lungo topo bahe , iku podno lungo teko ing tanah Ngarab, sarupane anak Adam kang podho mangkono iku. Maka ono satêngahe anak Adam iku olehe lungo banget kaduwunge arêp bali maneh ma-
p.21. ring Mekkah iku mapan bangêt / wêdine iku tondho kang maksih ono imane , ono satêngahe bangêt muring-muringe marang Kanjêng Nabi Adam iku lawan kaliwat gêthinge atine iyo iku kang wus den pasthi kapire marang Robbul ngalamin. Ánapun hikayat kang podho lungo topo iku sangking podho gentur tapane kabeh iku dadi biso nyeluman banjur dadi jin kang geting maring Kanjêng Nabi iku dadi jin kapir,kang maksih heling nanging wêdi lamun mulih iku dadi jin Islam. Kang kapir iku dadi wijine kapir kang Islam jin Islam. Mangkono maneh kang podho babad ann alas iku ono kang dadi wijine kapir ono kang dadi wijine murtad dadi warno2 tekade anak Adam iku kabeh kang podno lungo iku. Hopodene dadine malah podho banjur dadi dhukuh kang wus podno dadi jin hopodene kang maksih dadi manungso iku kabeh ghofarolahum. Anapun hikayat Anak Adam kang podno maksih keri iku kang podho renno manut marang prêntane Bopo. Dene putra . . . . nanging keri saduman iyo iku kang aran wong
p.22. / Islam ingkang sahaqiqine sababiku podho manut sabarang kang dadi kêrsane Kanjêng Nabi Adam Ngalainissalam podho renno hanglakoni maring sabaráng kêrsáne Kanjêng Nabi Adam Khalifatulloh iku kabeh. Anapun hikayat putrane Kánjêng Nabi Adam Ngalaihisalam kang nama Bagendha Sis iku wus diwoso malah wus tinurunan kitab tigang doso lan pinaringan nama Kanjêng Nabi Sis Ngalaihissalam. Maka kang romo Kanjêng Nabi Adam lan kang ibu Kanjêng Babu khowo podho susah galiha karone iku sabab wus diwoso durung kromo sabab Kanjêng Nabi Sis iku lombo nora nano jodone. Maka dadi susah galihe kang romó lan kang ibu iku pinuju lenggah katigo ono ing Masjidilharom, maka nuli marmane Gusti Allah Subhanahu wa tangala kang wahidulkohhar Moloekat Joborail Ngalaihissalam kang ingutus tumurun maring donya kang sarto hanggowo Widodari têko ing suwargo namane widodari iku Dewi Sakhiroh,kaliwat
p.23 hendah kang warno hopodene lawan kang busono / kang indah2 têko ing suwargo,
/ Kanjêng Moko pinuju Kanjêng Nabi Adam ngalaihissalam lawan/Ibu Khowo rodiallohu nganhu lan kang putro Kanjêng Nabi Sis Ngalaihissalam lenggah ono ing masjidilharom. Maka rawuh Moloikat Joborail nglaihissalam iku lawan gowo marmane Robbilngalamin , Widodari kang namo Dewi Sakhiroh iku lawan Malaikat kang podho gowo busono. Maka ing sawuse podho jawat tangan kabeh, banjur Malaikat Joborael ngalaihissalam andhawuhake maring Kanjêng Nabi Adam ngalaihissalam lamun Kanjêng Nabi Sis ngalaihissalam iku pinaringan rabi maring subhanahu wa tangala Widodari kang nomo Dewi Sakhiroh iku lawan busono kang indah2 têko ing suwargo. Maka banjur podho sujud sukur katigo iku maring Robul ngalamin, ing sawuse podho wungu teko sujud banjur ningkah Kanjêng Nabi Sis ngalaihissalam lawan Widodari kang nomo Dewi Sakhiroh iku.

Maka

Maka kang dadi pangulu Kanjêng Nabi Adam ngalaihissalam kang dadi waline
p.24. Malaekat Joborail ngalaihissalam kang dadi saksine / sakehe Malaikat kang gowo busono iku. Maka ing sawuse pragat ing paningkahe banjur podho jawat tangan, ing sawuse podno jawat tangan banjur podho musno Malaikat Joborail ngalaihissalam lan Malaikat kang gowo busono têko ing Masjidilharom ghefarolahum. Maka widodari kang nomo Dewi Sêkhiroh iku wus tetep dadi garwane Kanjêng Nabi Sis ngalaihissalam. Hikayat olehe carem Kanjêng Nabi Sis iku lan kang garwo Dewi Sakhiroh salawase iku kaping sapisan. Maka marmane Subhanahu wa tangala banjur bobot Dewi Sakhiroh iku babar miyos jalu langkung suko galihe kang eyang Kanjêng Nabi Adam ngalaihissalam lan kang eyang Kanjêng Babu Khowo rodiallonu nganhu. Moko pinaringan nomo kang wayah iku Bagindho Jamal, hiyo Bagindho Jamal iku kang wus pinasthi maring Robbulngalamin bakal dadi wijine sakehe kang poro ambijo iku kabeh. Anapun hikayat Kanjêng Nabi Adam ngalaihissalam iku kang putro loro kang den pilih lawan
p.25. / kêrsane subhanahu wa tangala kang suwiji gumanti nubuah kapindho gumanti ing lailatul kodri, têgêse nubuah iku kang gumanti marang ing kenabian Kanjêng Nabi Adam ngalaihissalam iku kang kang putro Kanjêng Nabi Sis Ngalaihissalam iku kang den kersakake gumanti. Tegese lailatul kodar iku karatone Kanjêng Nabi Adam ngalaihissalam iku kang den kersakake gumanti kang putro pinaringan nomo Prabu Kayumutu. Maka kang wayah Kanjêng Nabi Adam ngalaihissalam iku wus diwoso kang nomo Bagindho Jamal iku kêrsane kang eyang Bagendho Jamal den dhahupake lawan podho kang wayah iku lawan kêrsane Robbul ngalamin lan kang putro Prabu Kayumutu iku.Maka liwat atut galihe apolokromo Bagindho Jamal iku lawan kang putro Prabu Kayumutu nuli bobot babar miyos jalu pinaringan nomo iku maring kang eyang buyut Kanjêng Nabi Adam ngalaihissalam iku Bagindho Idris. Maka kang eyang buyut Kanjêng Nabi Adam hopodene Kanjêng Babu Khowo iku kaliwat asihe ma-
p.26. ring kang wayah buyut sabab liwat olehe jatmiko Bagindho Idris / iku. Anapun hikayat Bagindho Idris iku malah malah pinaringan kitab maring Robbilngalamin sekêt, ing wêktu iku juswane Kanjêng Nabi Adam Kholifatullah olehe den kêrsakake ono ngalam donya wus sewu kurang sekêt. Maka nuli ono kêrsane Robbul ngalamin iku ingapuro maring dosane Kanjêng Nabi Adam Kholifatulloh iku tinimbalan kondur maring ing suwargo. Malaekat Joborael ngalaihissalam iku kang ingutus tumurun animbali maring Kanjêng Nabi Adam ngalaihissalam iku kondure maring ing suwargo maneh. Maka nora lawas iku antarane Kanjêng Babu Khowo nututi kondur mring rohmatulloah kang mulyo. Kang keri Kanjêng Nabi Sis ngalaihissalam kang têtêp jumênêng ing kenabiane, kang têtêp jumênêng ing kêratone iku Prabu Kayumutu karo iku kang gumanti maring Kanjêng Nabi Adam Kholifatullah printah ing ngalam donya kang den kêrsakake maring Gusti Allah subhanahu wa tangala kang wahidul kohhar gofarolahum, bissawab. Anapun hikayat Kanjêng Nabi Sis ngalaihissalam iku w
p.27. wus kersane Robbul ngalamin dilalah têko nora / marêm galihe iku lamun nora koyo kang romo Kanjêng Nabi Adam ngalaihissalam, sababe salirane nyatane iku olehe den kêrsakake maring subhanahu wa tangala ono ing donya iku nora liwat margo ino. Maka dadi kesah Kanjêng Nabi Sis ngalaihissalam maring ing jabal sur iku, anunuwun Kanjêng Nabi Sis ngalaihissalam iku maring Gusti Allah Subhanahu wa tangala kang wahidul konhar kang ngusa

wa jalla, kang sarto ametokake roso koyo kang romo, mangkono winadhahan
ing cupu manik asthogino. Maka ano marmane Robbul ngalamin iku tumurun Ma-
laikat Joborail ngalaihissalam iku kang tumurun maring ing jabal sur, iku
panggih lawan Kanjeng Nabi Sis ngalaihissalam ing sawuse jawat tangan iku.
Maka sabdo Malaikat Joborail ngalaihissalam iku maring Kanjeng Nabi Sis nga-
laihissalam laman panuwune Kanjĕng Nabi Sis iku wus nora den lilani lamun
koyo salirane mangkono, sabab ing ngalam donya iku wus cukup, den lilani panuwune
p.28. Kanjĕng Nabi Sis ngalaihissalam iku Yogo arane ngalami iku pinaringan/na-
nging ngalam antoro. Tĕgĕse ngalam antoro iku ing sandhuwure jin sangisor-
ing Malaikat den arani iku. Den paringi aran Dewo besuk turune iku Batho-
ro lawan ono besuk kang den kĕrsakake lahir karaton ing ngalam donya iku
ing tanah Jowo. Maka lamun lahir ing donya ono ing tanah Ngarab iku wus
tan kalilan Subhanahu wa tangala. Ing sawuse dhawuhake kĕrsane Robbul nga-
lamain maring Kanjĕng Nabi Sis ngalaihissalam banjur jawat tangan Malaikat
Joborail ngalaihissalam iku banjur musno. Maka banjur sujud Kanjĕng Nabi
Sis ngalaihissalam iku maring Subhanahu wa tangala sawungune tĕko sujud
iku Kanjĕng Nabi banjur ningali cahyo iku tĕko ing ngawang-awang manjing
cupumanik asthogino. Maka banjur ingungkaban cupu iku maring Kanjĕng Nabi
roso iku dadi bayi lanang banjur ginowo kundur bayi iku maring Kanjĕng Na-
bi Sis ngalaihissalam. Pinaringan nomo bayi mring Kanjĕng Nabi Yang Nur-
=nabi Sis cahyo. Maka ing sawuse diwoso Yang Nurcahyo iku winejangan mring kang ro-
p.29. mo Kanjeng iku Yang Nurcahyo ing sabarang kersane Robbil ngalamin. Maka
sawuse pertela Yang Nurcahyo iku banjur pamit marang kang Romo Kanjĕng
Nabi Sis ngalaihissalam , ajun kesah mangun topo wus ingideni Yang Nurcah-
yo iku mring kang romo banjur lungo munggah ngargo Yang Nurcahyo marang ing
Jabal Sur iku namane kang ngargo,maksih ono ing tanah Mekkah. Yang Nurcah-
yo iku olehe hanggenturake tapane. Titi tamat. Hikayat Kanjeng Nabi Adam
Ngalaihissalam wallohu a'lam bissawab ghoiarolahum.Allohu huwa ya Robbi Ya
ghofur 2.- Anapun hikayat kang minongko wijine sarupane mahkluking Gusti
Allah Subhanahu wa tangala kang wahidul kohhar kang nguza wa jalla iku sa-
rupane kang ingaran dewa-dewi bathoro-bathari iku nora liyo kang den kĕr-
sakake minongko dadi wijine iyo nanging Yang Nurcahyo iku. Anapun hikayat
Yang Nurcahyo iku wus lawas olehe hanggenturake tapane ono ing Jabal sur
tanah Mekkah iku,nora mengeng hadhĕpe marang Robbul ngalamin Yang Nurcahyo
iku.salawase ono ing Jabal sur iku. Maka wus yogo Yang Nurcahyo iku ono ing
p.30. Jabal sur tanah Mekkah iku mĕtu lanang pinaringan nomo Yang Nurroso./Wus
diwoso Yang Nurroso iku .maka ono marmane Subhanahu wa tangala maring Yang
Nurcahyo iku lawan kang putro Yang Nurroso Malaikat Joborail ngalaihissalam
kang tumurum maring ing Jabal sur iku kinon dhawuhake marang Yang Nurcahyo
iku lamun tan kalilan Yang Nurcahyo iku ono ing tanah Ngarab. Maka tĕko Ma-
laikat Joborail ngalaihissalam iku ing Jabal sur kĕtĕmu lan Yang Nurcahyo
apadene lan kang putro Yang Nurroso, Malaikat Joborail ngalaihissalam nab-
do marang Yang Nurcahyo lawan Yang Nurroso Malaikat Joborail ngalaihissalam:
„lamun tan klilan siro ono ing tanah Ngarab sabab karsane Subhanahu wa ta-
ngala, siro iku satĕngah wus jisim alus. Marmo dadi wus tan kalilan lamun

melok

melok koyo manungso mangkono siro ono ing ngalam dunya, dene kêratun pinaringan siro maring Robbil ngalamin ing ngalam antoro. Tegese ngalam antoro i-
p.31. ku ing Suroloyo/dene araniro iku pinaringan aran dewo lamun kang wadon iku besuk dewi araniro iku. Maka lamun wus tumurun maneh siro iku turuniro iku aran bathoro kang wadon bathari lan ing donya pinaringan lahir sathithik siro iku, kraton tanah Jowo iku kang dadi wiji iku turuniro dene arane iku besuk kang lanang putro kang wadon putri araniro. Maka pinaringan drajat siro siro maring Subhanahu wa tangala ing sanduwuring jin sangisoring Malaikat iku nugrahaniro, lan pinaringan bolo siro maring Robbil ngalamin sarupane jin kang becik2 iku kang wus padho angganter tapane iku pan linilan lamun milihono siro gawaneno marang ngalam antoro. Maka pinaringan aran ba - laniro jin kang pilihan iku sarupane kang wus siro gowo marang ing ngalam antoro iku dewo-mambang araniro,turune besuk iku jin-mambang araniro lawan pinaringan Nurcahyo siro lan saturuniro iku kaluwihan maring Robbil ngala-
p.32. min iyo opo kang dadi panuwuniro wus masthi lamun tinurutan siro iku/ lawan saturuniro maring Subananahu wa tangala. Nanging lamun nuwun nurbuah siro wus tan kalilan lawan saturuniro iku nanging lailatul kodari. Maka banjur sujud Yang Nurcahyo iku lan kang putro Nuroso maring Robbil ngalamin. Sawuse tangi karone iku teko ing sujude banjur ginowo karo iku musno teko ing ngalam dunya maring ing ngalam antoro iku Malaikat Joborail ngalaihissalam ingkang gowo iku. Maka ing sawuse teko ing ngalam antoro iku arane kang bakal negoro iku kraton ing Ngondar-andir buwono arane iku maring Yang Nurcahyo lan kang putro Yang Nuroso nuli musno Malaikat Joborail ngalaihissalam iku teko ing ngalam antoro. Maka banjur nênuwun Yang Nurcahyo iku lan kang putro Yang Nuroso iku maring Gusti Alloh Subhanahu wa tangala kang wahidul kohhar kang ngaza wa jalla kraton lan sakehe ingkang saniskara. Maka banjur tinurutan panuwune Yang Nurcahyo lan kang putro Yang Nuroso iku kêdhaton ing Ngomdar-andir buwono iku 2 ing Junggring saloko arane Pagĕ-/
P.33. /-laran iku Bale si Mêrcu kundho arane iku. Maka ing sawuse iku nuli Yang Nurcahyo iku utusan máring Yang Nuroso kang ingutus milihi sakehe kang jin iku kang wus podho gêntur tapaniro. Maka jinurung lampahe Yang Nuroso iku oolehe milihi sakehe jin lanang wadon kang wus podho gêntur tapaniro kaben iku ginowo maring Yang Nuroso manjing ing ngalam Antoro iku. Ma-ka sawuse podho toto pêrnahiro sakehe jin lanang wadon iku ono ing ngalam antoro iku kabeh kang wús podho gêntur tapaniro sakehe jin iku kabeh lanang wadon. Maka banjur pinaringan nama sakehe jin lanang wadon maring sang Yang Nurcahyo jin iku dewa mambang kang lanang kang wadon dewi mambang, lan wus sinung karyo dhewe2, Dewo mambang dewi mambang iku marang sang Yang Nurcahyo iku. Anapun kang dadi lurah dewo mambang iku wus pinilih maring sang Yang Nurcahyo Yang Mpu Ramadi iku lurahe sakehe mambang pande. Yang Siwah iku lu-
p.34. rah sakehe mambang kemasan. Yang Sakri / iku lurah mambang carik. Yang Gono iku lurah sakehe mambang gagawan. Yang Gonggo iku lurah sakehe mambang tukang . Yang Badhung iku lurah sakehe mambang jaga. Yang Antabogo iku lurah

sakehe

sakehe mambang juru rekso. Yang Baruno iku kang minongko Wadono sakehe mam-
bang iku kabeh. Maka ing sawuse toto kratone sang Yang Nurcahyo iku ing nga-
lam antoro kang Nagoro iku ing Ngondar-andir buwono kêdhaton Jonggring sa-
loko Paseban Bale si Mêrcu Kundho iku saben2 dino Senen Kemis miyos sang
Yang Nurcahyo lan kang putro sang Yang Nuroso iku ono bale si Mêrcu kundho
sinebo sakehe kang poro dewo, Yang Baruno kang minongko Patihiro iku. Maka
ing sawuse lama2 sang Yang Nuroso iku mapan wus hajogo priyo liwat ladakirô
tan hering marang kang eyang lan kang romo,sang Yang Wenang namaniro,sam-
bodo jinurung saho sakêrsane prang wadono,dayo hering kang eyang Sang Yang
Nurcahyo opodene kang romo sang Yang Nuroso iku. Maka ing lama2 sang Yang
p.35. Wênang iku karyo suwargo lawan naroko pinunging maring kang ejang / sang
Yang Nurcahyo lan kang romo sang Yang Nuroso nanging sang Yang Wênang ma-
pan wus nora keno,dadi podho susah manahe kang eyang lan kang romo iku sa-
bab wus angroso karo iku lamun holeh bêhêndune Robbul ngalamin. Maka ing
sadino2 dewa mambang nambut karyo naroko iku ing ngaranan iku hendhut si
Bale Gedobo, lan pinasangan ing pinggire iku sukêt sulanjono kang ginawe
sukêt sulanjono iku mapan sakehe brojo. maka ing sandhuwure hendhut si Ba-
le Gedobo iku dinokonan uwot, kang ginawe uwot iku wesi wot si hogal-hagil
kang wot iku harane. Lan lawang kang marang ing suwargo iku watu kang gi-
nawe iku biso mêngo minep dhewe lawang selo matangkep lawang iku araniro.
Kang suwargo iku ingaranan suwargo iku ing Tejomoyo. Maka kang ingaranan
naroko iku henggone kang piniloro dene kang ingaranan suwargo iku henggone
sakehe Widodari. Dene kang ginawe Widodari iku sakehe anak mambang iku pi-
p.36. nilihan kang maksih prawan kang aju2 rupane. Maka sang / Yang Wenang iku ma-
pan wus hajogo priyo liwat yatmiko Sang Yang Tunggal namaniro. Nuli ono
bêbêndune Subhanahu wa tangala sabab dene olehe gontho2 suwargo naroko sang
Yang wenang iku sang Yang Nurcahyo sang Yang Nuroso iku nora gêlêm amaseso-
marang wayah lan marang putraniro iku. Maka dadi katut kinêlêm sang Yang
Nurcahyo lan sang Nuroso iku katigo lan sang Yang Wenang, hiyo sang Yang
Wenang iku kang dadi purwo bebêndune Robbil ngalamin. Têgêse kinêlêm iku
sirno margolaju tan karuan parane. Maka kang keri Sang Yang Tunggal iku ka-
liwat ajrihiro marang Subhanahu watangala kang wahidul kohhar. Opodene de-
wo mambang iku kabeh sabab podho krungu maring panangisiro sang Yang Wenang
lan sang Yang Nuroso lan sang Yang Nurcahyo nanging tan karuan pêrnahiro.
Maka sang Yang Tunggal iku kaliwat ing prihatiniro nuli miharso suworo: "Hen
sang Yang Tunggal siro hojo susah hatiniro sabab nora melu kabêndon siro
p.37. maring Robbul ngalamin nanging eyangiro loro iku lawan ramaniro, sabab /
olehe gawe suwarga lawan naraka, nanging mangkana iku
wus nora linilan, iya sira ruwat iku. Dene rama nira - besuk lamun
eyangiro karo iku wus ing ngapuro marang Subhanahu watangala iku hiyo tung-
gal lawan siro. Maka sang Yang Tunggal dupi miharso suworo mangkono iku lan
dumêling ujare kang suworo banjur sujud sukur maring Robbul ngalamin lan ba-
nget wêdiniro sang Yang Tunggal iku marang Robbil ngalamin sang Yang Tung-
gal iku malah gawe panêpen ing Ngendrosampurno arang2 miyos siniwoko lan
kondur maring kêdhatoniro ing Jonggring saloko sang Yang Tunggal iku.Maka
sawus yogo sang Yang Tunggal iku malah papat yuganiro sang Yang Tunggal iku.
Kang sêpuh sang Yang Puguh namaniro nuli sang Yang Punggung sundhulaniro
sang Yang Pangadi iku nuli sang Yang Caturbojo iku warnaniro wus mempêr

kang eyangbuyut sang Yang Nuroso hopodene solah sêbawanya kuciwo,Catur kang
Bojo yo iku kang sinihanmaring kang romo tur ginadhang gumênti noto marang
p.38. kang romo / sang Yang Tunggal iku, sang Yang Catur bojo. Anapun kang pu-
tro papat iku sang Yang Tunggal kang kinon tunggu kêdhaton ing Jonggring
saloko. Dene Kang romo sang Yang Tunggal iku nora kondur tahapi ono Ngen-
dro sampurno bahe iku saking kawuse mênowo kabendu koyo kang romo sang
Yang Wênang iku marang Robbul ngalamin. Dene kang sinebo lamun Senen Kemis
iku onó bale si Mêrcu kundho iku maring sakehe dewa mambang iku hiyo na-
nging kang putro papat iku bahe. Maka lawas2 iku pêrdudon kang putro sang
Yang Tunggal loro iku rêbut maseso iku sang Yang Puguh lan sang Yang Pung-
gung. Sabab sang Yang Puguh iku ngandêlakên lamun tuwo,sang Yang Punggung
iku ngandêlakên lamun pintêr. Iku nora nóno kang gêlêm ngalah podho wani-
ne banjur tukar,iku tan honó kuciwo, dadi rusak ing Jonggring saloko sa-
jrone kêdhaton iku. Maka geger sakehe dewa mambang podho amisah iku nora e
keno, bánjur podho ingamuk pisan dadi podho bubar, bubar sakehe dewa mamba
bang hopodene panangise kang widodari sabab suwargo2 iku podho rusak. I-
p.39. ku olehe aprang sang Yang Puguh lan/Sang Yang Punggung sabab barang brojo
iku tan ono kang tumomo marmo dadi ing sakêtêmuniro kajon2 podho binêdhol-
an iku mapan ginawe hagêgêbugan. Soko sanggar binêdolan podho ginawe gegêe
bugan, sanggar2 podho bubrah ting balengkrah. Sang Yang Pangadi sang Yang
Sobo iku podho melu misah mekso nora kelar malah banjur ingamuk pisan
malah kongsi pitung dina sang Yang Puguh iku oleh yudo lan sang Yang Pung-
gung, rino wêngi tan ono kang kuciwo lawan goro2 angin sindung gumuruh ing
Suroloyo, dewo widodoro widodari podho geger hawurahan gumuruh suwarane,
iku tambuh 2 kang podho den ungsi. Maka Sang Yang Baruno heling lumajar
atur uningo(marango)marang ing Ngendro sampurno, langkung kaget sangaYang
Tunggal ing ngaturan pirso iku mring Yang Baruno, jen kang putro kalih iku
poncokoro. Nuli Tedhak sang Yang Tunggal teko ing Ngendrosampurno,sadhelo
rawuh ing Jonggring saloko. Iku nuju sang Yang Puguh lan sang Yang Pung-
gung kuwel denira yudo iku. Maka banjur sang Yang Tunggal iku kang putro
cinandhak sakalihe iku lawan langkung bêndune sang Yang Tunggal iku mring
p.40. / kang putro sakalihaniro saking bangête panjêpêngiro sang Yang Tunggal
iku mring kang putro karo iku podho erem muko badaniro,karo iku podho na-
ngis nuwun apuro maring kang romo iku. Nanging sang Yang Tunggal wus nora
keno. Moko banjur sang Yang Tunggal iku kang putro binuang sakarone iku m
marang ing marcopodo. Yang Punggung iku tibo ing tanah Jowo, Yang Puguh
? iku tibo ing tanah Tanjowo, padho amalih rupane karone iku podho liwat
holo kamo,bangêt nangis nuwun pangapuro iku maring kang romo. Nuli karo
iku podho hangrungu suworo lamun karo iku podho kinon hangêmongo , Yang Pu-
guh iku kinon ngêmong Ratu Tunjowo Yang Punggung iku kinon ngêmong Ratu
ing Tanah Jowo. Dadi karo iku podho meneng panangisiro wus podho nrimo
iku kang dadi takdire hawakiro. Maka sang Yang Tunggal iku nuli milih
maring kang putro kari loro iku ing ngadêgakên Noto jumênêng ing Jong-
gring saloko mengku ing Ngondar-andir buwono iku. Kang putro sang Yang
Saba ing ngestrenan sagung dewo iku ing Suroloyo hono bale si Mêrcu kun-
p.41. dho lan pinaringan nomo kang putro / sang Yang Sobo iku maring kang romo

Bathoro Nilokontho sabab iku pethak tengkukiro lan Bathoro Catur bojo sabab iku papat tanganiro lan Bathoro Guru Noto sabab iku Ratu ngiras pandnito. Maka sang Yang Papado iku kërsane lang romo sang Yang Tunggal kinaryo sangandhapiro pinaringan nomo Bathoro Kaneko putro, sabab iku dadi pataren lan Bathoro Narodo sabab iku waspodo tingale têrang tan kaling ngalingan. Ing sawuse prentah sang Yang Tunggal iku banjur musno teko ing si Mêrcu k kundho kundur maring ing Ngendro sampurno. Kang keri sinebo ono ing Bale si mertja kanda iku Sang Yang Giri Nata lan kang roko Sang Yang Kaneko putro lan sagung kang para dewa, mambang pepak sohan mungging ngarsa, ing sawusnya iku sagung saniskara Yang Guru iku nora sewaka. Maka ing sawuse lama2 yang Guru iku mapan wus jago kang sepuh Batara Brama arane. Batara Endra nuli Batara Basuki waruju Batara Wisnu iku kang bagus dhewe
p.42. lir jumertt pamelune, iya iku kang kinasihan dhewe marang kang rama / ginadhang gumanthi Nata. Ana maneh putranira Yang Nila kanthe, nanging iku dudulehe jaga kaya kang putra papat iku, patutanira lawan kang garwa Yang Batari Durga iku, Batara Kala namanira lawan iku rupa buta. Maka Yang Kaneko iku iya wus jaga kang sepuh, Batara Surya, Batara Bayu arinira Batara Sambu, nuli Batara Mahadewa wuragil Batara Yamadipati iku, iya rupa buta kalawan liwat sembada, lawank ana manungsa lara, iku banget genture tapanira tansah manggung iku, gawe gara2 ana ing Marcapada, banjur jinupuk iku maring Yang Narada Mayoretna namanira, iku lawan Bisawarna ginawa marang Suralaya iku, banjur ingambil jaga marang Sang Yang Jagatnata lan karo iku liwat bagus warnanira. Majoratna iku pinaring--an nama Batara Asmara, Bisawarna pinaringan nama Batara Kamajaya. Maka nuli ana kersane Sang Yang Tunggal, Batara Guru iku kinon amijeni Ratu ing Marcapada iku ing Tanah Jawa. Kang putri Batara Brama iku kang pinilih
p.43. marang Sang Yang Tunggal iku lawan wus karsane / Sang Yang Wisesa Yang Bremani namanira, nuli tinurunken marang ing Marcapada Yang Bremani iku. Yang Narada kang kinon ngiring lawan sagung para dewa lan putra iku teka ing Marcapada lan sagung kang para dewa iku. Maka ing Gilingwesi iku kang Dji nujug pinilih ginawe praja iku maring Sang Yang Narada ing sawuse dadi banjur jumengken Ratu, Yang Bremani iku, maring Sang Yang Kaneka--putra nuli padha sujud manungsa kiwa tengening Gilingwesi iku. Yang Narada ingkang Nata sawuse tata Yang Narada banjur musna lawang sagung para dewa mulih maring ing Suralaya. Yang Bremani wus tetep jumeneng Nata iku ana ing Tanah Jawa ing Gilingwesi negaranira iku. Maka ing Suralaya iku kang cinatur manen Yang Guru iku darbe sengkeran wanadya wus tan ana mepere ing Suralaya Marcapada maneh, lamun anaha kang meper nanging angsale wanodya iku wohing kayu kastuba iku pinetik siji iku maring Yang Nilikanta banjur pinecah dadi widodari anglir inten pamulunya nanging maksih cilik durung mangsane pinaringan nama iku maring Batara
p.44. Guru iku Dewi Sri, banjur ginaduhake Dewi Sri iku maring / Batara Surya, sabab maksih cilik Batara Guru iku nora tahan mulat maring warnanira iku Dewi Sri saking ayunira marma ginadukake iku maring Batara Surya, Maka putrane Yang Guru kang bagus dhewe iku kang nama Yang Batara Padmanaba iku ameng ngameng maring wismane Batara Surya. Dewi Sri iku wus dewasa iku panuju pada kersane tinembung ature Batara Surya sumangga nanging Yang Nilakantha kang kagungan dadi wedi Batara Surya iku lamun

angulungna iku. Maka Batara Wisnu iku kudu meksa bae banjur ginawa Dewi Sri iku maring ing wismanira Batara Wisnu ing Jenggala manik, [Dewi Sri iku] lan wus banjur carem Dewi Sri iku lan Batara Padmanaba lewat dennya sih sinihan Batara Wisnu iku lawan Dewi Sri, Maka lawas 2 krungu Batara Nilakanta iku lamun wus ginawa sengkeranira iku Dewi Sri
p.45. maring putra Sang Yang Padmanaba maring kayanganira / kang putra ing Jenggala manik, dadi hanget bendune Sang Catur Baja iku maring Batara Surya, apadene marang kang putra Batara Wisnu banjur nimbali Sang Yang Catur baja iku maring kang raka Sang Yang Kaneka putra banjur kinon buang Yang Narada iku mring Batara Wisnu iku teka ing Suralaya maring ing Marcapada lawan Dewi Sri iku kinon misah panggenanira. Maka wus teka Batara Narendra iku ing Marcapada kang sarta anggawa marang Batara Wisnu iku dinokok ing gunung alit iku. ana guwane ing gunung alit iku liwat asri Kawiryan, arane guwa iku guwa Upas banjur kinon mangun tapa
/wa Batara Wisnu iku maring kang/Batara Narada ana ing guwa iku. Dene Dewi Sri iku sineleh ing Gunung Lampit, iku iya ana guwane guwa wesiane iku. Banjur kinon mangun tapa Dewi Sri marang kang wa Batara Narada ana ing guwa wesi iku. Ing sawuse pada manggon karone iku banjur mulih Sang Yang Kaneka putra iku maring ing Suralaya. Anapun hikayat Sang Yang Wisnu Batara Salaminyo
p.46. iku ana ing Marcapada iku binuang teka ing Suralaya iku / lan pinisah iku lawan kang garwa Dewi Sri iku nora mijil2 ana sajrone guwa Upas iku, lenggah ana ing Selagilang tansah muwun nunuwun maring Sang Yang Wiji Wasesa kang sarta lawan Sang Yang kang ngemong sakehe wijing manungsa kang sarta lenggah sila tumpang kang asta kanan sĕdakĕp aneng jojo anutupi kang asta kering nurut wentis kering kang sarta anyepengi jempol suku kanan lining sukma salira mari karungu pranyata wus amenda jati nis kala. Maka wus amor lawan dewane Sang Yang Wasesa iku. Batara Wisnu dadi lare nora lare siji nora siji, Sang Yang Padmanaba iku lawan Sang Yang Wiji Wasesa dadi wus jumbuh iku lawan Sang Yang Amisesa tuwuh. Mangkana maneh kang garwa Batara Wisnu iku ana ing sajrone Guwa Wesi Dewi Sri iku mapan ya wus nora beda kaya kang raka mangkana sabarang tingkahe sabab iya lare iku ingkang wus den pasthi maring Gusti Allah Subhanahu
p.47. wata 'Ala kang wahidulkohar kang Ngaza wajala iku kang dadi / wahyune karaton donya iya kang lahir ing Tanah Jawa ya Batara Wisnu iku kang ingaran masa tanpa una kasi teka ing jaman akir iku iya nora kaselawan karaton Jawa iku kang pinaringan maring Robbil'Alamin nanging Sang Yang Sri Sadana kang wus pinasthi anduweni ing Tanah Jawa. Anapun Batara Brama iku kang putra minangka wadah, Batara Wisnu iku dadi kang minangka isine, upama badan Brama iku Wisnu kang dadi nyawane, upama kembang Brama iku Wisnu kang minangka ambune, iya Sang Yang Wisnu iku kang minangka laitul kodar ing Tanah Jawa. Tamat hikayat ing ngalam Antara Wallahu A'lam Bissowab. Anapun hikayat ing Tanah Jawa iku kang dadi keraton wiwitan iku ing Gilingwesi kang dadi Ratune iku kang putra Batara Brama ingkang nama Bremani iku apeputra Trikanan, Trikanan iku apeputra Manumanungsa, Manumanungsa iku apeputra Manik Mahadewa, Manik

Khofiun

Mahadewa iku rusak negarine ing Gilingwesi, maka Prabu Manik Mahadewa
p.48. iku sedane/buta. / Getih Banjaran iku arane butane; garwane Dewi Sul-
-astri arane iku lagi bobot tuwa, banjur lumajar Dewi Sulastri iku,
nora kasi kacandak maring buta. Dewi Sulastri iku maring ngalas banjur
manjing guwa. Maka kahanaran iku guwa Wesi arane. Dene kang ginawa
lumayu maring Dewi Sulastri iku, nanging pusaka telu iku panah Sarutama
lan keris Kalomisani lawan Aji Cupu Manik ing sawuse teka ing guwa iku
banjur babar Dewi Sulastri iku miyos kalu sakehe Widodari iku kang
pada nulungi. Maka walagang bayi iku ingaranan Raden Sutopo maring Sang
Yang Kanekoputra bayi iku, sabab banjur tapa bahe ana ing Guwa Wesi iku,
liwat gentur tapanira, ing sawuse diwasa iku krama, nuli puputra lanang,
Raden Sakri namanira, diwasa nuli krama peputra Raden Sakutrem. Raden
Sakutrem iku puputra Raden Palasara, iku puputra Raden Abiyasa. Abiyasa
p.49. iku peputra Pandu / Dewanata, iku dadi Ratu ana ing Ngastina. Pandu
Dewanata iku peputra Sang Ngarjuna. Sang Ngarjuna iku p apeputa Sang
Angkawijaya. Sang Angkawijaya iku apeputra Parigesit. Parigesit iku
apeputra Gendrayana. Gendrayana iku apeputra Udayana. Udayana iku ape-
-putra Kandihawan. Kandihawan apeputra Jayamisena. Jayamisena iku ape-
-putra Jayamijaya. Jayamijaya iku apeputra Prabu Selacala. Iya Prabu
Selacala iku kang nama Sang Yang Prabu Sindula bagus maksih taruna anom.
Iku nora kena ing tuwa, nanging cacade iku tanpa sastra, wus kersane
Gusti Allah Subhanahu Wata 'Ala kang Wahidulkohar Ngaza Wajala. Anapun
ing wektu iku ing Tanah Jawa tampa babendune Robbil'Alamin kinelem ing
Tanah Jawa. Tegese kinelem iku bersih, ora ana jalma iku. Pada salin
rupa berkasakan ana kang dadi buron alas kang pada agalak2 iku kabeh,
nanging keri Sang Yang Prabu Sindula, iku wus kersane Subhanahu Wata
'Ala kang maksih kari iku, mangun tapa ana ing sajroning Guwa Terusan
p.50. iku sabab wijine Ratu Tanah Jawa. / Bermani iku maksih keri rineksa
siji iku maring Robbil'Alamin. Nanging ing Guwa Terusan iku wus kaya
ing Surabaya, nanging cacade tan ana calma sabarang ingkang saniskara.
Tamat hikayat purwa wallahu a'lam bissawab gofarolahum. Anapun hikayat
Kangjeng Sultan ing Rum ikut tampa wangsite Gusti Allah Subhanahu Wata
'Ala kang wahidul kohar kang ngaza wajala Kangjeng Sultan ing Rum iku.
Maka nuli nimbali Kangjeng Sultan ing Rumi iku maring sakehe kang para
nakoda, sabab Kangjeng Sultan ing Rum iku kinon ananemi wong ing
Tanah Jawa kersane Robbil'Alamin. Kangjeng Sultan durung pirsa pernahira
ingkang aran Tanah Jawa iku. Marma dadi animbali sakehe kang para nakoda,
sabab nakoda iku ingkang lepas paranira manawa ana kang weruh ing Tanah
/ing Jawa. Maka matur sakehe nakoda iku maring Kangjeng Sultan/Rum, lamun wus
pada weruh ingkang aran Tanah Jawa, nanging sepi iku nora ana jalma
tana ana wani ngambaha, sabab sanget wingitira. Maka mundut Kangjeng
p.51. Sultan ing Rum iku jalma rong laksa /somah iku banjur pada kinon sumekta.
Ing sawuse sumekta jalma rong leksa somah iku, nuli kinon mangkat kabeh
iku maring ing Tanah Jawa. Sawuse teka ing Tanah Jawa, jalma rong laksa
somah iku banjur pada tata wisma wong rong leksa iku. Durung nganti
tata banjur berkasakan iku pada amangsa maring jalma rong laksa somah,

apadene..

apadene sakehe buron ngalas kang pada galak2 iku kabeh ingkang pada amangsa mring jalma kang rong laksa somah iku. Maka banjur wong ing Rum kang rong leksa somah iku kari rong puluh somah iku, banjur lumayu ~~xx~~ mulih maring ing Rum ngaturi wuninga iku maring Kangjeng Sultanx ing Rum. Sawuse katur Kangjeng Sultan ing Rum iku kaliwat ing
p.52. bendunira maring ngilange wong rong laksa somah iku. Maka banjur / Kangjeng Sultan iku animbali marang sakehe kang para ngulama, pandita, sarip, sayid, khukumo mahuleme iku, kabeh pada kinon maring Tanah Jawa kang sarta ginawan tumbal iku maring Kangjeng Sultan ing sawuse pada teka ing Tanah Jawa kabehx iku. Maka banjur pinendeman tumbal iku kabeh den prenca olehe ~~om~~mendem kang tumbal iku prentahe Kangjeng Sultan ing Rum iku, ing Gunung Tidar, ing Gunung Ulule , ing Gunung Jamurdipa, den waratani sakehe kang hanggar2 ing Tanah Jawa iku kabeh pada pinen-deman tumbal kang sarta lawan dunga iku. Maka tinarima pandongane kabeh iku marang Robbil'Alamin, nuli obah Tanah Jawa iku kabeh, uter gumeter pratiwi gumledeg ingkang suwara sakehe gunung ing Tanah Jawa, peteng dedet sabewana lawan bareng panangise sagung berkasakan lawan buron ingkang pada amangsa jalma iku. Gumuruh ingkang suwara malah kasi pitung dina grahana wulan lan surya. Ing sawuse meneng iku sakehe suwara banjur padang sang ing ngarka ~~biru~~ byar padang ing Tanah Jawa iku kabeh. Maka banjur pada mulih marang ing Rum sakehe Sarif, Pandita iku, angaturi wuninga marang Kangjeng Sultan lamun wus padang ing Tanah Jawa, banjur mundut
p.53. Kangjeng Sultan iku maring jalma rong laksa somah maneh, lawan tinind/-ihan kang santana loro iku pada sadulurira, kang tuwa Seh Makurat ingkang nama Seh Tugur arinira, lawan wineling Seh Makurat iku maring Kangjeng Sultan ing Rum lamun tan kalilan Seh Makurat iku lamun jumeneng Nata dewe ana ing Tanah Jawa, sabab Ratune ing Tanah Jawa iku maksih ana arane Prabu Sindhulo iku, sira golekana tapa ana ing sajrone Guwa Terusan arane guwa iku, wus nora kena kersane Robbil'Alamin, kang pinasti dadi Ratu Tanah Jawa, Nanging sira kang ngembanan. Ing sawuse wawelingnya Kangjeng Sultan ing Rum iku ~~banjur mangkat marang Tanah Jawa~~ maring Seh Makurat iku lawan wus samekta jalma rong leksa somah iku banjur mangkat marang Tanah Jawa. Sawuse teka ing Tanah Jawa kang jinujug ing Mendang banjur pada tata wismax sakehe wong ing Rum iku; ana ing Mendang sawuse tata wisma kabeh, maka banjur Seh Makurat lan Seh Tugur iku angupaya marang kang aran Guwa Terusan iku. Panuju katemu ing Guwa Terusan iku lawan sabalane Kangjeng Sultan ing Rum, banjur malebu Seh Makurat lawan
p.54. Seh Tugur iku. Maka pinuju katemu Sang Yang / Sindulo iku lenggah ing ~~Ke~~Gedung kawaca banjur ingaturan miyos teka ing Guwa, Sang Yang Sindulo maring Seh Makurat lan Seh Tugur iku teka ing Guwa Terusan, jumeneng ing Mendang iku.

Anapun hikayat kala jumenengira Sang Yang Prabu Sindulo iku ing Mendang karatone, Seh Makurat iku kang dadi Patihe, salin namanya Dipati Mangkurat lawan Seh Tugur iku iya nama Dipati Tugur. Iku ing

Tanah

Tanah Jawa liwat rejanira lan wus lawas anak kumanak wong rong leksa iku, branahan warata ing Tanah Jawa iku kabeh. Maka Sang Nata Prabu Sindulo wus paputra jalu sajuga iku liwat sambada dasar gagah tur sudira, pinaringa-an nama iku maring kang rama, Sang Dewata Cengkar, iku namanira, kaliwat
? dennya bek-karuna, liwat wedi sakehe wong Mendang iku maring Raden Dewata
? Cengkar iku. Wus diwasa sering habeka marang kang rama iku kudu jumeneng Nata ingkang Rama durung pitaya. Maka lawas2 Raden Dewata Cengkar kudu maksa, wus kersane Subhanahu Wata'Ala lamun bakal kasalin sadela karaton
p.55. Jawa kang rama kudu pineksa /. Nging maksa Nata Sindula olehe nora tega marang kang putra. Maka lama2 Raden Dewata Cengkar iku kurda maring kang rama Sang Nata Sindulo iku, den gadani maring kang putra siat siut pangg--itiknya dadya bendu Nata Sindulo iku maring kang putra kawedal kang pang--andika: " Heh, ya Dewata Cengkar, sira muga aja sira lumrah jalma nulya munya jumegur ing gegana." Nulya musna Nata Sindulo kundur malih maring guwa, nging Patih Mangkurat kang tan keri lan Nalendra iku lawan rabinira lagi meteng tuwa rabine Ki Patih Mangkurat iku melu lunga, Ni Kasihan arinira iku. Maka banjut manak ana satengahe ngalas iku nora ke--temu lawan kang lanang iku, metu lanang anake Rara Kasihan iku ingaranan Jugulmuda, kang keri ing Mendang iku pada banget susahira. Samusnane Sang Ratu Sindulo lawan Patihira, Patih Mangkurat iku, mangkana maneh Raden Dewata Cengkar iku saklangkung keduwungira tinilar maring kang rama kang sarta manggalih supena, langkung tobat maring kang rama nuwun kang
p.56. pangapura nanging / iku mapan wus nora kena balang tiba kang upama. Maka
? wus mupus Raden iku, karsanira kalamun kersane Dewa apadene wong Mendang kabeh iku, banjur jumeneng Raden Dewata Cengkar iku Nata ing Mendang, Prabu Dewata Cengkar iku namanira, Patihira maksih lama Dipati Tugur, nanging iku pan wus tuwa. Maka wus puputra Prabu Dewata Cengkar iku, langkung bagus warnanira kang lawan jatmika, pinaringan nama maring kang rama iku Raden Daniswara, dene kang rama Prabu Dewata Cengkar iku, dadi teka ing supata kala dingin Sang Yang Prabu Sindulo. Saben2 dina dahar jalma, lan datan kersa wong tuwa iku, pada maksih jajaka lan kang bagus2 rupa -nira iku, tan kena towong sadina2, yen towong sadina bae malah kang putra
? den Daniswara iku, asring ayun minangsa lawan uyang kang salira iku, dadi rusak maneh ing Tanah Jawa liwat banget iku pada kasusahanira, apadene Dipati Tugur iku sabab nora kena towong sadina saosanira jalma iku marang Sri Nalendra.

p.57. Anapun hikayat kala ing wektu / iku ing Tanah Jawa marengi ing Tanah 'Arab kang kinarsakake jumeneng Kalifatullah maring Gusti Allah Subhanahu Wata'Ala kang Wahidul kohar kang ngaza wajalla pinuju iku Kangjeng Nabi Mohamad Abibullah Sallollahu 'Alaihi wasalam kang mustafa fijun. Anapun kang hikayat Kangjeng Nabi Mohammad Sallollahu Alaihi wasalam iku lima sahabat kang kinasihan iku, kang dingin Sayidina Abubakar sidiq rodiallohunganhu, kaping pinda Sayidina Ngumar faruq rodiallohu nganhu, kaping telu Sayidina Ngusman dunurini rodiallohunganhu, kaping

pat

pat Sayidina Ngali Mirtodon sufiyullah rodiallohu nganhu, kang kaping
? lima Aji Saka kang binedon kena maring laknatullah. Anapun Aji Saka iku
marma dadi tinudung iku sabab dene angguru2 maring hidayil laknatullah
Kangjeng Nabi Mohamad rosulullah sallollahu 'alaihi wasalam iku den hewani
? pakone iblis laknatullah iku tinarka lamun kena hilaf Kangjeng Nabi iku.
Angsala manjing ing watu iku mentas ing ngutus banjur nora matur sabab
p.58. oleh guru anyar tur luwih pangrasane / iku. Maka matur Abubakar sidig
rodiallohu nganhu: " Kados pundi Gusti, tandanipun umat Tuan kenging ing
rencanane iblis, lan iblis angsalipun saged amor ngiliminipun lawan
ngilmi Tuan X Sabab iblis sampun tan kenging iblis punika lamun tumingal
? dumateng ing ngelmi Tuan hak kang godim ? " Maka ngandika Kangjeng Nabi
Mohamad Rosululloh sollollohe ngalaihi 'wassalam kang mustopi iku maring
kang paman Sayidina Abubakar sodig rodiallohu mganhu: " Anapun ngelmune
Subhanahau Wata'Ala kang ginaduhaken maring iblis iku, rong perkara
? kang minaka dadi prabating iblis iku akal lawan sulap loro iku, lamun wus
ngupul dadxi istijarat. Maka lamun ana anak Adam paningale, pangrungune,
? kelindih iku, banjur manjing marang atine, iya iku ngalamat anak Adam
kang wus kebidung marang iblis laknatullah, dadi kraket ngelmune iblis
kang rong perkara iku ana ngatine Adam iku, mapan wus dadi iblis. Lamun
p.59. arep pada weruh sira iku kabeh / marang anak Adam kang wus kena maring
iblis kang wus den aling2ngi ngelmune dewe kang hak tur kadim maring
? Robbil'Alamin, mara pada macaha tangawud, maka nuli pada maca tangawud
sakehe sahabat iku,"Banjur katon Aji Saka iku lungguh sanding watu
kang sarta nangis, banjur ngandika Kangjeng Nabi Mohamad s.m. iku: maring
pada " Maring para sahabat $ iku kabeh, pada sira nontona iku rupane
? anak Adam kang wus hilang ngelmune kang godim."Maka banjur pada akaget
sakehe sahabat iku kabeh lamun lungguh sanding saka kang sarta nangis lawan
salin ingkang rupa ireng kang sarta bingus2 lan akeh wulune dadi mangka-
? -raga wulune sagung kang para sahabat iku. Maka banjur matur Sayidina
Abubakar sadig: " Sabab punapa pun Aji Saka makaten punika ing g nguni
Tuan utus ? " Mesem Kangjeng Nabi Mohamad rosululloh sallollohu alaihi
wassalam iku ngandika marang kang paman Sayidina Abubakar sodig rodia-
p.60. -llahu nganhu: " Iya iku rupane / anak Adam kang wus pinudut ngilmune
? kang godim, liru ngelmu anyar iku sabab anggu2ru ing ijajil laknatullah
? iku, lan banjur den kon ngewani iku maring ingsun. X Maka banjur
malebu ing saka, watu, iku den arani nora weruh ingsun marang sabarang
polahe,"Dene idajil laknatullah iku sakiki iya wus nora pisah ana ing
atine Aji Saka iku, dadi wus dadi kapir laknatullah sak-iki iku. Maka
dadi sangsaya pada amangkiting wulune para sahabat iku. Aji Saka iku
banjur kinon nundung maring Kangjeng Nabi Mohamad s.a.w. kinon lunga iku,
teka ing Tanah Ngarab, tobat nangis Aji Saka iku nuwun pangapura kang
sarta banget panalangsane, nanging Kangjeng Nabi wus tan kersa sabab
? iblis laknatullah iku wus manjing ana atine Aji Saka iku lamun pinaten
Aji Saka iku wus dadi kersane Robbil'Alamin. Aji Saka iku dadi kurungane

iblis

iblis, lamun maksih ana ing Tanah Ngarab nora wurung lamun angusuhi maring ing Agama Islam. Marma kinon nundung bahe Aji Saka laknatullah.
p.61. kang angudubillahi minna maring Kangjeng Nabi Mohamad rosulullah / kang mustafa. Tamat wallahu A'lam bisawab gofarolahum Allah ya Rabbi ya gafur 3.

Anapun hikayat Aji Saka salungane tinundung iku maring Kangjeng Nabi Mohammad s.m. iku tanda lamun wus den pasti kapire marang Subbanahu wata 'Ala. Aji Saka iku, mangkana usike atine lamun nora lunga teka ing Tanah Ngarab pasti lamun den pateni, lamun mati sabab wus tan oleh apura, pasti lamun nemu siksa, sabab wus den pasti lamun kapir ingsun,
? sanadyan nemahi siksa ingsun Takesane lamun aken rowange iku dadi guna arane. Maka banjur lunga Aji Saka iku teka ing Tanah Ngarab gennya ngambara
? Aji Saka iku jinujug iku pule banjur katemu maneh Aji Saka iku lawan gurunirax Malaekat Idajil laknatullah ana ing pule iku, banjur nangis Aji Saka anungkemi marang padane gurunira Malaekat Ijajil Laknat-
? -ullah. Iku maka Mojar Ngijajil Laknatullah iku lawan gumuyu suka
p.62. Ngijajil: " Wus meneng kulup sun tuturi sira / barang lakunira mangkono iku mapan wus karsane Suhhanahu wata 'Ala sira iku pinilih ana dunya ginawe animbangi maring ing ngagama pan kaliwat bejanira kolo batur dene koneo ? sayektine iku mapan pada kulup lawan Nabi iku sira. Nanging kang mangiwa iku bahe sira angganana tur iku mangsa bedaha iya pada kagungane Robbil 'alamin panengen lawan pangiwa ingsun kang momong mring sira saenggon-enggonira iku, kulup ingsun mangsa tegaha sanadyan Nabi iku nyawa Mal-aekat Jobarail kang rumeksa, ingsun rumeksa ing sira, pan iya nora kux kuciwa, wus payo mring Tanah Jawa sengkakake mupung suwung nora ana Nata ing Tanah Jawa gelar ngelmu pangiwa wus masti gelis warata, ing Ngarab mangsa payuha kelamun ngelmu pangiwa kejaba ing Tanah Jawa wakesane iku, pan mangsa bedaha ngelmu panengen lawan kang pangiwa, bab beja lawan cilakaxx du2man pan mangsa kenaa, anggere wong ana donya pan xxg angger numpang kewala dadi lega atinira. " Winejang kaya mengkana ya iku Sang Aji Saka iku. Maka banjur minggat maring ing Tanah Jawa
p.63. teka ing / pule iku pan lara sahabatira pan Dara lan Sambada wus teka ing Tanah Jawa niskara Iku, aneng marga iku kabeh tan winarna.
? Dene kang jinujug maring Aji Saka ing Gunung Merapi, banjur maring Gunung Sindara iku banjur Gunung Kendeng kang sarta muruk2 marang sakehe ngelmu apadene lang kang sastra rong pulun arane aksara. Ikilah
? rupane kang minaka dadi wijine, anacaraka iku tegese: " ana kangkonan, data sawala iku tegese padu kang den kongkon, pada jayanya iku tegese pada wanine lara iku, maga batanga iku tegese wakesan tukar sampyuh bareng mati pada dadi batang iku kehe cacahe kang aksara ing aranan sastra
? Jawa lawan pasaran iya iku ingkang lima kunir awak tanpa jalu. Yaiku awitnya ana aksara Jawa lan pasaran kang lalima." Maka banjur akeh wong kang pada malebu iku maring Aji Saka wong ing Tanah Jawa iku. Apadene ngelmu rasa iku kang winejangake maring Aji Saka wong nitis lan kang nrititis ?

p.64. ? nrititis tritis ngamdihin lan / buka raning Panglilingan iku kabeh tan
[illegible]rep wewaya-ngira Aji Saka, maka dadi maring Dipati Tugur iku. Banjur tinimbalan Aji Saka iku maring Adipati Tugur iku, banjur manjing guru Dipati Tugur iku maring Aji Saka. Nanging wedi Dipati Tugur, manawa konangan mring Sang Nata nora wurung pinudut dinahar gurune iku baburanira iku bagus meksih jejaka. Maka banget trisnanira Dipati Tugur iku maring Sang Pandita dinelikaken ing pangonan kang kiwa iku omahe rondho Sengkaraning akeh wong Jawa pada teka guru2 maring Sang Pandita iku sabarang ngelmu ka--luwihan wus tan ana cuwa apa kang dadi sakarepe jalma lawan bagus, anom, ingkang warna wus kembar lawan Raden Daniswara, nanging ladak Sang Pandita anteng Raden Daniswara iku, lawan jatmika. Maka lawas2 iku kapirasa maring Nalendra lamun Dipati Tugur iku simpen Pandita liwat bagus maksih jejaka
p.65. banjur kinon nimbali,/ nanging Dipati Tugur iku lewat habat manahira,
? sabab wus kinira lamun tan wurung minangsa gurunira Sang Pandita iku maring Sang Nata. Maka temu Dipati Tugur lawan Sang Pandita mangkana panedinira lamun dangan Sang Pandita kinon lunga bilahi ing wektu iku,
? mapan sinangga ing lara lawan palastra, supradene pan wus tuwa Sangking tresnanira Sang Dipati Tugur iku maring gurunira Sang Pandita iku, Maka Sang Pandita dupi miharsa lamun Dipati Tugur iku mangkana ing ngaturiba langkung suka lawan latah guyanira lawan nabda: " Kalamun sumangga karsa sanadyan silih den dahara, nging Bapa dingin matura, iya maring Sri Nalendra, yen dangan ingsun naneda bumi nging sahiket jembar milike
? kewala, nging tana ingsun angga lungguh sadela lan wong Mendang kumpulna kabeh, age Bapa iya wongsanegara, darapon pada weruha janjiningsun lan Sang Nata, nging Bapa dingin matura iku. " Maka nuli matur Dipati Tugur iku maring Sang Nata sabarang ingkang niskara panuwunya. Sang Pandita
p.66. gumuyu / latah Nalendra tinurut Sang Pandita niskara panuwunira. Dipati Tugur anulya medal nambung tengara, tan antara pepak kabeh wong Mendang tan ana kang kari juga. Nulya miyos Sang Prabu Dewata Cengkar iku maring ing Pegalaran iku, maka nuli ~~tanya~~ teka Sang Pandita maring Tugur Dipati: " banjur katur kang iket marang Sang Nata gumuyu latah Nalendra pan banjur kinon jerenga kang iket iku kaliwat omba mapan wuwuh2 jalma marang kang nyekeli iket iku nora entek2 ambanira dadya kapindha Sri Nalendra mingser2 lenggahira iku, malah teka ~~ing~~ iku jalma Sanagara kang melu jereng iku kang iket sangsaya amba. Langkung bingung Sri Nalendra kadhesuk marang iket iku pan jerengnya lan jalma kinon suraka prentahnya Sang Pandhita tan dadya gumuruh eter kang suwara iku. Mapan wus kersane Sang Yang Wasesa langkung bingung kuwur manahira lawan giris miharsa suraking jalma iku. Maka banjur lumajeng Sang Nata marang ing pinggir Samadra ingkang iket iku meksa maksih amba kebanjur Sang Nata kagebyur ing samadra nuli salin /
p.67. warnanira iku Sang Nata baya putih lir salaka iku, dingin supatane ingkang rama Sang Yang Nata Sindulo, marmane iku dadi kenda ana ing
? papacitraka iku salin ingkang warna Sang Prabu Dewata Cengkar iku neng samudra mapan bingung ing saparan2ira. Anapun ingkang keri iku ingkang putra Raden arya Daniswara iku, banjur binuru kinuyo-kuyo prentahe

Sang

Sang Pandita , mapan liwat kawelas arsa pinada kidang menjangan tan ana wani kanggonan, lamun ana kang welas kandeg kampiran linud ing ? kutukan sadosanira marma liwat kawelas arsa iku Raden Daniswara, nanging panakawan loro iku ingkang trisna anderek sapurugira Raden Arya Daniswara pun Baulat lawan pun Beja karo iku aranira. Maka ana pitulunging Dewa kabeneran Raden iku lampahira ketadatone ingkang eyang Sang Yang Nata Prabu Sindulo ing Guwa Terusan iku lawan nuju menga ingkang lawang banjur manjing Raden putra Daniswara iku lawan loro panakawanira, banjur tapa p.68. nendra Raden iku ana ing Gedong Kuwaca panakawan loro iku / pada melu turu ana dagane wus tan ana kang oban2 gennya nedra telu iku, Salawase ana ing Guwa Terusan iku.

Anapun hikayat ing Mendang, Sang Pandita iku banjur jumeneng Nata ana ing Mendang, Patihira maksih Dipati Tugur nora owah namanira Sang Pandita Aji Saka ikut ing sawuse jumeneng Nata ana ing Mendang iku, ajejuluk Sang Yang Prabu Jaka Mudik Batara iku, kaliwat kerta ing Tanah Jawa pulih kaya duk jumenengira Nata Sindulo ing Mendang iku sakehe jalma sukarenna maring Sang Yang Prabu Jaka Mudik Batara dasar Ratu pinandita malah banjur karya jalma marma sangsaya wedinira iku sakehe wong ing Tanah Jawa marang Nata Mudik Batara iku, lawan darbe putra Sarpa Naga Linglung Tunnggulwulung aranira, agengnya Sasuta Arga angin Guwa Cangkemira, kin--arya pangiran Dipatya iku. Maka Sang Prabu Jaka Mudik olehe karya jalma ? iku ing Mendang premiresan ing kono, memehanira kala durung aking tapelnya p.69. iku. Lamun wus aking tapel iku / nuli pinajingan nyawa kang kinarya nyawa maring sarupane tapel iku sarupane nyawane jalma kang wus pada mati kang den dahar dhingin maring ing Nata Prabu Dewata Cengkar iku sinuhun binalekna kabeh iku. Maka linulu Prabu Jaka iku maring Robbil'Alamin, dadi wus pada bali nyawane ingkang mati iku, sakabehe kang dinahar maring Prabu Dewata Cengkar iku dingin kabeh iku dadi pada bahe wekasane kang mangan wong lan gawe wong iku ingsi2 kunira sabab Prabu Jaka iku duwe banyu urip teka Malaekat ngijajil laknatullah kang aweh iku. Lamun wus aking tapel iku nuli tinitisan tapel iku ing nyawa, urip tapel iku pada ngadegake wong tangi mentas turu suwe, mangkana tangine tapel iku. Maka wus akeh olehe agawe wong Prabu Jaka Mudik Batara iku. Dene kang angladeni oleh gawe tapel Prabu Jaka iku. Nanging sabat loro iku si Dora lawan Sambada sakehe wong Mendang kabeh pan nora kena lamun weruha maring panggawene sakehe tapel iku, nanging agawe pamemahan bahe lang p.70. ngamek lempung iku ginawe wong Mendang. / Maka ing sawuse dadi tapel sewu iku Dora,Sembada dadi lurahe marang sarupane wong gawehan iku kabeh, kang jaga maring Prabu Jaka. Kang putra Pangeran Dipati Linglung iku kinon tapa maring ngarga mring kang rama Prabu Jaka iku. Maka bareng lawas olehe tapa naga Linglung iku awake wus nora ketara sabab kecukulan sa--kehe kayon2 lan suket2 tan dadi wus kaya gunung bae. Mangkana nuli ana bocah angon telung puluh kehe bareng ngudan kaliwat derese iku pada lumayu arep ngahub karepe bocah telung puluh iku maring guwa iku kabeh. ? Maka banjur ing ngikeman bocah iku maring naga Linglung dasar ngelih. Banjur katur maring kang rama Prabu Jaka iku, lamun kang putra mangkana

iku

iku, banjur bendu Prabu Jaka mring kang putra Naga Linglung iku, banjur
? den pantek ing wuse cangkeme naga Linglung iku mring kang rama Prabu
Jaka, banjur musna naga Linglung iku dadi Watune Seluman iku ana ing
? kesanga iku kang dadi panengeran kongsi samengko iki lamun kurda ing
p.71. kesanga naga Linglung iku wus pasti / lamun ana aprang gede ing Tanah
Jawa iku.

Anapun hikayat ing Guwa Terusan iku: Raden Daniswara iku
ingkang lagi atapa nedra lawan loro panakawanira pun Bejo lawan Baulat
iku wus lawas nora ana kang obah2 ana ing guwa Terusan iku mapan wus
? suwung kunarpa katelune iku. Maka kamiwelasmen kang eyang Sang Yang Prabu
Sindulo iku marang kang wayah Raden putra Daniswara iku, nuli cinoba
? kang wayah, Waragana loro iku kinon goda maring kang wayah Raden putra
Daniswara arane Dewi Sangkaningrat lawan Dewi Mayangkara iku tegese wara-
-guna iku wawayangane ing Widodari ing suwarga. Maka karo iku Waragana
Sangkaningrat lawan Mayangkara prapta ing Kedung Kuwaca, banjur goda maring
Raden putra Daniswara ingkang lagi tapa nendra mapan aken salahe waragono
? nanging Raden eca nendra mapan wus minda kunarpa. Waragono nuli musna
matur maring Sang Yang Prabu Sindulo: " Yen kang wayah wus tan kena",
Miyos Nata Sindulo iku maka banjur rawuh Sang Yang Sindulo pernah
p.72. ? gedong / kuwaca ing gone kang wayah nendra iku. Ana ing kentil kencana,"
ngandika Sang Yang Nata Sindulo: " Wus kulup, sira tangia, " Raden putra
Daniswara lamat-lamat mirarsa suwara iku ana ing sajrone gonnya nendra,
banjur wungu Raden putra, wus tan samar ing tiyasira lamun iku nyata
kang eyang Nata Sindula kang canya lir Dewangkara. Maka banjur Raden
putra nungkemi pada Sarya karuna, ngandika Sang Yang Sindulo: " Sapa
ingsun dene anyukemi pada sira." Matur, Raden putra Daniswara: "Panduka
? lu2 maring tanah Jawa", pan estu Sang Yang Nata Sindulo dadya mesem kang
wayah rinangkul nulya ingaras ingkang mustika iku, lawan ngemu waspa
Sang Nata Prabu Sindulo, Raden putra sangsaya wuwuh genira karuna lamun
iku kang eyang nyata. Maka ngandika Sang Yang NataSindulo: " Wus kulup,
sira menenga pan wus kersane, anging iku wus bejanira mungsunira Ajmi
Saka kersane Yang Wasesa nyelani kuraton Jawa iku nanging telung warsa,
ing mengko mapan meh teka kulup, iya telung warsa lan pinaring sira iku
p.73. /maring Sang Yang Wasesa." Loro iku Waragono, Sangkaningrat, Mayangkara,
nanging mengko durung mangsa lamun sira caram cuwa, tinimbalan nulya
prapta Sangkaningrat, Mayangkara ing ngarsa Sang Yang Sindulo
karo iku Waragono, ngandika Sang Yang Nata Sindulo: " Karo iki
rabinira nging mangko iya dadi korabi amung eweda ing besuk sakerepira
yen wus mulih mring Mendang sira lawan maneh ngawulaha iku ingkang dadi
marganira bisa mulih manen kulup mring Mendang sira ing tengan ngalas
ana ronda2, kasihan arinira iku, mapan darbe anak lanang nging sajuga
Jugul Muda, aranira Panukulan, kang alas nyawa kidul wetan pernahira
rabinira iku loro Waragono, Sangkaningrat, Mayankara dimekne nusul
kewala, wus nuli sira mangkata mapan iki wus wektu lamun sira tata2,
panakawanira iku pada sira gawaha. " Wus musna Prabu Sindulo lawan loro
kang Waragono. Raden putra keri gono ana ing gedong kuwaca gugah mring

panakawanira

panakawanira karo iku maksih nendra daulat lawan pun bejo ri wus tangi
p.74. karonira. Raden medal / sangking guwa lestari ing lampahira ngidul
ngetan sangking guwa tan nging sagung pringgalaya nusup2 tatapa marga
Bejo Daulat neng ngarsa iku. Maka ana padang katingal pan iku babadesanira
aran Dukuh Pacukilan iku, ana wong sijimamatun gaga tinakonan maring
pun Bejo lamun weruh ingkang aran alas Panungkulan kang wisma ronda
Kasihan. Sahureki Pacukilan lamunyx nyata ana kang aran alas ing Pan-
-ungkulan wismane ronda Kasihan iku darbe anak sawiji wus jaka tuwa
Jugul Muda ingkang aran pan kaliwat arah pan kaliwat kesedira iku.
Baligang baligung datan nyandang kang sinadang kulite kayu sabukipun
yodoyodan kang ngawak anglir kena tinanduran adus iku mapan datan
gelem pisan, sing ngriki mapan wus celak inggih wana punika kang tengah
nama wana Panungkulan ngidul ngetan punika lurus kewala." Mesem Raden
putra Daniswara nuli banjur lampahira.

Anapun hikayat ing Panungkulan kang wisma ronda Kasihan iku
ana satengahing alas hadah helor kidul wetan nora tengga nora rewang
p.75. nanging / lawan anakira lanang siji iku kaliwat ing kesedira, anandura
iku maning lamun gelema bubut suket bahe iku nora gelem pisan tekonira,
doyan turu, doyan mangan, dene wismanira kala dingin kang gawe iku
bokira dewe namung sedeng (in Mss: Nanging setdeng) lawan anakira iku
bahe, malah mengko iku bubran Biyan lampu kataroceahan iku nora gelem
lamun ambenerake marang wismanira lawang ngira nanging menga angupelik
nanging setdeng wong brangkang suket petung iku lawan suket merakan
kang minaka pagera iku balu kesibukan payonira. Iku ketrocohan, Jaka
Judul Muda iku lampu minggat bahe nora lunga lir dinusan nanging siji
titipanira, Jaka Judul Muda iku ajrih tahu mring ing bmiyangira sabab
lamun seneni iku maring bok Rando, banjur turu bahe ing sagonira den
seneni iku ngrikel kodanan lan kapanasan iku nora obah2 bayi malih
tuwa tansan dadi gawening biyung. Maka lamun Bok Rondo marang pasar
adolgm godong iku apa ing saoleh2ira iku banjur pinangan bahe Bokira
p.76. malah tanoman. Ing wektu / iku lagi ninis Nyahi Rondo Kasihan lawan
anakira Jugulmuda iku, mojar Bok Rondo: " Ingsun iki kepingin temen
sira inguni eling duk suwargine ramanta warahe kaya dingin iku
duk suwargine ramanta: Anak ingsun Jugulmuda angawulaha mring Mendang iku
Gustimu dewe, "Maka sumahur Jaka Jugulmuda;"Bok biyang, ingsun tan arsa
lamun ngawula Ratu birawa mangan jalma karyanira, nora ajeg kang ngadil
pisan." Mojar maneh Nyai Rondo: " Ingsun kulup ngrungu warta ingkang
jumeneng ing Mendang iku sakhiki wus salin Aji Saka arane, bagus, anom,
dasar, adil, palamarta iku. " Maka mojar Jaka Jugulmuda: " Bok biyang,
ingsun tan arsa iku satru tanyun kx ngawula mami lamun liya tedak
turane Gusti Prabu Sindulo iku. Besuk Bok biyang ngawula ingsun lamun
ana panjenengan iya iku Ratu Adil kang ngenama. " Mojar Nyai Rondo iku:
" Talah besuk apa ingsun iki wus sayah temen nyawa? " Maka sumahur
Jugulmuda: " Ingsun tuturi mahu bengi ingsun ngimpi, biyung ngemban
p.77. rare nyangga wulan lawan / angon maring sarupane kewan2 iku kabeh iku

kabeh

kabeh pepak lawan gawa pecut, ingsun biyung iku bahe entenona manawi ana wananane. " Maka mojar Nyai Rondo kang sarta gumuyu:xxxx " Suka kaya apa anak ingsun Jugulmuda impen iku olehe ngeteni, ingsun iki wus kesel temen oleh ingsun pingine marang sira manawa keselak mati ingsun iki kepingin temen sira ingoni. " Maka sumahure Jaka Jugulmuda: " Payo pada mupus bahe Bok biyung sapuluh2 kapriye ta Bok biyung lamun durung teka ing janjinira iku binurua iku, iya angacati, durung nganti tutug olehira. " Acacaturan Jugulmuda iku lawan Nyai Rondo Kasihan iku. Maka banjur ana wong celuk2 atakon dalan, nuli lumayu Jugulmuda iku mapag kang sarta atuduh dalan banjur ketemu Jugulmuda iku lawan Raden putra Daniswara apadene Nyai Rondo, tan keri Daulat lawan pun Bejo, ing sawuse lenggah Raden putra iku. Maka papat iku salin pangrasanira, mojar Jaka
p.78. / Jugulmuda: " Kanca2 den tata titihan dalem iku, kondurna maring gedogan mrana lan jali jempana iku pada prenahna. " xxxx Mojar Nyai Rondo: " Sakehe prakasti iku pada banjur malebuha maring gedaton bahe," Mojar Daulat, Bejo : " Kanca2 den tata kang dadi penguat kanan kering kilurah kang dadi dada." Mesem Raden Daniswara miharsa kang pangucap papat iku. Maka papat iku bareng wus pada eling, banjur pada gumuyu suka tan antara rawuhira Sang Yang Nata Ratu Sindulo tatedak sangking jumantara anglir pindah sangking Ngargax Sangkaningrat,Mayangkara lir wulan kaping sudama lawan Mangkurat Dipatya iku anderek maring Nalendra. Sarwauhnya Sang Yang Nata Ratu Sindulo, papat mitenggengen samya lir angipi caturnya tan ana kang bisa ngucap papat iku. Maka nulya Raden putra Daniswara nungkemi padanira kang eyang Nata Ratu Sindulo ing ngaras ingkang mustaka, ngandika Nata Ratu Sindulo: " Jugulmuda, Bapakira iku teka:xxxx" Nulya
p.79. Jaka Jugulmuda nungkemi pada sudarma lan sanget panangis / -ira, atanapi Nyai Rondha lir paweh terang kalihnya sabab lami tan kapanggya, Nyai Rondha nora nyana kelamun Kyai Dipatya pan iku maksih aneng donya iku. Maka ing sawuse padha tata manahira ilate mang keret iku, lawan Nyai Rondha. Kasihan katri jaka Jugulmudha, ngandika Sang Yang Nata Sindhula marang jaka Jugulmudha: " Iya, Jaka Jugulmudha, wayahingsun Daneswara sira iku kang ngembanana ulihira maring Mendhang, iya katempuh iku maring sira, sabab ingsun Bapakira iku kang ngadegaku Nalendra ing mengko ka- -tempuh sira putuningsun." Daniswara mangkana pun Jugulmudha mapan tan saged matura lir rinemed jajantungnya sangking trenyuh atinira angadeg suraning driya nyata jaka Jugulmudha, mangkana Nata Sindhula minta maring Yang Wasesa kedhaton lan saniskara, mangkana datan antara omahira Nyai Rondha musna, banjur liru praja yaksa tan kurang lan kang niskara dadya jenger kacaturnya ngandika Sang Yang Sindhula iku marang kang waragana lo
p.80. -ro iku Sangkaningrat Mayangkara wus / karo
ika ing mengko
tur sandika , ngusung gantya2 marang Narpa Nata Sindhula kabeh iku lan marang Mangkurat Dipatya wus warata, nulya musna Ratu Nata Sindhula tan kantun Kyai Dipatya kendal mring kedhatunira Sangkaningrat Mayangkara iku, Waragana kang tinilar kabeh, mapan kari Waragana mangkana pan wus tan winarna sagung ingkang saniskara, ambujung enggaling kondha, aken jalma kiwa tengen prapta marang Panungkulan samya pinilihan kang prayoga, mapan sewu ketara sumekta gamaning yuda nging kari nganteni

mangsa bahe angkatira maring Mendhang iku. Anapun hikayat ing Mendhang, jenengira Sang Yang Prabu Jaka Mudhik Bathara, pan meh ganep telung warsa olehe nyelani keraton ing tanah Jawa iku, nuli miharsa warta lamun ing ngalas Panungkulan iku dadi praja nnimbali Tugur Dipatya sarupane wong Mendhang kinon ngalurugake, Tugur turnya sandika pan nulya nembang tengara
p.81. nanging Ki / Tugur iya wus miharsa warta lamun iku rayinira dhewe kang dadi Patih, iya arane Jugulmudha anak Ni Rondha Kasihan iku pan kaponak--ira, dadi Ki Tugur Dipatya nora melu anglurug mapan sangadinya loro, lawan nyata luwih tuwa lan ajrih wewelingnya Kanjeng Sultan ing Rum iku,. Maka lamun Tanah Jawa nora kena sawijah wong dadi Nata, lamun liya turu--nira iku Sang Yang Nata Sindhula lan sarupane wong Mendhang iku. Mangkana ing tiyasira anglir Ki Tugur Dipatya jrih jeng Sultan wawelingnya lewat ewuh kabeh iku sarupane wong ing Mendhang iku atinira, sabab Ratu aprang lawan gurunira dadya kendha kabeh iku ing tiyasira, aja nora anglakoni aprang bahe kabeh iku ing tiyasira. Maka Jaka Jugulmudha iku mapan wus miharsa warta lamun wong Mendhang anglurug bakal merang Panungkulan lan wus teka kang samya nujoni ing telung warsa, pan banjur nembang tengara pepak kabeh wong Panungkulan lan samekta gegaman yuda Pacukilan pangirid-
p.82. -nya. Beja / Daulat tindhira wong kang ngirid, wus budhal ing Panungkulan iku, nuli kapapak dalan, Panungkulan lan wong Mendhang iku nora nganggo perang pisan wong Mendhang iku, banjur lumayu buyar ting salebar sakarepe dhewe2 rebut paran arang kang mulih bali iku marang Mendhang. Maka Dipati Tugur iku angaturi uninga marang Sang Yang Prabu Jaka Mudhik Bathara, lamun asar juritira bendunira Sang Yang Prabu Yaka Mudhik Bathara, nuli tapel sewu ingkang kinon dandan nging padha kinon baris ing ngalun-alun bahe lawan angupula Dora Sembada kang dadi tindhihe iku. Maka Beja Daulat wus ngaturi uninga lamun lanang ingkang yuda, banjur mangkat Raden Putra iku bodhal teka ngalas Panungkulan lawan Yaka Jugulmudha iku maring Negari ing Mendhang lawan kang garwa loro iku kang Waragana Sangkaningrat, Mayang -kara, tan keri iku Nyai Rondha Kasihan, wus rawuh Negari ing Mendhang ing ngalun-alun iku, banjur campuh aprang Tapel iku kalawan wong Panung-
p.83. -kulan tan kawawa ~~iku~~ /

iku

p.83. / iku sakehe wong Panungkulan aprang lawan Tapel. Maka nabda Jaka Jugul-
-muda iku ngawaki aprang lawan Tapel sewu iku lawan Bejo Daulat kapat
lawan Pacukilan, Bejo Daulat iku wus panggih lan Dora Sembada Tapel sewu
iku kang ingamuk marang Jugulmuda iku lawan Pacukilan ginarumung Jaka
Jugulmuda~~ik~~ iku ~~lawan Pacukilan~~ maring Tapel sewu nging tan kewran iku
lawan Pacukilan pada rubuhting sulayah anggelasah Tapel sewu iku, tanapi
Dora Sambada iku iya wus kasaran mungsuh lawan Bejo Daulat iku. Maka
mulat Prabu Jaka Mudik Batara iku gelasan lan Dora Sembada kajodi iku
lewat bendu nuli namber Prabu Jakamudik Batara iku kakuncara ing tawang
kang sarta anggawa banyu urip banjur kinapiyuran banyu urip Tapel kang
pada mati iku, lan Dora Sembada iku banjur pada bareng uripira iku kabeh.
Maka saben2 mati iku nuli den sirati banyu urip Tapel iku apadene Dora
Sembada banjur pada urip maneh iku kasi pada nangis papat iku sangking
p.84 kakune atine lamun pasaha / ing braja papat iku kaya wus ajur kinarubut
ing Tapel sewu iku. Maka Mulat Waragono loro iku Sangkaningrat Mayang-
-kara iku lamun Prabu Jakamudik Batara iku ana ing gegona kang sarta
anggawa banyu urip, banjur ngambara Waragana loro iku Sangkaningrat,
Mayangkara, Dewi Sangkaningrat iku kang sarta mateng gandewa kang sitra-
-sura wasesa wus lumbepas jayatapa iku, banyu urip kontal nulya sing
ngasta Sang Prabu Jaka cinandak mring Mayangkara banyu urip pan wus kena
binuwang samudra maring Dewi Mayangkara banyu urip iku. Maka Prabu Jaka
iku nulya sahilange banyu urip iku kontal teka ing pita lan mulat Tapel
wus sirna kalawan Dora Sembada pan gelasan bangkenira iku, liwat karda-
--nira Sangkaningrat, Mayangkara, binuru tumurun prapta ing ngarsane
Raden putra nututi Sang Prabu Jaka tumurun mapan wus panggihya Aji
Saka lan Raden putra kapanggih samya dikdaya angadu braja rong dina wus
tan ana kang kuciwa mapan nuli ngadu pangabaranira nging Aji Saka nging
p.85. Aji Saka kuciwa ngantekan sa / gendingira nging maksa kudu kuciwa bahe
Aji Saka lawan Raden putra. Maka Malaikat ngijajil laknatullah wus was-
-pada lamun ~~mas tanpa Una~~ Mustofiun ingkang sayekti wus teka iku, banget wedinira
Malaikat ngijajil laknatullah iku maring ~~Mas Tanpa Una~~ Mustofiun banjur metu teka
garbanira iku Aji Saka ngambara maring gagona, mangkana Sang Aji Saka
pan iya wus tanpa guna krasnasar budinnya ngambara maring gegono wus
panggih lan gurunira pan nangis nungkemi pada Aji Saka mring Malaekat
ngijajil laknatullah iku. Maka banjur nabda Malaekat ngijajil laknat-
-ullah maring Aji Saka: " Wus kulup, sira menenga mupusa wus bejanira
iku ~~emas Tanpa Una~~ Mustofiun pan tan kena disuwawa, jer Nata kang duwe Jawa pin-
-asti maring Yang Wasesa iku, kulup tan kena liya lamun maksih demen
sira nyawaya mring Tanah Jawa pirang bara besuk kena nging lamun kalimpe
p.86 agale ~~Mas Tanpa Una~~ Mustofiun ing mengko / paye sun guwa mring sabrang bahe sira
nyawa wus kersane Sang Yang Wasesa yen kinarya kulup sira angratoni
Seluman ana ing Tanah sabrang nyawa. Maka banjur musna Malaekat ngijajil
laknatullah

laknatullah iku, nora keri Aji Saka mapan wus nora kena pisah loro iku lir satu lawan rimbagan, Mulaikat ngijajil laknatullah lawan Aji Saka ing sahenggo2nira iku wus pinasti marang Gusti Allah Subhanahu Wata' 'Ala kang wanidulkohar kang ngaza wajalla lamun Aji Saka wus den pasti dadi Iblis laknatullah sabab wus kena sabdane Kangjeng Nabi Mohamad rosulullah [sollallohu] 'alaihi wasalam Aji Saka iku. Tamat wallahu 'alam bisawab ghofarolahum ya Allah ya Robi ya Ghofur3 .

Anapun hikayat ing Mendang sasirnane Aji Saka iku, Raden putra Daniswara iku banjur jumeneng Nata ing Mendang ngestrenan maring kang eyang Sang Yang X Ratu Sindulo iku lawan Patihira Dipati Mangkurat Waragana loro iku wus tetep dadi garwanira Sangkaningrat Mayangkara pinaringan nama maring kang eyang Raden putra Daniswara iku, Sang Prabu Kaskaya, kang dadi Patihe iku Jaka Jugulmuda pinaringan nama Adipati Jugulmuda. Pun Beja Daulat iku kang dadi Jaksa pinaringan nama Raja
p.87. Suryangalam Daulat, pinar-/-ingan nama Raja Kapa2,Pacukilan pinaringan nama Raja Nititelu iku ngatasi Patih Jugulmuda iku. Maka banjur Adipati Jugulmuda iku pinaringan rabi anake Adipati Tugur, bokhira sing karan Larasati ingkang nama. Ing wektu iku liwat rame ing Mendang sabarang kamulyan ing donya kabeh iku ana. Nata Ratu Sindulo maksih anenggani maring kang wayah ana Mendang iku lawan Patihira iku ing rabine Dipati Jugulmuda ing sawuse rabi Adipati Jugulmuda iku nuli kundur Nata Sindulo iku lan kang Patih Dipati Mangkurat iku maring Guwa Terusan tetanen, iku liwat kerta ing Tanah Jawa, kala jumenengira iku Sang Prabu Kaskaya sukarenna sakehe wong ing Tanah Jawa kabeh iku. Maka Sang Prabu Kaskaya iku wus peputra patutan lan waragana loro iku Sangkaningrat putra priya Sri Mapunggung namanira. Mayangkara iku putranira putri Suprabawati namanira pinudut maring kang eyang buyut Ratu Sindulo binekta maring ing Guwa Terusan, Dewi Suprabawati iku maring kang eyang buyut iku.

p.88. Anapun hikayat sasedane sang Prabu Kaskaya / iku kang gumanti kang putra Mapunggung, Sri Mapunggung iku peputra Pancadriya, Pancadriya iku peputra Anglingdriya, Anglingdriya iku peputra Anglingdarma, Angling-darma iku peputra Anglingkusuma, Anglingkusuma iku peputra Gandakusuma, Gandakusuma iku peputra Pancakusuma, Pancakusuma iku peputra Ardikusuma, Ardikusuma iku peputra Tejakusuma, Tejakusuma iku peputra Jatikusuma, Jatikusuma iku peputra Citrakusuma, Citrakusuma iku peputra Sumawicitra, Sumawicitra iku peputra Resi Getayu, Tamat, hikayat purwa Ratu Sindula ghafarolahum bisawab ya Allah ya Rabi ya Ghofur3. Resi Getayu iku peputra Lembumiluhurhu, iku jumeneng nagari ing Jenggala, Prabu Lembumiluhur iku peputra Dewakusuma, Dewakusuma iku peputra Raden Putra Mara Bangun, Marabangun iku peputra Panji Laleyan, Raden Panji Laleyan iku peputra Prabu Banjaransari iku maksih jumeneng Ratu ana ing Jenggala. Prabu Banjaransari iku bagus, anom tur maksih jejaka kang nama Prabu Banjaran-sari iku.

p.89. / Anapun hikayat kala waktu iku ing Tanah Jawa kaliwat rusuh iku, nora ering maring Ratune pada duwe kerep dewe2 sarupane wong kang

gede2

gede2 ing Tanah Jawa, apadene wong kang cilik2 iku kabeh ing Tanah Jawa iku. Maka dadi kaliwat wirange Prabu Bajaransari ing Jenggala iku sangking wirange maring dewene marma ing Tanah Jawa mangkana iku sabab ana ingkang angluwihi getde keratone iku, iya pada ing Tanah Jawa ing Segaluh iku arane negarane, nanging nyeluman nora katon ing Segaluh iku.

Anapun hikayat ing Segaluh iku kang jumeneng Ratu wara--gana namanya Prabu Wanodya iku, Sang Dyah Ratu Suprabawati ingkang putra dingin Sang Prabu Kaskaya ing Mendang iku, kang den pundut kang mring kang eyang buyut Ratu Sindulo iku. Maka kersane kang eyang buyut kinarya Ratu iku marang sakehe Siluman kabeh ingkang dadi Patihe Ratu iku Gunawati ing Seluman lan Ratu Ragawati ing Seluman lan Ratu Raga--wati waringin putih iku, kang dadi Jaksane Ratu Angin2 iku kang minaka
p.90. wadana sarupane Ratu Jim iku kabeh ngedaton ing Segara Kidul/ iku. Maka pasebane Ratu Kidul iku marang ing negara Segaluh ing saben2 mangsa Garebe--eg bahe lan ngirid maring sarupane Ratu Jim iku kabeh, lanang, wadon, dadi kaya Mancanagara. Mangkana Ratu Kidul iku kang minaka dadi prajurite Ratu Galuh iku pada waragana bahe wulung puluh kehe tur pada endan2 kang warna, apadene kasektene pada bahe waragana wulung puluh punjul papat iku. Lurah2e lawan luwih dewe papat iku sabarange, maka negara Segaluh iku sektine wus ngasarkaken ing Suralaya. Nimasrini arane waragana kang minaka lurah prajurit papat iku, Suradewati iku lamun aprang iku panah anggone sare2hane rong puluh iku. Gandawati butdil sare2hane, Nimas--mirawati iku tumbak sare2hane, Nimasmayawati iku pedang sare2hane, lawan pada nunggang jaran sembrani lamun aprang prajurit waragana wulung puluh papat iku pan tan kena amar, rupane jarane apadene pang-
p.91. -agone Suradewati iku putih, jarane sakancane Ganda- / -wati iku abang, jarane sakancane Asmarawati iku jangjan, jarane sakancane Ismayawati iku ireng, jarane sakancane pan tan kena waragana iku ing sabarange marma liwat arjane ing Segaluh iku lan liwat keringan Ratu Galuh iku jirih trisna sakehe waragana, jim lan sarupane lelembut iku kabeh marang Ratu Galuh. Apadene manungsa kang pada mati kesasar iku, iya pada maring Galuh kabeh parane iku, sabab wus minda ing suwarga ket--daton ing Segaluh iku, marma liwat arja sabab pakumpulan ing sarupane negara Segaluh ing wektu iku.

Anapun hikayat negara ing Jenggala iku mapan wus lawas Prabu Banjaransari iku nora miyos2 sineba sangking liwat wirangira iku, lawan tanpa dahar nedra sabab dadi Ratu tanpa karya, nanging punakawan loro iku kang tan kena pisah bocah kembar lawan banget gecule apadene kang sembrana pan Menawa lawan Menawi arane karo iku palawijaya. Maka ing wektu iku Prabu Jenggala nuju lenggah ana ing sanggar langgatan sirep jalma wayahira, panakawan loro iku pada nedra nging tan tebih
p.92. lan Sang Nata pinuju wulan purnama iku, mangkana tumurun / nulya Bagawan Kaneka putra wus prapta ngarsa Naledra, kaget Sang Nata

Tumapel

Tumapel lamun Sang Yang Panuju tumurun sing Suralaya, mangkana nulya Sang Nata sumungkem ing ngarsa padanira Yang Panji Narada iku. Maka nabda Sang Yang Kaneka putra: " Wus kulup, sira lungguha, " Ri wus samya lenggah tata, ngandika Sang Yang Panji Narada: " Heh kulup Prabu Jenggala, tinggalen negaranira Jenggala iki wus tuwa anggur boya sira lungaha malibuha maring Guwa Terusan arane Guwa iku, getdatone eyangira jaluken maring yang ngira iku ~~Mas Tanpa una~~ Mustofium, mapan ing samengko nyawa denaken ing Galuh iku kang ngaran ~~Mas Tanpa Una~~ Mustofium, wadon kang dadi Naledra Suprabawati aranya mapan iku waragana. Nging mengko negaranira ing Galuh iku pan maksih nyeluman kalamun katon ing jalma pan angira alas kewala kang sayekti iku, iya pan luwih ing Suralaya. Iya iku jalukan maring yang ngira kulup sira enggonona." Gya musna Sang Yang Kaneka putra sing ngarsane tiyang Jenggala iku. Maka nulya Sang Prabu
p.93. Jenggala iku gugah wulu cumbuhira / loro iku pada nedra Menawa lawan Menawi ginugah tangi karonnya nulya miyos Sri Nalendra bangun dawa wayahira, tan ana jalma uninga nging lawan panakawanira Manawi lawan Manawa wus tan ngetang pringgabaya ngidul ngulon lampahira, wus tilar negari Jenggala nusup2 manjing wana lampahira Sri Nalendra iku. Maka kang keri negari Jenggala iku pada geger sakeh jalma ngupaya Prabu Jenggala wus tita lamun tan panggya, dadi liwat prihatinnya sakehe wong Tanah Jawa iku kabeh, sabab ing wektu iku nora ana Nata, nuli ing bale ~~Rajaxx~~ Raja Klungkung iku kang pada ginawe gegunungan maring wong Jawa lan Jayaningrat iku, Dipati ing Blambangan nging sangsaya rusuhira ing Tanah Jawa, dadi nanging singa kang rasa bahe ing wektu iku.

Anapun hikayat Sang Prabu ing Jenggala iku sarawuhe ing Guwa Terusan iku, banjur jug2ing Gedong Kuwaca iku, mapan nuju menga lawang--ira, pan lajeng Sang Nata nedra ana ing kantil Menawa lawan Menawi karo turut agenira mapan iku salaminya tan obah nedra katrinya iku, mapan
p.94. wus sawang kunarpa iku, / Maka ana kang winarna Desa Bajang lumpang iku, ana jalma sawiji aran Kibuyut Satmani Satmi rabinira keringan kiwa tengennya tur kedep pretah jalma, tanapi mring sasaminya pedayine kang pra Dipatya bang kulon suyud sadaya marang kibuyut Satma Jugulmuda turunira iku. Kibuyut Satma sugih donya tur puwara sayekti bawa laksana, lan akeh nak putunira kibuyut Satma iku. Maka ing wektu iku ki buyut Satma liwat banget prihatinira sabab Jawatena Nata, iku nuli ngundang mring rabinira iku, wus prapta nuli nabda ki Satma iku maring rabinira: Ni Satmi lan marang anakira lanang kang tuwa pan Sangkan iku: " Heh Nyai sira karya den baut cikal lan anakira sangkan sira iku. Poma2 aja ana walang ngati karo sira maring ingsun, mapan ingsun arep lunga anggoleki Ratu ing Tanah Jawa wus pasti lamun tan mulih, ingsun yen nora ketemu
p.95. iku, Ratu ing Tanah Jawa marmane,/ pada den lila maring ingsun karo sira iku. " Maka matur Ni Satmi iku lawan anakira maring Ki Buyut Satma: " Bok, sampun kesah Kyai Sepiyan kurang punapa yen karsa madeg Nata sinten kang purun malanga luhung Kyai jumeneng Nata pribadi ing Tanah Jawa ?" Nabda Kyai Satma iku: "Nyai, mapan luput ujarira wus

bener

bener lamun sun bareng kuwawa, anging du2 turun Nalendra wus sira pada
kariya sun lunga goleki Nata, mapan sun lampu palastra lamun tan temu
Nalendra iku." Maka pada anangis kabeh sahanak wargane Satma, Nyai
Satmi iku pan banjur nungkemi pada Satma, pedat2 aturira: " Kyai, mapan
kawula pejah gesang tan purun lamun kantuna pan ketdah derek kewala,"
Manabda amiris Ki Satma: " Apa Nyai, mantep sira nging yen mantep
jangjiningsun maring sira nging poma2 aja gawa2 lara patisun, temaha
gen ingsun goleki Nata.!" Ni Satmi aturira: " Kyai, mapan sumangga,"
Wus kesah Kyai Satma tan kantun Ni Satmi wingkingira iku, nora gawa
batur juga nanging lawan rabinira anak warga Ki Satma kang keri prihatin,
p.96. samya mangkat Kyai Satma lampahira prapta wana / nusup2 lampahira Ni
Satmi pan nangis samarga2, pawistri ngramping ing lampahira iku sabab
muring marga kinon wangsul nanging maksih maksa Nyai Satmi iku.Maka wus
teka ing tengah ngalas lampahira Ki Satma iku, ana watune gilang ing
ngisringk kang kayu cemoka, banjur leren Ki Satma lawan welas marang
rabinira lungguh watu Ki Satma, Ni Satmi ing wurinya awatara pitung
dina, mangkana angrungu suwara: " Heh Satma, Satmi, sira lamun anggoleki
Nata sira ing mengko mapan wus ana nanging lagi tapa nendra ana getdong
kuwaca, ing Guwa Terusan enggonya elor kulon pernahira wus perak sing
kene kaya nging nyeluman ingkang guwa pan tengere bahe ana cangak lan
naga puspa jajar iku pasebanya ing kono sira lungguha yen katon lawang
nging guwa aja wani malebu sira lamun tan ing ngundang sira iku maring
kang nendra ing sajrone getdong kuwaca. " Ingkang suwara pan wus
musna, mangkana Kyai Satma lewat lega manahira angrungu suwara iku.
p.97. Maka banjur / Satma lawan rabinira iku lumampah mring Guwa Terusan
senediya kabeneran lakunira ing guwa Terusan prapta nging durung katon
lawangnya nagaxxx, sari lan cangak marik2 lir tinata lawan resik lir
sinaponan sitinira tan ana godong kang tiba kacimeryan. Kyai Satma lan
Nyai Satmi nulya karo anglosod silannya telung dina Guwa Terusan katon,
lawanging guwa mapan nganggo gapura nging maksih minep kewala liwat
lega atinira Satma, Satmi iku.

Anapun hikayat kang nedra kantil kencana ing getdung kuwawa
iku, iya Prabu Jenggala Manawa Manawi daganira pan tan nobah salaminya.
Mengkana Sang Yang Sindula kang wayah, mapan karya tinulung, Nata Sind-
-ula tedak mring getdung Kuwaca wus rawuh, kang wayah nulya winunga
aris ngandika: " Wus kulup Prabu Jenggala luwara pan ingsun prapta."
Nulya wungu Sri Jenggala pan banjur angaras padanira kang eyang Nata Sind-
-ula iku. Ngandika Sindula: " Wus kulup sira lungguha lan wus teka
sebarang panedanira jinurungan kulup sira iya maring Sang Yang Wasesa
p.98. apa sakarepira nagara Galuh iku / nyawa pan wus keduwe mring sira
lan sakehe kang waragana,, " Tur bekti Nateng Jenggala mring kang
Yang Nata Sindula iku. Maka ngandika malih Nata Sindula: " Jaban guwa
ana wong tapa iku pan goleki sira arane buyut
Satma iku lawan rabinira pan iku wurangkanira, wus saponen iku nyawa
lan konen mulih dingin maring omahnya lawan sira printaha, ya apa sa-
-karepira. " Wus musna Ratu Sindula iku. Maka nuli katon lawang guwa,

Ki Satma

Ki Satma lawan Ni Satmi mulat lamun katon lawang guwa iku, lawan menga jero lawang getdong kuwaca ing tengah kantil kencana kang lenggah neng kantil iku kang cahya lir wulan sudama kang nedra kalih neng ngandapnya. Ki Satma lan Ni Satmi iku sembahira kaliwat lega ing tiyasira mulat mring nendra karone iku. Maka banjur ing ngawe Ki Satma lan Ni Satmi iku mating Nata ing Jenggala, kinon banjur manjing mring getdong kuwaca karo iku. Manjing nulya pan lajeng nung-
p.99. -kemi pada karonya anglir supena iku pan karuna / Ki Satma lan Ni Satmi nulya ngandika Nata Jenggala:~~karmxpx~~" Karo pada alungguha," wus tata lungguh karonya, nulya ngandika Nata Jenggala: " Karo apa kamcanira dene pada manjing guwa iku. " Maka matur Kyai Satma sarya nembah mangkana ing ngaturira: " Inggih, sangking susane manah patikbra ngupados dateng Nalendra." Maka mesem ngandika Sang Nata: "Ing mengko ngendi gonira kang sira goleki iku ?" Tur sembah Kyai Satma: "Pan Gusti, estu panduka Sri Nalendra ing Jenggala, punapa kersa panduka, nglampahi abdi Satma, " Mesem ngandika Sang Nata: " Wus bopa sira muliha ing ngalas Galunku, bopa babaden bakal sun karya negara lawan kapinginku, bapa sun besuk nusul kewala ing satengah prang getde, bapa yen wus katon kang negara anging bapa poma den nyatana sayektine iku bapa ketdaton ingkang waragana wus jinarwa," Ki Satma niskara karsa Nalendra langkung padang manahira Satma, Satmi tur sandika nulya ngaras pada: " Ri wus mundur karonira sing ngarsa Nateng Jenggala iku. Maka banjur gegancangan lampahira iku Satma, Satmi prapta ing wismanira
p100. / nak warganira Satma anglir supena, ri wus ngajung genti2 nak patunira Satma lan maring Nyai Satmi, nulya prentah Kyai Satma marang anakira kang tuwa Sangkan kinon banjur nembang tengara geger pan samya prapta sakeh jalma samy prapta mringBajanghumpengadaya, tanapi kang para Di- -patya, buyut2 kang perak wus pada prapta maring wisma. Kyai Satma mapan nulya prentah buyut Satma mring sakene pra Dipatya tanapi marang buyut samya lamun kersane Nalendra Sri Naranata ing Jenggala ing ngalas Galuh iku, kinon ngepung babadona, pra Dipati lan buyut turny sandika mring Satma nulya kinon bubar kabeh mapan tata2 iku.

Anapun hikayat ing Galuh, Sang Prabu Wanadiya iku ing dalu supena kapanggih lawan priyayi tur bagus maksih taruna pan ngaku Ratu -ning Jawa iku lawan nembung negara ing Galuh, mapan tan neda iku ayun ing ngenggonan iku. Maka sawungunya gennya nendra Ratu Galuh iku gegetan mring kang supena pan banjur miyos sinewa pepak sakeh Waragana kang mungging ngarsa Nalendra, Sang Dyah Ratu Ganawati Ragawati iku jajar
p101. lan lurah prajurit papat iku / kang waragana wulung puluh ing warinira iku. Maka ngandika Sang Ratu Galuh iku maring ing Pepatihira Ratu iyu Ganawati,"gagetan marang kang supena wus jinarwa gung niskara," matur Ratu Ganawatya iku maring Sang Prabu Wanadya: " Pandugi, kula yang panduka ingkang nyoba mring panduka kang menda warna punika," Ngandika Nata Wanadya:" Kaya nora lamun Kangjeng eyang kersana gegojek,"mangkana uga matur Ratu Ganawatya: " Yen dede jeng yang panduka, mapan langkung andupara pan nenggin siten puruna dumateng panduka Nata." Maka ngandika Sang Prabu Wanodya: "Ganawati dya mangkana sira pan akeh titahing jawata

pangrasaningsun, wus nyata lamun iku manusa kang ngaku Ratu ing Jawa."
Matur Ratu Ganawatiya: " Sanadyan, inggih yektos pan inggih ajrih
punapa mangkana ?" Malih ngandika Sang Nata Galuh iku: " Suradewati
menyanga taman coba tilikana iku kang ngaku Nalendra, lamun ana kawisana
lungsene adus, banjur amaraka, Kangjeng Yang sira matura: " Lamun ingsun
ngimpi mangkana iku kaya apa ingkang karsa Kangjeng Yang Nata Sindula
p.102. iku / lan gawanen kancanira manawa kepergak sira mring kang kempi iku."
Maka matur Dewi Suradewati iku: " Boten susah bekta kanca sanadyan yektos
wontena kang dados supena Nata, saguh kula panggihya pan nenggih ajrih
punapa lamun mantuk, mapan lajeng ngaturaken murda. " Mesem Sang Prabu
Wanadya lawan aris ngandika: " Aja ta sira sumbarana, lah wus sira
mangkata, " Tur bekti nulya ngambara Sang Nata luwar sinewa, mangkana
Suradewatya nging sakedap lampahira iku. Pan wus prapta lawanging guwa
pan panuju tan menangi wedalira Ki Batma nging ta-puntapa kewala mapan
lajeng lampahira Suradewati iku, ajujug dong kewaca, mapan ana tilas
jalma, nanging kang jalma tan ana, mangkana wisike nala: " Iki ana tilas
jalma mring ngendi parane, baya temen supenane Sri Nalendra, ketemuha
tan wurung bilahi sira jalma." Maka Sang Prabu ing Jenggala iku mapan
nuju ameng2ana taman lawan karo panakawanira Menawi lan Menawa pan wus
tangi karo iku dennya nedra. Mangkana Suradewatya, mapan lajeng lampah-
p.103. -ira iku marang taman ayun adus dingin iku/ sedyanira yen wus adus,
banjur marek mring Sang Nata ngaturaken marang ingkang supena kang wayah
iku. Maka banjur maring taman Dewi Suradewati iku. Mangkana Sang Nata
Jenggala mulat lamun ana waragana manjing taman kaliwat endake kang
warna, nanging siji tan nganggo rewang, banjur delik ngijen lawan pana-
-kawanira loro iku. Mangkana Dewi Suradewati iku, nora wikan mring Sang
Nata, nuli nyelenake gendewa, pendang. patrem ana ing pinggiring balum-
-bang umbul iku, banjur lukar gelung lawan pinjung nganggo patelasan
cuwunane putih iku, banjur ambyur ing banyu, dasar kuning banyu bening
cuwunane keraket ing pu2kambekan, banyu dadi katon pendukul2e2 iku. Maka
Prabu ing Jenggala iku tambuh polahira manawa manawi iku pada nglongsar
jengking pangijennya iku, kaya den cekel2a bahe. Ing sawuse adus wara-
-gana iku, banjur dadan ing sawise, dadan banjur ngamek kembang wara-
-gana iku, banjur den indik2ki teka ing wuri iku. Maka banjur kabeneran
p.104. karo waragana iku, kang / sarta nabda Prabu Jenggala iku: " Iki kang
ngurusuhi ngantek2ake kembang,"banjur kaget waragana iku, budi banjur
uwal kaliwat serengane lan pepisuhe, mangkana ujare: " Kaya wong nyekel
bedangane, wong lanang nora ana, tata kramane wong ngendi sira iku,"dene
wani2 malebu ing taman sari, panujune nora Sang Nata kang siram lawan
Ratu Ganawati, lamun konangana marang Ratu Ganawati: wus masti lamun
mati iku, beja sira nging konangan marang ingsun bahe, sabab Sang Ratu
Galuh kang darbe pasiraman kiyi dadi wus kalebu ing karangan sira iku,
kenekna kerisira iku, lan sandanganira karya sewal kewala lawan loro
baturira iku, lan sapa aranira ing ngendi pmahira jalma dene sugih, wani,
temen sera iku. " Maka ngandika Sang Nata sarya mesem: " Bok sampun
sanget2 duka, kawula nuhunapura yen panduka taken wisma kula, inggih
ing taman punika

ing taman punika, samangke tataken kawula pan dados bahul kewala, sabab sampun panggih samya kajengnya, kawula punika ayun ngawisi jengandika
p.105. ayun ngawisi / dados sampun tunggal kewala, lamun taken ~~xxx~~ dumateng nama kawula, mapan panjang tur mangsa sageda ika anjeluk nama kawula nilakrama panduka sixten kang nama pan kula ayun uninga lawan ing pundi kang pinangka. " Maka mojar keras Suradewati: " Dasar manungsa sem--brana tinakonan durung jarwa wekasan males atanya ing Galuh wisma ngong iya. Suradewati ran ingong, praptaken ingsun nganglang taman iki kang kagungan iku Sang Prabu Wanadya balubang pan pasiraman tan kena ing ngambah liya. Sanadyan jim perayangan sayekti kepinatenan lamun malebu ing taman lewat banget kang larangan. Sira iku pan manungsa lawan maneh tan weruh tata wus masti lamun palastra, nanging ingsun kang ngapura marmane dadi sun dedeli bahex sira iku. " Maka nabda maneh Suradewati iku: " Lah, marata wus angakuha aranira lan omahira." Mesem ngandika Nalendra: " Omah sun, getdong kuwaca, araningsun mapan dawa lamun sira nora bisa ngarani pan tan pakarya lamun ngaku ingsun." Maka mojar maneh kang waragana: " Lah iya, sanadyan dawa pisan ingsun ayun uninga, sira
p.106. wus weruh aran ingong." Maka mesem Sang Nata; Nging jangk hojo leli jeluken aran manira iku. Sang Prabu Banjaransari arum wangi tawang tuna sumbaga panji rerangin jebat kasturi terung gadung garu candana rasa mala Kang Mas Raden Bojo kawula, lah marata nyeluka." Maka gumyur ridik waragana iku: " Arane wong ngapa samangsane ngong tur--uta banjur gagake kewala, angaku rabi iku. " Maka mojar Manawi lan pun Manawa: " Bok, sampun beten inggiha pawestri kalawan priya panggih samya sajuga tur maksih samya taruna, kawula kang dados saksinya. " Banjur binuru manawa lan pun manawi karo iku ambyur ing toya lawan alelewa mageti Nateng Jenggala mangrepa arum kang sabda: " Bok, sampun kelajeng duka punika pan tampa karya mangke estine driya wong iki bagus, sambada, x Prabu smu tur pasadya baya iki pan wus nyata kang supena, Sri Nalendra
p.107. nging lewat eman teman wong iki, nging dadi Satru dalem / lamun ajaha Satru dalem, atiku kaliwat trisna, sambrana karya asira, angur aja katon mata, " Suradewati nulya abengis wijiling sabda: " Heh ta endi ulungena keris lan sandanganira angur endi mati sira iku? " Maka banjur mesem Sang Nata ngandika: " Sih anaraga mas mirah kados punapa bebed duwung nging sajuga, aywa punika sumangga nanging kalawan kawula pan lajeng kahabdekna ngladosi sakersa2. " Malerok Suradewatya mangkana panabdanira: " Tan sudi ngingu mring sira balubud lawan sembrana, yen tan aweh keris--ira ngur endi palastra sira, tan wurung bilahi ing mengko sira iku, " Maka mesem Sang Nata ngandika: " Ingsun lunga teka praja goleki marga palastra, lah mama sakarepira. " Bramantya kang waragana: " Lah iya bilahi sira, nulya ngunus pedangira, mangkana panabdanira: ' tibane antakanira,' ". Mesem ngandika Nalendra: " Aja runtik Masku dewa, punika pan tanpa karya," ~~Nerajan~~ Nerajang ingkang waragana, nulya pinedang
p.108. Sang Nata: " Dadya putung pedangira," Mesem Sang Nata / ngandika: " lah putung kang kenaka," Nulya bramantya Suradewatya; X nulya narik patrem--ira ginaca putung patremnya. Ngandika Nata Jenggala; " Mas mirah putung mundrinya. " Karuna kang Waragana mojar: " Lah malesa, yen nyata prajurit sira. " Maka mesem ngandika Nalendra: " Ingsun ni Mas

ajrin Prabu karya ing besuk2, kewala lamun wus Prabu Wanadya iku, lamun den lilani tan wurung sun x walesira," Dadya wirang kang Waragana mang- -kana pamuwusira: " Hah, ya den ngati-ati sura sun wadulaken marang Sang Yang Sindula tan wurung bilahi sira iku. " Maka mesem Sang Nata alon denira ngandika: " Mas Mirah mara matura, " Mlerok kang "aragana iku, banjur ngambara saketdap mapan wus prapta ing ngarsa Sang Yang Sindula; pan lajeng angaras pada Waragana sarya karuna, mesem Nata angandika: " Tur2a lah ana apa ? " Mangkana wus katur sasalahnya kang saneskara: Ngandika Sang Yang Sindula: " Sun nini pan wedi, iya ming wong kang ana taman iku, mapan ing ngugung mring dewa lawan maneh wus muliha, tur2a

p.109. mring Ratunira, " Lamun ing Galuh /
wong kang ana taman iku, marma den kebat muliha tur yekti Suradewatya, wus lengser sing ngarsa Sang Yang Sindula; X ngambar sakedap prapta ing ngarsa Sang Prabu Wanadya, pepak sagung kang "aragana iku, maka kang munggeng ngarsa Nata iku, Ratu Ayu Ganawati lan Ratu Nagawati, samya kaget ing sapraptanira Suradewati iku pan banjur nungkemi padanira Sang Prabu Wanadya, Suradewati lan Karuna. Kumepyur kang tyas Nalendrax, wus nyata lamuna karya. Mangkana nulya ngandika: " Wus mara sira lungguha tur2a, apa nyata ing taman iku na jalma. " Mangkana wus lungguh, nulya matur Suradewati niskara wus katur samya kang purwa madyanya wusana iku. Maka ngandika Sang Ratu Galuh: " Apa nora banjur matur maring Kangjeng eyang sira ?" Iku aturnya Suradewatya pangandikannya Yang Nata: " Pan inggih tiyang punika ing ngugung dumateng Dewa, marma ajrih Malendra lan

p.100. waweling / ing maneh
Maka esmu bramatya Ratu Ganawati nyelani sabda Nalendra: " Kaya apa ingkang rupa wisma lan aranxe sapa jalma iku ? " Maka matur Suradewatya marang Ratu Ganapuspita: " Dene warnane kang jalma pan langkung nyen- -yengitira, langgeg lenges tur gumagus sambrana, kalih panakawwanira langkung gecul palawija pangakennya ingkang wisma, inggih getdong kuwaca, antawis pan sampun lami tilem pasareyan Nata punika kantil kancana, kula prapta x pinuju tan wonten tiyang punika, lajeng kula adus dumateng taman boten nyana lamun tiyang punika wonten, lajeng adus dumateng kewala tan suba sita kados waspahos sadaya mring sagung dadanan kula, "dadya sa maya rame gumuyu sagung ingkang Waragana iku.

Maka tanya maneh Ratu Ganawati iku: " Apa tandane sira ngarani waspada ?" Umatur Suradewati: " Sabab sareng sampun adus kawula pan

p.101. lajeng ngalap puspita /
kalangkung kaget kawula pan mendang kawula tan males, kewala putung petdang patrem, nulya pan meksa kewala ngantos telas gung warastra nging tan purun amalesa sumados benjing kewala, yen linilan Prabu kennya, dadya rame guyunira kabeh iku." Maka dadya mesem Sri Nalendra, nulya aris angandika: " Sapa arane iku jalma ?" Tur sembah Suradewati: " Mapan kesupen kawula namanipun tiyang ngedan. " Maka ngandika Prabu Rara nora sira ling elinga, umatur Suradewati: " Ewet kang nama punika, mangkana katur niskara kang nama dumadya samya, rame gumuyu pan samya," Suradewati mangkana sanggawang sedehan saka kedandlan sabdanira: " Sun rasa sira iki darma tur sejen kang mukti marawamana ingsun sapira, pan

mendung

mendung saupama yen oleh galudugira udane mangsa tibenga. " Mesem
p.112. Sang Prabu Wanadya lawan aris angandika: " Wus menenga, aja nangis /

Anapun hikayat
pra Dipati bang kulon, siyaga buyut2 ngumpul samya mring wisma kyai Satmma sumahab, nulya Satma nombang tengara mapan gumuruh ingkang suwara tan petang kehe kang jalma. Mangkana mapan wus prapita ing ngalas, anulya ginawe kikis pinggirnya tata masanggrahan samya. Sagung jim lelembut samya kang wisma ing pinggir wana, ajrih pan lumayu samya, tur uninga maring panggedenya langkung geger wurahan kumuruh kang suwara. Pan wus katur mring Ratu Ganapuspita iku, maka banjur katur maring Sang Prabu "anadya, nging kinon pada gegmila kewala sakehe jalma. Mangkana buyut Satma pan prentah lekas babad alas iku, bareng maju sakeh jalma.
p.113.Lelembut nulya kang bebeda iku, pan pada ginagila sawaneh iku, / lan ana lelembut kang jawil iku k jalma ngising dinulitan duburira gudam2 banjur pada loro iku sakeh jalma iku. Maka nuli Kyai Satma ngawaki lan nak putunya lawan wikan Kyai Satma marang sarupane lelembut pada iku, lan anak putunya ing ngamuk lelembut nulya bubar, banjutr tur wuninga mring Ratu Ganawati, nulya sagung pra Dipatya jim kinon ngawak ana tum--andang saken jim samya. Nadani buyut Satma nging lan nak putunya kewala, gung jalma durung wuninga mring kang jim rupanira, malah nerak Kyai Satma iku lamun edan kelawan anak putunya nging satengah iku mapan ana kalamun buyut Satma iku aprang lawan lelembut nyata langkung pang--gah buyut Satma iku. Prangira lawan anak putunira kinarubut sakehing jim mobat-mabit buyut Satma. Iku tan kewran sanak putunira Satma iku. Maka Sang Prabu ing Jenggala iku wus weruh aningali maring perangira buyut Satma iku lawan anak putunira nging datan katingal Sang Nata iku,
p.114. nadyan jim / tan wikan Malendra, nging Satma mambu gandak lenga jayeng--katon iku, tan pandang buyut Satma yen iku gandanya Gustinira, dadya adem atinya buyut Satma iku. Maka lewat Sang Nata welas mring prangira K Kyai Satma iku lawan anak putunnya, yen pisaha dening braja Satma lan nak putunnya, iku sawiji mangsa keriha, nulya meminta Sang Nata dumateng Sang Yang Wasesa. Negari Galuh katingala lan gung jalma aningaha mring jim lan negarainira byar padang dadak sakala, sagung jalma pan uninga mring negara myang kang niskara ingkang wana pan wus sirna kang negari, menda suwarga lan pirang2 jalmax iku angepung mring Ki Satma lawan anak putunira mabat-mabit buyut Satma lan sanak ptunnya iku. Maka banjur pra buyut lan pra Dipatya, samya gerget nembang tengara, agregat bareng ajunya tulung2 mring Ki Satma sareng nempuh maring jim samya, banjur kuwel tan kuciwa, mapan samya katahira ingkang jim kalawan jalma
p.115. langkung suka sri /
lit pra buyut lan pra Dipatya nging dereng ngatingal Sang Nata. Mangkana Kyai Satma dupi mulat marang kang wana pan wus musna liru praja liwat agung lan bagus negarinya iku. Maka sakeh jim iku pada banget kaget samya ketadahan yudanira iku liwat gila saken jim maring gung jalma, sabab jalma bejana kulit pan samya gaman jim iku, mapan tan tuma2 samya dadya mundur lumayu sakeh jim samya, nulya benereg mring sagung

jalma

jalma lawan rame surak samya mengger wedus, sakeh jim pelayunira iku. Maka sakeh jim punggawa iku mapan ngumpul bahe playunnya. Banjur prapta ing ngarsane Sang Patih Ganapuspita, samya matur lamun kelindih kang yuda, gung jalma dikdaya lan bejana kulit samya, lewat runtiknya Ratu Ganawati iku lawan Ratu Ragawati mring sagung jim Dipatya. Pan banjur sakeh jim kinon baliha lawan Ratu karo iku ingkang nindihi pribadya
p.116. liwat wedi sagung jim, Dipatya samya mring Ratu Ganapus- / -pita, mapan banjur sagung jim nembang tengara teracik lan celapina suling dermen ketipungnya iku. Maka banjur pada ngrungu sakeh jim kang wus pada lumayu iku gegolongan praptanira. Mangkana Kyai Satma duk miyarsa ingkang tengara jim kadya ~~ai~~ yun pulih yuda. Pan banjur Satma nembang tengara sumahab buyut Dipatya, dasar mentas oleh atinya. Iku mapan tan antara prapta gung jim gelong2an nempuh, nulya mapan wus nir gunging baya tinidihan mring Ratu Ganapuspita lan Ratu Ragawatya iku. Marma sagung le2mbungan panempunya Dipati buyut pan samya tadak tan sedya mundura, mapan wus tan ana kuciwa dadya kuwely yudanira braja wus tan tuma2, marma kuwel ingkang yuda langkung suka Sri Nalendra, mulat kang wadya tan ana ingkang kuciwa jim iku kalawan jalma, nulya sapih kesapat ing wengi samya mundur sowan2 ingkang jim kelawan jalma iku.
p.117. Maka banjur Ratu Ganawati iku lawan Ratu Ragawati iku manjing pura / matur mring Prabu Rara: "
lawan ingkang jim kandap prangira kang jalma samya dikdaya." Ngandika Prabu Rara: " Sapa rane kang dadi pangiridira ya iku sakeh jalma ?" Matur Ratu Ganapuspita: " Wasta Ki buyut Satma." Ngandika malih Na- -lendra: " Yen mangkana Ganawati kongkonan Ratu Angin2 iku kinon nguriga Ratu ing jim kabeh, kon nyerengke iku jalma babar pisan den kasi aja ana kari pada iku. " Maka Ratu Ganawati iku banjur utusan nimbali maring Ratu Angin2 lawan kinon ngerig sakehe Ratu ing jim kabeh malah kasi telung dina, jim tintrim iku nora metoni ngayuda. Mangkana Kyai Satma liwat susah atinira nanging liya Ki Satma gung jalma samya drowina myang anak putu Satma pan wus tan ana tinaha, sabab unggul ingkang yuda lan jim iku. Kang Nagara Galuh wus katon nyata ingkang jim katon lir jalma. Sabarang sapolahira lan Nagara Saniskara. Mangkana Kyai Satma iku lawan rabinira Ni Satmi, mapan samya lungguh ngiwa
p.118. iku nora melu / drowina lingsir dalu wayahira, Ki Satma pan karuna, Ni Satmi ris aturnya: " Punapa Kyai karuna ?" Satma aris anabda: "Iya Nyai wruhira iku ejin ingkang yuda pan bendarakan kewala, durung metu prajuritnya kelawan Prabu Wanadya, pan ingsun mapan wus ngrasa wong cilik mangsa kelara, yen bendu Prabu Wanadya nora wurung iki entek sakeh jalma. Pan iya kanggo sepira kejaba pada Nalendra iku, mapan tan kuciwa." Mangkana Nyai Satmi iku pan banjur melu karuna, karo iku pada susah atinira nging ngarep2 Nalendra rawuhira eng payudan iku. Maka antara telung dina iku banjur muni sakehe gunung2 ing Tanah Jawa jum- -egur mapan sahuran gumludug mapan genturan sabuwana, mapan walikan uter gonjing ing Tanah Jawa. Sagung Ratu2 Jim iku mapan wus pada prapta ing negari Segaluh samya, Ratu Kidul pangiridinya; 2ing-lung Tunggul Wulung prapta, ngirid gung Seluman wus pepak ing negari ing Segaluh
p.119. kabeh / iku. Maka banjur peteng dedet Sang Yang praptanya

lawan prakara wu2han umyung kang suwara tanpa langkung giris sagung jalma samya miharsa suwara iku, lawan malih bali tan katon iku sakehe jim. Apadene nagara dadya binggung gung jalma, tambuh2 polahira mangkana miharsa suwara lamun jim nembang tengara ing yuda iku gemuruh tinabuh kapiyarsa langkung bingung geger gung jalma. Ki Satma nuli nimbangi nembang tengara iku pan lawan karuna tan pisah lan rabinira mring sagung jalma. Manggkana wus pasti yen tumpes samya, nanging wirang yen mundura nanging tan wikan inglawan, dadya nging ngarepken suwara iku. Maka Nateng Jenggala sereng mulat marang wadya langkung, mara-ma iku ngatingal nulya lan karo wulucambunya manawi lan pun manawa. Mangkana Kyai Satma lan Nyai Satmi iku karo mulat marang Nalendra jumeneng ing ngarepira iku, pan banjur nungkemi pada kaliwat adem

p.120. kang driya, mangkana nulya Sang Nata nuwun2 / mring Yang Wasesa saken niskara mring ~~Mas Tanpa una.~~ Mustafiun ~~xxdyx~~ Mangkana nulya mulat Ratu Angin2 lawan Linglung Tunggal Wulung iku lamun tunggal panjenengan Ratu ing Tanajh Jawa, apadene Ratu Ayu Ganawati, Ratu Nagawati lan Ratu2 iku kabeh, wus tan samar lamun Sang Yang Sindula iku ingkang mungging jaja mapan murup anglir surya, dadya padang kasarat canya Nalendra, wus katingal Nagari Galuh myang niskara sagung Ratu2 iku kabeh pan wus musna, nanging kari Waragana, wolung puluh papat iku, lawan jim kang pancen wisma lan jalma kang pada kalap iku. k Maka sareng ngaturen pirsa Sang Prabu Wanadya, iku lamun wus tinilar bala sakene Ratu2 ing Jim lan Seluman iku kabeh wus pada musna tan kari sabalanira. Dadi runtik Sang Nata Prabu Wanadya prentah mring Wara-

p.121. -gana, wolung puluh iku lan pada kinon siyoga ing yuda, mapan Sang / Nata pribadya kang yun ing yuda lan lawan ~~itjen~~ ejin sahanhya, lan wong kaselehka pada anging kinon baris kewala lan pada su-raka kewala, sadaya turnya sandika iku. Mangkana winarna Sri Naranata Jenggala lenggah pasanggrahan lawan sineba sagung Dipatya buyut2 ander samya myang nak putu Satma kang manah samya lit arga. Satma, Satmi, ngrasa ngandika Nateng Jenggala mring buyut Satma: " Bapa sesuk lamun yuda wong cilik iku ta pada barisa wuri kewala, den rame surak kewala nging Dipati kabeh iku lan buyut2ku pada anakira papat iku pangiridnya den pada surakmarata ingsun duga sesuk bapa prajurit lan Prabu Rara ingkang metoni ngayuda, dene ingsun natun kewala dene sira lan si biyung iku bapa Manawa Manawi pada ngadepa mring sun kewala. " Satma turnya sandika anakira papat iku dasar maksih anom samya. Dipati lan buyut iku

p.122. kang manen samya lit arga, dennya / ayun prang tanding ingedu lan Waragana, tiningalan mring Nalendra iku dasar samya, wus luar Nata, sinewa iku. Maka Ratu Galuh kang winarna langkung wirang ingkang dennya wus kamanungsun iku kang nagara myang gung Waragana. Mangkana Prabu Wanadya ing dalu mapan kersanya maminta mring Yang Wasesa neng sanggar lawan banira, Ni Sebetan, namanira Ragula lan Ni Tunjungbang, neng jawi sanggar katrinya tunggu sajen lan kang dupa kukus sundul ing gegana. Mangkana Nateng Jenggala mambet ganda lingsir dalu wayahira Manawi lan pun Manawa karo iku wan wus nendra ginugah tangi karonya. Mangkana menda Dewi Sri Jenggala karsanira mring

kedaton

kedaton Galuh, prapta tan kari panakawanira, banjur jujug sanggar, Nata tumingal marang Prabu Ragen2nya nedra; Maka mesem kang tyas Nata. Mangkana usiking nala tuhu ayu xxxxxx2 Prabu Rara, tulus lawan kang muga ingsun jinurung kilap Sang Prabu Rara mring ingsun aja uninga

p.123.iku./ Maka wus manjing Nateng Jenggala iku maring ing sanggar langgat, panakawan keri jaba. Kongas ganda Sri Nalendra lisah jayeng Katong iku, banjur jumeneng ing ngarsanira Sang Prabu Wanadya pan wus nyata lamun manungsa lanang seyatinya wong ngagung Banjaransari iku, sabab kena khilap widadari tan uninga pratandha lamun tan kena estri padha lawan priya iku, Maka Sang Prabu Wanadya iku pan wus tan nyana kelamun ganda manungsa tinarka Dewa yatinya. Mangkana Prabu Wanadya lajeng ngayengken iku maring pernahe kang ganda lenggahnya sah anaraga lan nikel warti pinaneng Yang2 Siwah xxx baya Dewanxe dewadi sumurup netra prayoga. Mesem Sang Nata Jenggala nging sajrone driya kewala iku. Maka banjur jaw--ab Sang Nata ing Jenggala iku: " Iya ongkxxx kang nginira sabda." Mangkana Sang Ratu Galuh duk miharsa ingkang sabda jawata iku, lewat asrep ing tiyasira, banjur nabda mendha: " Lah ana apa sira nini ngudang dewa, kaliwat gita ingsun bareng teka dupanira." Mangkana Sang

p.124. Prabu Rara / mapan aris aturira: " Yang kaki siten panduka lawan mugi ngatingala ?" Aris Sang mindha: " Sun putu Sang Yang ngamara lamun ngaton wus tan kena, sabab kamanungsan sira iku. Lamun ana karepira lah, mara pajara, manawa sun putu bisa aweh lega maring tyasira iku." Maka nabda Prabu Rara: " Panduka Dewa, punapa dene mawi atatanya tan wikan rahosing driya ?" Mesem ngandika kang mindha: " Sun iki putu nging darma ing ngutus Yang Giri Nata kinon mirsa maring sira iku, apa kang dadi panuwunira, nging kinon matur kewala. " Mangkana Sang Prabu Rara mapan aris aturira: " Kados pundi kaki Dewa, kawula sa--punika kamanungsan, mapan negari kang kula tengga ngajeng-ajeng dhum--ateng kang gadhah praya, amanipun tan prapta sayektos kula nging darma mapan atengga kewala. Yen rawuha nging ayun pamit kawula dhumateng kang darbe punika lan tangleda sami priya, legane manah kawula. " Maka nabda Sang Mindha: " Sapa kang sira arep2 iku arane ?" Nabda Prabu Rara:

p.125. " Ngarep-arep Ratu Jawa mangsa silih ngarep- / -arepa mring kaki Dewa." Mangkana nabda Sang Mindha: " Lamun mangkana iku putu ingkang dadi karep--ira pan iku gampang kewala, nging ingsun jaluk pratandha dhingin, mengko sun tuturi sira enggone Ratuning Jawa iku, ali2nira kinarya sarat prayoga. " Mangkana wus katur, nulya pinejet asta Nalendra sin--endhal lawan ngandika: " Apa Dewa dumuk iku, nampani mijet tangan ing--sun kasi lara. " Gumujeng nabda Sang Mindha: " Aja runtik putu sira gugunyak, lah wus karya. " Mangkana kang aneng jaba Manawi lawan Man--awa sakeh jim yen sajen pirang2 pinaganan pan milih saxdoyananira. Maka nabda ban katrinya: " Ikilah Dewa, apa doyan mangan anglir jalma?" Nabda Manawi Manawa: " Ingsun Dewa sangkan anyar, marma maksih doyan mangan." Atatanya Nyai ban katrinya: " Sinten nama kaki X Dewa ?" Nabda Manawi Manawa: " Yang Thuwukkan, Yang Bungkukkan." Gumuyu kang ban katrinya: " Ni Thuwukkan, Ni Bungkukkan kabehnya boten estri ?" " Iya aku lanang nini. " Dadya gumuyu ban katrinya sarengan, Manawi

Manawa

p.126. Manawa aya crewet sira jalma tur sun banyut /, sun nurut sira bangur sun rabeni pisan." Dadya ajrih katrinya. Mangkana wus tan winarna kun--dur Nateng Jenggala mring pasanggrahanira lan karo panakawanira. Maka kang winarna Prabu Rara sakundurnya ingkang mindha kelangkung gagetunira ing tyasira kaya2 lan aturnya ban katrinya wus ngrasa kalebon dhustha dadya langkung wirangira, nimbali Suradewatya, prapta ginarwan niskara gumuyu Suradipatya, mangkana ing ngaturira: " Pan inggih mangsa dedeha kalamun tiyang punika, kang mindha2 lir Dewa, marma sanget gething kawula dhumateng tiyang punika, ngantos tandnes balung kawula punika." Maka sareng miharsa Sang Prabu Rara mring ngaturnya Suradewatya iku, lamun anaraka wong kang ana taman iku ingkang mendha2, dadya sangsaya wirangnya, pan kathah ingkang krasa, sabarang ing tingkahira iku dadya sanget runtikira. Mangkana ingkang nganabda: " Wus Suradewati, mundura banjura nembang tengara, sun dewe metu ngayuda." Mangkana Suradewatya

p.127. nembah lengser sangking ngarsa, pan lajeng nembang tengara sumakta / Waragana wolung puluh lan jim samya kesaleh pepak, nulya baris ngalun--alun kabeh iku. Maka banjur Satma nembang tengara pepak sumahab nga--yuda wius tinata Dipati lan buyut samya tinindhihan mring anakira iku papat, Ki Satma gya budnal sing pasanggrahan nulya ing ngalun--alun wus prapta tinon aglar barisnya. Mangkana Sang Prabu Rara, mapan wus ngaturan pirsa lamun Ki Satma prapta sawadya baris ngalun-alun. Nulya miyos Sang Prabu Wanadya gung Waragana mungging ngarsa, pan banjur campuh ngayuda liwat rame surakira ingkang jim kalawan jalma iku. Maka wus tan ana kang kuciwa prangira sagung Waragana tandhing buyut lan Dipatya dasar bejana kulit samya. Nging kuciwa Waragana samya neng kuda dadya tan oleh males sagung buyut lan pra Dipatya iku kaku tyas samya karuna. Mangkana Nateng Jenggala, marma gya utusan nulya Manawi lawan Manawa kinon Nateng Prabu Rara, mangkana pangucupira: " Heh, Tunjung -bang Ragula mara aja nganggo ngadu bala kasuwun tur tanpa karya jago

p.128. - / -nira bahe tekaha pan sira lawan manira iku kabeh

. Maka dupi miyarsa Prabu Rara yen tinantang ngayuda iku gung bendu, pan nulya utusan sagung Waragana kinon mundur samya. Manawi Manawa nulya ngunduraken gung buyut lan pra Dipatya pan kinon baris kewala. Mangkana Sang Prabu Rara nulya miyos ing ngayuda, sanasta tan ngambah kisma lir wulan lagi purnama mitenggeng sagunging jalmar, mulat Sang Suprabawati ing ngiring emban katrinya ngampil endhong lan gendhewa. Mangkana Nateng Jenggala nulya majeng ranagana ing ngiring buyut Satma manawi lan manawa sahasta tan ngambah kisma, kang cahya lir dewangkara, mitenggeng sagung Waragana myang itjen kasilih samya. Suradewati mangkana tanbuh2 polahira, wus tan samar ingkang warna yen nyata pacanganira jalma kang neng taman dhingin iku. Maka kalih pan wus panggya ingkang tyasa kadhinginira lir panjang binating sela, nanging iya Prabu Rara nging ngesthi wirang ing driya,

p. 129. solahnya kala memiya pan iku kang mindha Dewa pratandha supe ing / nganggolan tan pandung ingkang suwara. Mangkana Sang Ratu Galuh pasthinirang wardaya: " Angur aja katon mata tan wurung bilahi sira." Sigra Sang Prabu Wanadya Suprabawati anulya angasta gendhewa digbya pusaka myang ingkang wastra nenggih Sang ngandika: " Kejaba kuwawa sira

sira nadhahi sira Wasesa, anging kalah lawan sira." Ngandika Nateng Jenggala: " Lamun kang ngabdi palastra sinten Gusti ngladasana ?" Mangkana dadya sangsaya bendunira Ratu Galuh iku, meh lumepas Jayacapa cinandhak mring Sang Yang Sindula, lawan aris ngandika Sang Ratu Sin--dula mring kang wayah Prabu Nara: " Wus nini sira selehna iku ta gendhewanira, ya iku lakinira kang aranexxx Mas Tanpa Una, wus paya mulih marang pura." Putu Prabu mreneha, gya majeng Nateng Jenggala lajeng kinathi kalihnya mring kang Yang Ratu Sindhula , sagung ingkang Waragana samya mudhun sangking kudanya. Maka banjur Nata Sindhula iku kundur mring pura lan kang wayah karonira, ingiring gung Waragana, nging Satma lan Satmi, manawa manawi iku catur kang dherek manjing

p. 130. jro pura, sagung buyut lan Dipatya kantun Pagelaran /

. Maka banjur miyos Sang Yang Sindhula lan kang wayah Sang Prabu Banjaransari iku maring

myang jim Seluman kabeh tinimbalan iku pan wus padha teka dadya kumpul jalma jim Seluman kasalin pepeak iku. Kabeh ana ing Galuh negara dadi lewat dhingin aryane ing Galuh iku, apadene kang Waragana wolung puluh punjul papat mapan tetep dadi isining kenya pura kabeh iku. Maka kang tetep dadi Pepatihira iku, karsane Ratu Sindhula Kyai Satma, ingkang wayah Prabu Banjaransari iku pinaringan nama mring kang eyang Nata Sindhula: " Sang Prabu Gusti Haji Jayabaya" sineksen sagung Ratu2 nulya munya jumegur ingkang gegana, iya iku kang pratandha tunggal Ratu ing Tanah Jawa. Ing sawusnya prentah Sang Yang Ratu Sindhula banjur musna kundur maring ketdhatonnya ing Guwa Terusan iku. Maka ing sawuse kondur Sang Yang Ratu Sindhula iku, Gusti Haji Jayabaya

p. 131. banjur luar sineba / sakeh Ratu2 jim Seluman kasaleh iku, wus kalilan mulih mring kahyane sowan2. Nanging Ratu Ganawati lawan Ratu Nagawati iku bali ana ngisare Ratu Angin2, dene pasebane kabeh iku mring Galuh kaya dhingin pendhak Garebeg bahe jim Seluman kasaleh iku.

Anapun hikayat sakehe jalma ing Tanah Jawa bang wetan iku sakehe kang para Bupati ing wektu iku kang tinut prentahira Raja Kalung--kung ing Bali, lawan Dipati Jayaningrat ing Belambangan iku kang tunggu negara. Ing Jenggala samusnane Sang Prabu Banjaransari iku; maka ing wektu iku ngrungu warta Raja Kalungkung lamuh ing bang kulon, ana negari anyar kaliwat getdhene apadene baguse lan arjane, nanging kang jumeneng Ratu iku wus misuwur lamun Prabu ing Jenggala. Banjur rembugan Raja Kalungkung iku lan sakehe kang para Dipati, lamun padha mokalake yen Sang Prabu Jenggala kang jumeneng iku, sabab wus kawarta lamun wus seda iku. Maka dadi padha rembug sakehe para Dipati lamun linurugan nagara ing Segaluh iku, nanging Dipati Jayaningrat kang

p. 132. maksih setengah rembuge. Mangkana Sang Pra- / -bu Gusti Haji Jaya--baya iku mapan seba pepak sakehe pra Dipati bang kulon. Ki Satma kang mungging ngarsa, dene anakira Ki Satma kang tuwa iku pinaringan nama Prabu Sangkan lan prentah marang sakehe pra Dipati ing bang kulon, kabeh iku. Maka kersane Gusti Haji Jayabaya, Prabu Sangkan iku ing ngutx -us animbali marang sarupane Bupati ing bang wetan kabeh, nanging tan

linilan

linilan Prabu Sangkan iku lamun kapranga lan tan kalilan gawa bala nanging padha Bupati bahe patang puluh iku padha jaranana bahe mangkata sadina kiyi. Ri wus prentah Sang Nata banjur luar sineba iku, Maka Prabu Sangkan banjur mangkat lawan ing ngiring Bupati patang puluh iku, pada jaranan bahe ing Jenggala kang den seja iku. Mangkana ing Jenggala, Raja Kalungkung iku pinuju pepak sakehe Bupati ing bang wetan iku kabeh padha tata2 bakal kang lurug marang negara Segaluh. Nanging Dipati Jayaningrat iku kang meksa durung ngumpul rembuge iku, Maka kesaru praptanira Prabu Sangkan iku, banjur temu lawan Raja Kalungkung
p.133. dhinawuhan Raja Kalungkung iku lamun den timbali maring Galuh saka / kancane Bupati iku kabeh. Banjur napsu Raja Kalungkung iku natang jurit. Prabu Sangkan iku nora wang2 lan Raja Kalungkung iku banjur tantang2-ngan bahe banjur mundur Prabu Sangkan lawan mojar: " Lamun nyata lanang, heh Kalungkung nututana sira iku." Maka banjur nembang tengara Raja Kalungkung iku dhasar wus sumekta, banjur budhal teka ing Jenggala tan petung kene kang bahe. Nanging Dipati Jayaningrat iku kang kemba ing lampahira, mangkana pan wus tan winarna niskara kalaning marga. Mang-kana ingkang winarna Sang Nata Galuh sineba, Dipati Satma ngarsa durung ngandika, kasaru Prabu Sangkan praptanira myang Dipati kawan dasa, banjur katur gung niskara, miyos Gusti Haji Jayabaya, mangkana aris ngandika marang Ki Patih satma: " Heh bapa lan pretana marang sakeh wong Galuh padha aja na rubiru Bapa", Dimekne iku prapta si Kalungkung sakancane: Ki Patih matur sandika, Sang Nata luar sineba, Satma prentah nulya marang sarupane wong ing Galuh iku. Maka nora antara lama prapta-nira sakehe gung Dipatya ing Jenggala pepak niskara lan rusuh samarga2
p. 134. Raja Kalungkung parentahnya nging wong Galuh iku / padha

Satma sumingkir kewala. Mangkana

mapan meh prapta ing negara Segaluh, nulya utusan Sri Naranata sakeh jim kinon nyripungana mring sagung kang pra Dipatya kabeh iku, kang teka saka Jenggala nging Jayaningrat bahe lewatana Manawa Manawi iku sira angirida maring sakehe jim. Kalih matur sandika, nulya mangkat sing ng-arsa wus tan winarna iku. Maka kang winarna sagung wadya ing Jenggala iku ana tata masanggrahan aneng sajaban pura anggenteni marang wetune wong Galuh iku, mapan lawan kasukan tan sah drawina. Mangkang geng jim praptanya ngirid Manawi Manawa wurahan umyung kang suwara dadya geger sagung jalma tanbuh2 kang den ungsiya bingung giris miyarsa suwara, Raja Kalungkung anulya rinujag maring jim samya, kaliwat ing rosanira pan kontal sakeh jim samya, manawi lan manawa tulung jeglung nulya tan rubuh kontal pribadya, lamun wikana kang rupa kadya lebur kang jim
p. 135. iku ingamuk Raja Kalungkung iku. Maka Ratuning jim iku /

ingerikaken badannya iku, den srimpung

sukunira mapan sagung Dipatya myang Mantri wus padha kena simimpungan, pan samya nging Jayaningrat pribadya iku kang tan pinusara, gya rawun sing Jayabaya, jumeneng ing ngajengira Sang Raja Kalungkung lan ingiring sagung ingkang Waragana wolung puluh papat iku. Maka Sang Jayaningrat

iku wus

iku wus tan samar ing tyasira, yen nyata Nateng Jenggala iku banjur nangis anungkemi padha. Mangkana sagung Dipatya pan samya nangis sadaya lan tobat nuwun apura tanapi Kalungkung Raja, pan sanget dennya karuna lan tobat nuwun apura. Mangkana anulya Nata ngatag hanawi hanawa kabeh kinon ngulmana iku. Maka ing sawuse ucul kabeh iku Raja Kalung--kung iku nulya nungkemi pada karuna kabeh iku lir supena. Mangkana wus tan winarna sagung ingkang ~~mimkara~~ saniskara ambujeng ~~x~~ enggaling kandha pan wus kinon manthuk samya Bupati bang wetan, iku ing Galuh kaliwat arja ing wektu iku jumenengira Gusti Kaji Jayabaya ing Galuh

p. 136. keratonira /

Anapun hikayat Ratu Galuh iku, Gusti Haji Jayabaya, Ratu Supra--bawati iku wus tetep dadi garwane, Waragana wolung puluh papat iku wus dadi isi pura iku. Maka wus lawas Gusti Haji Jayabaya iku olehe jumen--eng Nata negara Galuh, Ratu Suprabawati iku wus peputra loro, kang sepuh Wanadya pinaringan nama mring kang rama, Kangjeng Ratu Pagetdhongan, kang rayi priya kinarya Pangeran Dipati iku nama Gusti Haji Dipa. Dene saken Waragana iya wus peputra jalu putri iku ana kang dadi Dewa wara--gana ana kang maksin dadi manungsa iku. Maka ana ajar kaliwat gentur ing tapanira iku ing Gunung Padhang pertapanira agar iku. Gusti Haji Jaya--baya tetedhak maring Gunung Padhang lan kang putra Ratu Pagedhongan iku, nuli rawuh Gusti Haji Jayabaya iku ing Gunung Padhang lan kang putra Ratu

p. 137. Pagedhongan iku. Maka / nulya ngadhep Kyai Ajar iku, ing sawuse tata lenggah iku nulya angaturi suguh iku rupane suguhe gadhung kanji kembang melathi, kembang saruni, kunir, juwatdhah, indhang brancuh suguhe Kyai Ajar iku. Maka dadi bendu Gusti Haji Jayabaya iku, maka nulya narik cur--iga banjur linarihan Kyai Hajar iku, banjur mati, nulya kondur Gusti Haji Jayabaya iku, teka Gunung Padhang lan kang putra Kangjeng Ratu Paget--dhongan, sarawuhe iku, banjur matur mring kang rama Kangjeng Ratu Paget--dhongan iku;"Sabab punapapun Ajar, panduka telasi punika ?" Maka mesem Gusti Haji Jayabaya lan aris angandika: " Sabab si Ajar marma ingsun pat--eni iku wus dadi karepe dhewe mangkana iku. Sabab suguhe si Ajar maring ingsun iku, brancuh rupa nem perkara iku pasemon ing tembe turun ingsun, ing Tanah Jawa, ana lelakon nem perkara iku."

Anapun hikayat Ratu Pagetdhongan iku, wadat tan kersa krama , lewat genture tapanira Ratu Pagetdhongan iku, sasedane kang rama Gusti

p. 138. Haji Jayabaya karsane kang / eyang Ratu Sindhula iku kang wayah Ratu Pagetdhongan iku kinon ngadhaton ing Sagara Kidul, Ratu Angin2 iku kang dadi Patihe prentah maring sakehe lelembut kabeh iku. Maka kang jumeneng ing Galuh iku kang rayi Gusti Haji Dipa dadi Ratu sakehe jalma ing Tanah Jawa iku. Dadi maremkali ing Tanah Jawa iku, Gusti Haji Dipa iku wus peputra Prabu Naradipa, Prabu Naradipa iku peputra Prabu Jayadarma, Prabu Jayadarma iku peputra Prabu Mundhingwangi, Prabu Mundhingwangi iku... Tamat hikayat Nagara ing Galuh wallahu 'alam bissawab ghofarolahun allahu ya Robbi ya Ghofur3.

Anapun hikayat Nagara ing Galuh kala jumenengira Prabu Mundning--wangi iku

iku wus tuwa, dadi akeh kang dadi rubeda mring Prabu Mundhingwangi iku. Maka nuli tampa wangsite kang eyang Ratu Sindhula iku, Prabu Mundhing--wangi lamun kinon ninggal nagara ing Galuh iku, ~~xxxxx~~ sabab wus tuwa, kinon ngalih karya nagari ing Patjajaran, Prabu Mundhingwangi iku.
p.139. Maka banjur ngalih Prabu Mundhingwangi / iku teka Galuh maring ing Patjajaran. Kaliwat arja ing Tanah Jawa kala jumenengira Prabu Mundhing--wangi ana ing Patjajaran iku. Maka wus puputra Prabu Mundhingwangi iku ~~ana ing Patjajaran iku. Maka wus puputra~~ Prabu Ardisari, Prabu Ardisari iku peputra Prabu Perwatasari, Prabu Perwatasari iku peputra Prabu Dewa--nata. Kala jumenengira Prabu Dewanata negara Patjajaran iku wus tuwa. Ma--ka akeh kang dadi sangsarane negara ing Patjajaran kala wektu iku kang putra Raden Jaka suruh iku wus kinarya Pangeran Dipati iku. Maka nulya ana ajar ing Gunung Padhang kaliwat akeh cantrike iku, tinimbalan tan gelem seba banjar kinon nglurugi, wani ajar iku kalah wong Patjajaran iku. Lewat bendu Sang Nata, banjur Kyai Patih dhewe kang kinon lumaku banjur aprang tumpes cantrike ajar iku. Maka banjur teluk ajar iku mar--ing Ki Patih, kang sarta tobat Kyai Ajar iku. Nanging Ki Patih iku mapan
p.140. sangsaya bendune banjur sinu- / -duk ajar iku

ratunira nora wurung ing tembe sun walesira rabine Ratunira kang lagi kang lagi meteng iku, sira den waspada wus sayekti, lamun titisingsun iku. ~~M~~ Maka lewat gentune manahira Ki Patih iku, lan liyune cantrikira kabeh iku melu musna tan ana kari sajuga wus munduwur Kyai Patya sing marga sawadya kuswa prapta, wus katur niskara langkung ngungun Sri Nalendra iku. Maka wus lama garwanira Sri Nalendra kang bobot iku ~~waspada~~ babar mijos jalu, mapan enget Sri Nalendra maring ature Ki Patih, banjur kinon dulang wisa, nging bayi maksa ~~x~~ wentala malah welagang. Nulya kersane Sri Nalendra kinon nglabuh bayi iku maring Kali Ciliwung kang sarta den wadhahi pethe lawan den kunci, sabab dimekne mati bayi iku. Maka banjur linabuh bayi iku ing Kali Ciliwung, nanging pethi iku
p. 141. nora / ngilem, banjur keli kesangsang maring widnene juru sawah pethi iku ~~x~~ prantine masangi iwak banjur tinemu pethi iku maring juru sawah, banjur ginawa mulih ing ngungkaban pethi iku, isi bayi lanang banjur den pek anak bayi iku marang juru sawah den jenengi bagus Banyak-widhe bayi iku. Maka liwat walagang bagus Banyak-widhe iku, lawan bagus rupane wus sa--pangon gedhene lan kliwat rosane bagus, lan bagus rupane liwat trisnane juru sawah iku maring anake ~~maciwa~~ kadyo anake dhewe juru sawah iku. Maka ing wektu iku juru sawah mapakake bature arep ngalebakake pari maring negara. Banyak widhe kudu melu pinenging iku, nora kena, banjur melu bahe, bareng teka ngalas ana manuk muni, maka takon Banyak Widhe iku mar--ing Bapakne, tinuturan manuk siung iku arane. Maka ana maneh nganggo buntut takon Banyak Widhe iku, apa ~~xxxx~~ arahe Bapa, sumahur juru sawah wanara iku arane. Maka mojar Banyakwidhe maring juru sawah: " Iya iku
p. 140. aran ingsun Bapa dadi Siungwanara /araningsun iku Bapa.?" Maka wus teka juru sawah ing negara sagetrah kang padha amikul pari iku kabeh nora idh--ep lamun anake lunga iku, ketungkul milang pari bahe iku. Maka jaka Siungwanara iku banjur munggah maring Sitinggil nabuh gong sekar dalima ing ngatdhangan nora kena, banjur kapirsa Sang Nata, kinon mirsa, lamun

juru sawah

jurusawan anakira ingkang nabuh gong iku ingatdhangan pan tan kena iku. Maka banjur den timbali juru sawah iku lawan anakira, banjur pin-undhut anakira juru sawah iku maring Sang Nata, kinarya Wadana mring sarupane pandhe iku kabeh, lan banjur katrima gawene jaka Siungwanara ik Maka lawas2 Jaka Siungwanara iku gawe paturon gedhong wesi lan winehan glindhingan getdhong wesi iku, ing sajrone getdhong pepak nis-kara kang endah2, dadi akeh wong kang padha gawok maring akale Siung-

p.143. -wanara iku, dadi padha nonton maring getdhong iku, nanging / Raden Jaka suruh lan Kyai Patih uninga maring sabarang akale Siungwanara iku. Maka Sang Prabu Dewanata iku ing ngaturan maring Siungwanara ningali maring ing peturone getdhong wesi iku, dumadakan gampang galihe Sang Nata banjur tedhak lawan kang garwa iku lagi bobot kacaryan Sang Nata ningali marang getdhong iku, lan kang garwa, banjur sarehan Sang Nata lawan kang garwa ana ing sajrone getdhong wesi iku. Maka banjur kinunci getdhong wesi iku maring Siungwanara iku, teka ing jaba, banjur sarupane kang padha dherek iku padha kinon nyekeli maring ing sarupane empu iku, banjur padha pinatenan, getdhong wesi iku banjur kinon nyeret maring sarupane empu iku linabuh maring segara getdhong wesi iku. Banjur sirna margalayu Sang Prabu Dewanata iku lawan kang garwa lagi bobot iku. Maka Kyai Patih bareng ngrungu nora nganti bela, saking gugupira banjur ngamuk iku lawan karuna, tinadhahan maring sakene empu lan Jaka Siungwanara, Ki Patih banjur palastra, liwat rusak kang kunarpa, pan banjur Siungwanara maring Kadipaten prapta ing

p.144. ngiring / sagung empu iku. Maka liwat kaget Raden Jaka Suruh iku lan banjur kinuya-kuya ingusir saparane siji kang ngiring tan ana, banjur manjing wana kelangan kang buru iku, banjur padha bali mundur mulih mring negara sakehe empu wus matur lamun tiwas gennya buru Narpaputra mapan katilap ing wana lewat ngungun Siungwanara nilangnya Sang Narpaputra iku. Maka ing wektu iku nagara Pajajaran pan liwat dennya sangsara, mapan akeh kang padha pinatenan Bupati, Mantri ing Pajajaran kang tan kecadhak padha minggat nging nak rabinya iku padha binayongan. Mangkana wus jumeneng Nata, Jaka Siungwanara iku, ana ing Nagara Pajajaran nora salin namanira nanging wuwuh nganggo Prabu bahe. Sang Prabu Siungwanara ing Pajajaran kang dadi Patih, Bopati, Mantri ing wektu iku, Pajajaran nangir empu lawan kang para meladhang iku, sajatinnya mapan cantrikira dhewe Kyai Ajar kang padha anitis dadi empu lan meladhang iku. Tamat hikayat Negara ing Pajajaran, wus tutug Prabu Siungwanara iku jumeneng Nata ing Negara Pajajaran iku, wallahu 'alam bissawab ghafarolahum.

p.145. Anapun hikayat Raden Jaka Su-/-ruh iku liwat tanpa rewang iku nanging pribadi nusup2 tan ana baya kahetang rina wengi lumaku, lamun sayah ing sa-enggon2nya bahe dennya sare iku, mudhun jurang, munggah gunung iku, sawiji mapan tan kepapag jalma. Salaminya lelampah Raden Jaka Suruh ngidul ngetan teka ing Pajajaran, tan karuhan kang sinedya ing driya iku. Maka dadi kalunta2 lampahira Raden Jaka Suruh iku nging manut sasenenging karsa kewala, sarira gagir usik. Mangkana pan munggah ngarga pura iku aranira

dhasar

dhasar wus sanget sayahnya, dadya banjur matiraga Raden Jaka Suruh iku, ana wukir Ngargapura, mapan wus mindha kunarpa. Mangkana mapan wus lama Raden Jaka Suruh iku dennya ana ing Ngargapura, obah2 salaminya iku. Maka Samodra Kidul winarna Kangjeng Ratu langkung welasnya mring kang rayi Raden Jaka Suruh iku. Mangkana nulya rawuh Kangjeng Ratu Kidul iku ing Ngargapura, Raden Jaka pan lajeng nungkemi padha iku lawan karuna Kangjeng Ratu pan mangkana kang rayi rinangkul, nulya lawan kumembeng

p.146. kang waspa mangkana /

Sang Yang Wasesa iku, mangka nulya angandika Kangjeng Ratu Kidul iku: " Wus kulup sira lungguha, ingsun kang ngrewangi sira." Nulya lenggah Raden Jaka Suruh iku, mangkana kang pangandika/Ratu Kidul iku: " Wus kulup, sira luwara yaiku gonira tapa mudhuna sing Ngargapura, kulup sira golek ana tengah ngalas iku pan ana maja kang pahit rasa--nya, liwat wangi ambunira, ing kono sira lungguha." Kangjeng Ratu nulya musna iku. Maka Raden Jaka Suruh nulya tedhak sangking Ngarga--pura. Mangkana mapan wus prapta Raden Jaka Suruh iku aneng tengah ing wana wasa iku, liwat ageng liwang-liwung sawiji, tilas tan ana jalma ingkang ngambah ing ngalas iku. Mangkana Rahaden Jaka Suruh iku, mapan wus manggih kang wit maja iku ana ing tengah ngalas nging juga lewat ngambar gandanira maja iku. Maka banjur lenggah Raden Jaka Suruh iku lawan sendhehan kang wit maja pahit iku, watara pitung dina nulya munya jumegur ingkang gegana, banjur obah iku gonjing sarupane ing Tanah Jawa, mapan iku ingkang tandha lamun tunggal pan jemunung iku,

p.147. Ratu Tanah Jawa. Banjur / hilang kang wit maja iku liru praja saniskara, pan wus sumekta, nging cacat tan ana jalma iku. Maka sakeh jalma kiwa tengen iku padha kaget, lamun alas iku ing mengko dadi negara liwat wedi sakehe wong desa, iku mapan rembug tur uninga mring Dipatinya dhewe, sakeh kang pra pratinggi nulya mangkana wus katur, nulya Dipati kang perak iku, Madiun lan Panaraga, Gedhiri wus padha prapta mring Negara anyar iku, mapan sadaya samya yun uninga kewala, nora nyana lamun iku Raden putra ingkang lenggah Prabayeksax iku. Maka nora mana kang pangling sakehe Bupati kang padha prapta iku mring Raden Jaka Suruh kang warna, nging rusak ingkang sarira. Apadene kang busana iku banjur padha nangis sakehe Dipati iku lan padha nungkemi pada. Nging cinendhak kang crita niskara pan tan winarna nging amrih gan--canging kandha bahe iku. Maka nuli ingutus sakeh Dipati, kang wus padha teka iku kinon nimbali maring Dipati kang durung seba iku kabeh, banjur padha seba sarupane Dipati ing bang wetanx iku kabeh wit Japara sa-

p.148. -pangetan /. Wus jumeneng, Raden Jaka Suruh iku ana ing nagara anyar katon iku. Maka nagara anyar iku pinaringan nama negara Majapahit. Jaka Suruh iku jujulukira Sang Nata Prabu Brawijaya, Dewapati ing--kang dadi Patih iku, iya anake Patih kang wus mati ngamuk dingin, kala bubrahing Nagara Pajajaran, iku banjur minggat nusul maring Raden Jaka Suruh iku, nging tan ketemu dadi banjur tapa bahe iku, pinaringan nama Adipati Gajahmada iku. Maka sakehe Bupati, Mantri ing Pajajaran iku kang padha maksih urip, lumayu kang nora kecandhak iku iya, wus

padha

padha teka, kang mati Bapakne, anake kang nusul, iku dadi elur sadina2 nora ana towonge Bupati, Mantri kang padha teka, iku dadi wus pepak Bupati, Mantri ing Pajajaran iku ngalih ing Majapanit kang mati Bapakne, anakne kang gumanti arane iku.

Anapun hikayat nagara Majapahit kala jumenengira Sang Nata Prabu Brawijaya Dewapati iku, kaliwat arjanira ing Tanah Jawa kang bang wetan, dhasar patut lawan ingkang Patih Kyai Adipati Gajahmada, iku dhasar
p. 149. maksih / samya jejaka. Mangkana mapan wus tata karsanira Brawijaya ngalurug maring Pajajaran iku. Mangkana mapan wus tata Ki Patih Gajah--mada myang sagunging pra Dipatya, nging kari ngenteni karsa niskara pan wus sumekta iku. Maka Pajajaran kang winarna Sang Prabu Siung--wanara, mapan wus miharsa warta yen kang raka madeg nata iku ing bang wetan gung Dipati mapan wus suyud sadaya, arane ingkang negara Majapahit wartanya, pan nora kinarya jalma, liwat endahe kang warna myang gung niskara dadya lewat bendu Sang Prabu Siungwanara ing Pajajaran iku. Yun nglurug maring Maja (pahit) lengka Prabu Siungwanara iku. Maka nulya prentah Siungwanara sakehe Bupati bang kulon iku, kinerig tinim--balan pan wus prapta sumahab gagaman yuda, gya tinata sagung empu lan meladhang, mapan iku kang kinarya nindhini sagung Dipatya, sabab kang tiyas tan percaya maring sagung pra Dipatya iku. Sang Prabu Siungwanara mangkana gung pra Dipati mapan yekti samya satengan tiyasira pan kabeh
p. 150. wus ngrungu / warta lamun nyata Gustinira ingkang wus jumeneng Nalendra ing Majapahit iku. Maka sagung pra Dipatya bang kulon wus rembug ngimpun nging samengka kewala, mangkana anulya Sang Prabu Siungwanara prentah nembang tengara, empu lan meladhang samya nindhini sagung Dipatya, sumahab gung wadya kuswa liru lumurun sing ngarga, pan wus budhal Sang Prabu Siungwanara iku sing Pajajaran nagara mring Majapahit sadayannya tan petung kehing ingkang bala, mapan anglir wardahangga iku. Maka ing Majapahit winarna Sang Prabu Brawijaya, iku mapan wus prapta kang kang mangsa ayun nglurug karsanira dhasar wus padha sumekta sakehe Bupati samya bang wetan myang Bali, Raja Klungkung, Guleleng, lawan Karangasem, pan wus pepak neng Majapahit, sawadya lan wus sumekta ngayuda. Mangkana Sang Brawijaya wus miyos mapan nulya kinon anembang tengara, Ki Patih Gajahmada sumereg sagung pra Dipatya tan petung kathahing jalma iku. Maka kang dadi pangarsa ing Bali, Klungkung, Raja Guleleng, lawan
p. 151. Karangasem / katrinya iku, Mandura lan Surabaya kang nambungi Patihira ngirid gung Pasisir samya, Madiyun, Gedhiri nulya ngirid gung maca--nagara. Nulya jeng Sang Brawijaya ginarubeg gung Dipatya ing jero lawan samantrinira kyai Patih Gajahmada tan tebih lawan Nalendra. Mang--kana mapan wus prapta nenggih negari Ngastina, Sang Prabu Brawijaya, tata masanggrahan. Nulya mangkana ingkang winarna Sang Prabu Siungwanara Pajajaran ingkang lelampah sawadya kuswa, pangrasa wus tur uninga lamun Ratu Maja (-pahit) Lengka Ngastina baris sawadya iku. Maka banjur perentah Sang Prabu Siungwanara iku maring wadya kang pangarsa kinon, banjur tata gelar nempuh yuda, empu Jerampan lawan meladhang Ngabeni nulya mring sagung kang pra Dipatya, kang padha dadi pangarsa Carabon, Banten, Bawehan,

Sumedhang, Krawang, Pasudhan, iku banjur atata nembang tengara. Mangkana Sang Brawijaya prentah marang Gajahmada kinon anindhihi yuda. Mangkana mapan anulya Ki Patih nembang tengaraning yuda iku, maka nyulya tata ing Bali Raja katrinya, Mandura, Surabaya, Madiyun, Gadhiri, nulya gumuruh
p. 152. /xt nembang tengara

tunggal baris mring Bupati wetan iku, pan samya mangkana siang wanara mapan wus kesisan bala nging Pu cro lan pan rong ewu iku lamun windtra gadhong rempag pangamuknya tinindhihan maring Sang Nata, pan wus tan sedya mundura iku. Maka kang nadhahi ing Bali, Raja katrinya pan banjur kuwel kewala pan panggih samya purunnya wong Bali lewat panggahnya lawan menang tandhingira. Mangkana sagung2 Dipatya banjur ngebyukku padha dadya jitus tandhingira, pu jru lan meladheng, mapan napanggih pira kuwatnya, nadyan kulit tembaga wong jitus, pasthi tan nyongga. Mangkana mapan wus brastha pu jero lan meladheng iku, mobat-mabit tandhangira, singa kang ketrajang brastha. Mangkana Sang Brawijaya Dewa-pati, lewat mirma mring sagung kang pra Dipatya, mangkana Sang Brawijaya
p. 153. Kyai Patih / mapan iya kinon angunduraken samya mring sagung kang para Dipati, wus mundur, nulya Sang Nata Dewapati sampun panggya lan Prabu Siungwanara iku. Maka sakabehe pra Dipati iku pan kinon ngepung kewala, kalihnya samya sudira braja tan ana turmama, junjung jinunjungku nulya ku-ciwa Siungwanara ing ngiles pan wus tan bisa males Sang Siungwanara. Mangkana banjur palastra Sang Prabu Siungwanara, Pajajaran iku, nging kunarpa banjur musna. Mangkana Sang Brawijaya Dewapati Majapahit iku, maka banjur lenggah mungging tarub ageng iku, Patih Gajahmada ing ngarsa, ing kanan pra Dipatya, Raja Bali katrinya, Mandura lan Surabaya, Madhiyun, Gedhiri, kang munggeng keringira Ki Patih Gajahpramada ing Banten lawan Bawehan, Carebon, Krawang, Sumetdhang, kang wingking sagung Dipati Pasisir bang kulon, lawan Pasundhan tepung Pasisir bang wetan lan Mancanagara iku. Maka ing sawuse padha ngutjung sakehe Dipati bang kulon iku lawan padha karuna, ingkang tyas pan lir supena; ri wus sagung kang niskara.
p. 154. Mangkana Sang Brawijaya Dewapati karsa- / -nira Ki Patih Gajahmada ingutus banjur ,Pajajaran, sagung pra Dipati bang kulon kinon tumut iku. Maka karsane Sang Nata Pajajaran iku kinon nyuwungnya ngalig Pasisir kewala ing Betawi iku, kinon karya kitna kang , Sri Nalendra mapan iku kang kinarya kang sarta pinaring nama Dipati Siungwanara lan kinon mundhut Ki Patya kang pusaka saniskara kagungan Sang Brawijaya, mangkana mapan wus rampung karsa Sri Nalendra kundur masanggrahan Kangjeng Sang Brawijaya iku. Maka kina Patih Gajahmada pan banjur nembang tengara iku lan sakehe pra Dipatya ingkang bang kulon kang samya ngiring Ki Patih Gajahmada budal sing negari Ngastina mring Pajajaran lampahnya. Mangkana Sang Brawijaya mapan kundur karsanira maring Negari Majalengka. Raja Kalungkung kang kinon nembang tengara dadya sulihe Ki Patya Gajahmada, Raja ing Bali iku. Maka

banjur budhal Kangjeng Ri Sang Brawijaya Dewapati iku teka negara Nga-
-stina, kundur mring Majapahit nagara, tan petang kehing kang jalma
p. 155. ing marga sagung niskara mapan tan / nora winarna wus rawuh Sang Binathara
Majapahit iku, mangkana ingkang winarna kina Patih lampahira ing Pajajaran
wus prapta lawan sagung pra Dipatya, mundhuti sagung pusaka mriyem sara-
-kit iku; maka kang mriyem sarakit iku titisira Kyai Setama lan Nyai
Setami karo iku saecatipnya giong niskara tan winarna nging amrih kan-
-ceng-kandha Pajajaran pan wus ngalih kuthanira Batawi, Siungwanara
wus tetep madeg Dipatya ana ing Batawi iku. Mangkana Kyai Patih Gaja-
-mada, mapan budhal mantuk karsanira mring Majapahit negara, wus kinon
nembang tengara sumahab gung wadya kuswa iku, maka sakehe Dipati bang
kulon iku kang maksih dherek maring ulihe Patih Gajahmada iku maring
negara Majapahit ing marga pan tan winarna, prapta negari Majalengka iku
Kyai Patih Gajahmada myang sagung ingkang niskara pan wus katur mring Kang
-jeng Sri Sang misesa kabeh iku. Tamat negara Pajajaran kala Siungwanara
wallahu 'alam bisawab ghofarolahum.

p. 156. Anapun hikayat negara ing Majapahit / kala jumenengira Sang
Prabu Brawijaya Dewapati iku, ing Tanah Jawa kaliwat arjanira, bengkas
sakeh doracara iku sabab dening adilira Sri Nalendra tunu
maneh sakehe buron2 ing Tanah Jawa iku padha seba
maring Majapahit. Memper kratone Sang Brawijaya Dewapati iku kang eyang
Nata Sindhula nging keri kang eyang Ratu Sindhula iku bodho tanpa sastra,
Majapahit iku wus nganggo sastra ing Tanah Jawa iku. Maka malah nganggit
Sang Brawijaya Dewapati iku layang uger bener luput sabarang iku, dadi
pikukuh adilira Sri Nalendra iku, aran layang Jugulmudha, Surya Ngalam,
Raja Niti, Raja Kapa2, papat iku, layang anggere nagara ginadhukkan mring
Ki Patih Gajahmada, layang angger papat iku, prentahira Nalendra pan tan
kena lamun iku hambalelehu sabarang karsa Nalendra. Maka Kyai Patih Gajah-
-mada ing wektu iku omah pradatan kewala, mulih2 lamun nendra bahe, iku
sabab dennya ngingkat marang angadilnya Sang Nata, marma ing Tanah Jawa
p. 157. kala wektu iku niskara suka pirenna / sabab ngadilnya Sang Nalendra
padha melu lan mring sagung jalma myang niskara
gung Sang Brawijaya iku, sabab dening ing adilira lawan
liwat wingit hira tuhu lamun Ratu Binathara iku. Maka nora pane lan
Sang Patya dennya ngingkat adilnya Sang Nata, Adipati Gajahmada sadina2
pradata tan purun, balibika nadyan sanak kadang warga lamun wus tumetis
lawan angger adilnya Nalendra, banjur tinrapaken kewala ing lara lawan
Patinnya, marma karta ing Tanah Jawa, nging emannya maksih buda lumaku
dil palamarta nagara ing Majapahit wektu iku. Maka sambada Nata, Patih,
myang punggawa Dipatya, lan para Raja jrih trisna maring Nalendra, apa-
-dene rengganingpura iku mapan liwat endahira, palungguhannya Sri Nalendra
Balesawung namanira iku, mapan ana gamelan munya pribadya, tan lawan
tinabuh jalma, lawan sakehe kang niskara pan nyata endah pribadya nagara
ing Majapahit iku, maka wus krama Sang Prabu Brawijaya iku garwanira
p. 158. mapan /

nulya kang nem Waragana iku babar miyos priya
Raden Gagor namanira karo iku patutan lan Waragana tan ana ramening
pura karo iku. Raden Udara lan Raden Gager iku, maka padha pamit karo
iku marang kang rama nuwun idi mangun tapa, karo iku wus ingidinan mring
kang rama. Raden Udara iku gennya tapa Gunung Mahameru neng Guwa Segala-
-gala, banjur dadxi ajar, ajar Tunggul Manik jejuluknya. Lewat gentur
tapanira malah bisa ngraga Sukma terus tingal sidiq kang saoda iku. Maka
kang rayi Raden Gogor iku tapa wukir Ngargapura, ing patilasannya kang
rama Sang Dewa gung dingin, iku lewat gentur ingkang tapa dadya musna
lan kang raga, Raden Gogor iku dadya tunggal lan kang eyang Kangjeng Ratu
p.159. Pagetdhongan,/ gennya Ratu Jimx lanang, Sunan Lawu jejuluknya Raden
Gogor iku. Maka ingkang putra Sang Brawijaya Dewapati iku dadi nanging
keri sajuga Raden Alip, iku kinarya Pangeran Dipati. Mangkana ana pradata
Kidang lawan aldaka, iku katur Patih Gajahmada, dinangu Kidang ngatur-
-nya; "Yen anak palastra ti nidnihan kang ngaldaka nuwun adil Sang
Dipatya". Mangkana nulya ngandika Sang Dipati Gajahmada: " Heh bantheng,
sireku kenna ing ngadil masthi palastra sira iku." Maka ing ngaturira:
" Dhuh Gusthi, kados punapa ? Marmennya kaget kawula kesupen nidhihi
cemeng palastra, sabab kang sima samya pan barengan, ajrih kula punika
sumangga karsa. " Mangkana Sang Adipatya Gajahmada pan nulya utusan
nimbali samya gung sima. Ngandikan prapta ing ngarsa, Sang Adipatya
Gajahpramada ngandika: " Heh macan, siraku kenna ing ngadil, pan wus
palastra lan ginarwen ing purwa madya wusana." Mangkana macan aturnya:
" Dhuh Gusthi, kados punapa marmennya kanca sadaya pan samya ngembeng,
p.160. punika pan pun kinjeng jogedan / samya, sumanggakarsa panduka;." Maka
banjur kinon nimbali saken kinjeng iku, nulya prapta, banjur dhinawuhan
kaya macan mangkana adilira. Mangka kinjeng tur samya sabab kemlandhengan
masang kala. Tinimbalan kemlandhingan iku nulya prapta, dhinawuhan
aturira sabab konang mapan masang iber. Samya tinimbalan konang prapta
dhinawuhan aturira: " SAbab waderpari kang samya baris, punika sumangga-
-karsa panduka." Maka ngandika Sang Dipaty Gajahmada: " Lamun mangkana
iku becik ingsun kang lumaku mirsa dhewe si waderpari, sabab si waderpari
iku nora bisa lumaku ing dharatan." Banjur lumampah Sang Dipati iku
matring kali pernahe waderpari iku, dhinerek sagung ing jaksa lawan sa-
-gung ingkang mandata iku. Maka wus rawuh Sang Dipati Gajahmada iku ing
Kali pernahe waderpari ikx kang pada baris iku. Nulya dinangu maring
Patih Gajahmada: " Apa sabab x waderpari sira padha baris iku, ing mengko
bilahi sira
p.161. / teka ing sira waderpari mangkana ing ngaturira: " Mari
barisan kewala pan yektos Gusthi sakanca sabab saking ajrih samya pan
yuyu langkung resahnya punika sagunging kanca yen kecadhak pan mingsa
lan kelangkung ing resahnya karyannya ngrisak kewala." Maka ngandika
Sang Dipatya Gajahmada: " Ing mengko ngendi gonira si yuyu, sira undanga."
Waderpari aturira: " Dhuh Gusthi, ajrih kawula mangsa wandeya den mangsa
langkung sepit ingkang wisma, pan ngiras masang prantya, tan wande pejah
patikbra." Mangkana Sang Adipatya utusan pun lingsang, nulya kinon nimbali

maring yuyu

maring yuyu iku, maka nuli den celuk yuyu iku maring lingsang sing coba
p.165. tinimbalan Sang Dipati. Nging yuyu meneng kewala, malah jero pangelengnya
mapan lawan hati-atinya. Mangkana lingsang bramantya, si nogog ing buntut
nulya pangrasane yuyu iku ngandelaken gamanira, sinapit wus pasthi lamun
pedhat buntut lingsang iku. Maka nuli sinapit buntut lingsang iku maring
p.160. yuyu pan kenceng penyapitnya, sineret metu wus kena / iya katur mring
Sang Dipatya, mapan maksih panyapitnya dadya nyata lamun sinekseh
mring sagung samya ingkang dherek Sang Dipatya lamun yuyune nyata
dinangu meneng kewala nora bisa yen matura nging mrebes mili kewala,
dadya wus katrap adilnya, lingsang kinon mangsa yuyu nulya mapan dadya
ila-ila yen yuyu lingsang kang mangsa, prentahnya Sang Dipatya, sabab
wus katrap adilnya nahuri cemeng patinya sabab dene polahira, lan dinangu
yuyu tan bisa matur, iku dadi kena ing saloka si yuyu ketahi baya iku. Mak
Maka wus kundur Sang Dipatya gung buron kinon bubar sowang2 mring pernah-
-nya niskara liwat perana maring adilnya Sang Patya, mendah lamun
p.164. marang jalma yen nora ngati-atiha, marang buron iku mangkana pan
ayun uning pribadya, tan pracaya marang liya yen ngaturakan adil iku
Sang Patih Gajahmada, marma karta Tanah Jawa iku.

Anapun hikayat sedanira Sang Brawijaya Dewapati iku, tan sulaya
p.161. lan kang Patya Gajahmada iku. Kang / putra Raden Alip kang gumantya iya
nama Brawijaya, anakira Gajahmada, Jaka Pekik namanira, iku pun gumanti
Patya Dipati Wahana kang nama nora nama Gajahmada, dadya owah gung niskara
nagara ing Majahpahit wektu iku. Maka Sang Brawijaya iku wus peputra
nging juga putri kang nama Raden Ayu Wuku, nulya seda ingkang rama Kang-
-jeng Ri Sang Brawijaya. Den Ayu Wuku gumantya, jejuluk Sang Prabu
kenya Den Ayu Wuku iku. Papatihira iku mapan wus maksih Sang Wahana
Dipatya iku, Maka Ratu Ayu Prabu kenya iku, wus krama angsal putrane
kang bok wane, patutan Sing Paluhamba iku kala kesah tapa mampir maring
Paluhamba, Ajar Tunggul Manik, iku dadya wus jumeneng Nata, nunggak
p.167. Semi namanira iku, iya Prabu Brawijaya. Mangkana pan wus peputra jalu
iku, acangkrama maring wana lang ingkang Patih, Sang Dipati Wohana iku
banjur seda, Kangjeng Sang Prabu Brawijaya iku aneng ngalas, tan sulaya
p.162. kaliwan Patihira Dipati Wohana iku / banjur dadi paparaban Sang Prabu
Brawijaya seda cangkrama. Maka banjur ingkang putra Kangjeng Pangeran
Dipati iku kang jumeneng namanira, ya Nunggak Semi, iku Sang Prabu
Brawijaya, Brawijaya ingkang kaping papat iku. Dene ingkang dadya Pa-
-patih iku, anake Wohana Dipatya, Nunggak Semi namanira Sang Dipati
Gajahmada. Tan ana sulaya karsa Ki Patih lawan Sang Nata, tur maksih
samya taruna Gajahmada lan Nalendra. Garwanira putri Cempa dhasar ayu
tur utama, Ratu Darawati namanira, pan iku kang dadya marga ing Jawi
salin agama, ilangnya agama Buda salin Islam kang agama. Sakehe wong
Tanah Jawa bakali kabeh iku.

Anapun hikayat Sang Brawijaya Majapahit ingkang wekasan iku,
sugih garwa lawan putra, malah sakehe praja ingkang geldhe2 iku mapan
p.168. tinaneman ingkang putra. Kang tinanem ing Mandura iku, iya ingkang putra
Lembupeteng namanira, patutannya Kangjeng Ratu Darawati iku, Kang

tinanem

tinamen ing Palembang, Arya Dilah namanira, patutan lan Larasati. Dene
p.165. kang akeh2 iku, tan winarna putri- / -nya Sang Brawijaya

ingkang siji Raden Patah namanira, ibunira putri Cina ginadhuhaken maring kang putra Palembang kang putra Raden Patah iku, kang siji Raden Bondan Kejawan namanira, ibunira Putri Wandhan kuning ginadhuhaken maring Kyai Ageng ing Tarub, kang Raden Bondan Kejawan Surati iku. Maka ingkang putra Sang Prabu Brawijaya kang nama Raden Patah iku kang wiwiti nyalini agama Buda ing Tanah Jawa salin agama Islam, nanging kang rama Sang Brawijaya iku den aturi manjing marang agama nora karsa; dene Raden Patah iku ing Demak kratone, nama Kangjeng Sulthan Demak iku, peparab Sang Senopati Jimbun Raden Patah iku. Maka banjur perang Kangjeng Sulthan Demak iku lan kang rama Sang Prabu Brawijaya ing Majapahit, iku sabab den aturi manjing maring ing agama Islam, kang rama Sang Prabu Brawijaya Majapahit iku, mring kang putra nora kersa, lan
p.166. wus teka ing janjine Islame /

jeng Ratu Darawati
nanging iku ingkang katya sabab Kangjeng Ratu Darawati iku wus manjing marang ing Agama Islam, sapa wonganira tan melu." Musna Ratu Darawati iku marang kang raka Sang Prabu Brawijaya, Brawijaya kang kaping pat ing Majapahit, kang dadi wekasane agama Buda Tanah Jawa iku, ing Demak kang nyalini iku kang dadi awite Islam ing Tanah Jawa. Kang jumeneng ing negari Demak iku Raden Patah ajejuluk Kangjeng Sulthan Senopati Jimbun.

Anapun hikayat putrane Sang Brawijaya kang jumeneng Sulthan Demak iku patutan lawan putri Cina, nanging olen dadi wiji awite Islam Tanah Jawa bahe iku nanging jumeneng kaping pat kraton ing Demak iku nuli ngalih Kraton ing Pajang iku, nanging sapisan nora temurun maneh ing
p.167. Pajang iku nuli ngalih Kraton / ing Mataram. Iku kang dawa turune mengka ing Tanah Jawa tumeka ing akhir jaman iku, nora kaselanan turun Mentaram kang mengku ing Tanah Jawa.

Anapun hikayat kang dadi wijine kraton ing Tanah Jawa ing Mantaram iku kang nora kaselanan, tumeka ing akhir jaman iku, ya iku putrane Sang Brawijaya kang nama Lembupeteng iku. Anapun hikayat putrane Sang Brawijaya kang nama Lembupeteng iku loro: kang siji Lembupeteng Mandura iku, Lembupeteng Jaranpenoleh arane, iku putrane Sang Brawijaya patutan lawan Ratu Darawati. Putri Cempa kapinda Lembupeteng Tarunabiku, Lembupeteng Bondhan Kejawan arane iku, putrane Sang Brawijaya patutan lawan putri Wandhan Kuning. Maka Raden Lembupeteng Bondhan Kejawan iku den paringake maring Kyai Ageng Kidang Tilangkas ing Tarub, karsane Sang Brawijaya marmane kang putra Raden Bondhan den paringke mring Kyai Ageng Tarub iku, sabab Kyai Ageng Tarub iku darbe anak, wadon patutan lawan widodari. Maka ing sawuse seda Kyai Ageng Tarub Kidang Telangkas
p.168. iku, Raden Bondhan kang jumeneng Kyai Ageng Tarub lawan wus patutan /

peputra Kyai Ageng Nis, Kyai Ageng Nis iku pe-
-putra Kyai Ageng Mentaram. Kyai Ageng Mentaram iku peputra Kangjeng Panembahan Senopati Ngalaga ing Mantaram. Yaiku awitnya jumeneng kapisan turune Lembupeteng Bondhan Kejawan ana ing Mentaram, ajejuluk Kangjeng Pamenahan Senopati Ngalaga Mangkurat Tanah Jawa ing Mataram kadatonnya, lan kaliwat kuwat aprang ing Tanah Jawa. Marmane dadi ing Tanah Jawa, dadi siji karaton iku. Kangjeng Sulthan Mantaram peparabnya Kangjeng Sulthan Seda Krapyak. Kangjeng Sulthan Seda Krapyak iku peputra Kangjeng Sultan Ngabdulrahman, peparabnya Sulthan Agung. Kangjeng Sulthan Agung iku Ratu kang wus sampurna Islame, sabab kang wus anetepi rukun kang lima iku. Nanging kedhatone Kangjeng Sulthan Agung iku ngalih teka ing
p.169. Kutha Gedhe Mentaram ing ngaranan / iya maksih Mantaram, iku nulya peputra Kangjeng Sunan Mangkurat iku. Kangjeng Sunan Mangkurat kedhatonnya ngalih Pleret iku, iya maksih Mentaram; Peparabnya Kangjeng Sunan Tegalarum, sabab olene seda Kangjeng Sunan, karsane sumare ana ing Tegalarum bahe, iku nulya peputra loro Kangjeng Sunan Tegalarum iku, kang sepuh nama Sunan Mangkurat, kang anom nama Sinuwun Mangkubuwana kadhatonnya ngalih teka ing Tanah Mentaram iku. Ing Tanah Pajang, Kartasura arane, nanging kang raka Kangjeng Sunan Mangkurat iku, nora jumeneng turune, kang jumeneng ing Kartasura iku, turune kang rayi Kangjeng Sinuwun Mangkubuwana iku, Kangjeng Sinuwun Prabu. Kangjeng Sinuwun Prabu iku loro putrane, yaiku kang jumeneng dadi loro Kraton ing Tanah Jawa iku, Pajang lawan Mentaram. Nanging kraton Pajang iku ngalih teka ing Kartasura, kedhaton Pajang iku, Surakarta arane. Dene kraton ing Tanah Mantaram iku, ya ngalih Ngayogyakarta arane, lan namine Ratu loro iku, ya wus padha bane padha Mangkubuwana sabanjure, nanging kang bedha iku wiwitane bane,
p.170. ing Pajang nama Sunan, ing Mantaram nama Sulthan. / Iku awitnya rusak ing Tanah Jawa, sabab kapir wus melu masesa sarupane Tanah Jawa, padha sabar iku saparone ing Tanah Jawa iku ginadhun den aturaken pametune marang kang jumeneng Ratu ing Pajang lawan Mantaram, kang saparone kang jumeneng Ratu bumi Jawa iku den para padha, rasane kaduwe ing Ratu loro. Iku akale kapir laknatullah. Ngajeng Mantaram katedha Pagelen, Manca-
-nagari pagunungan marmane dadi saya akeh laliyane wong Jawa maring ing Agamane ing wektu iku. Awite tan kin cinatur niskarrane, nanging kersane kang nulis kang cinatur. Nanging kraton Tanah Mentaram ing Ngayogyakarta bae, Kangjeng Sulthan Mengkubuwana kang jumeneng ing Ngayogy-
-gyakarta kapisan iku peparaban Kangjeng Sulthan Prakosa. Iku peputra nora owah2, namane iya padha Kangjeng Sulthan Mangkubuwana, nanging peparabnya iku kang beda2 Kangjeng Sulthan Mangkubuwana kapindho iku peparaban Kangjeng Sulthan Bangun tapa. Kangjeng Sulthan Bangun Tapa iku peputra Sulthan Mangkubuwana kaping telu, paparaban Kangjeng Sulthan Raja. Kangjeng Sulthan Raja iku peputra Kangjeng Sulthan Mangkubuwana kaping pat, peparaban Kangjeng Sulthan seda Pesiyar, marmane mangko iku sabab
p.171. kasun-/-dhulan kersane Gusti Allah Subhanahu Watangala, ing Tanah Jawa kang

Dutch divide and * Rule Tactics

kang den kersakaken prang sabil lawan kapir laknatullah kang den kersak-
-ake dening Gusthi Allah Subhanahu Watangala jumeneng dadi Khalifah Rosulallah s.a.w. pangirid prang sabilullah iku kang raka putrane Kang-
-jeng Sinuwun Sulthan Raja kang sepuh dhewe nama: Sinuwun Sulthan Ngabdul Khamid Erucakra Kabirul Mukminin Panatagama Khalifah Kangjeng Nabi Mohamad Rosulullah Sollallohu Ngalaihi wasalam, ing Tanah Jawa Senopati Ngalaga prang sabilullah. Maka ing wektu iku pirang2 kapir laknatullah kang jedhit lamun campuh prang lawan wong Islam. Nanging wong Islam lamun campuh prang selamet terkadhang kang Ratu bane tan ana, nanging akeh wong Islam kang sahid, kenane iya malah pirang2 jinis kapir murtad kang den tokhake mring Tanah Jawa, suruhane Walonda arang kang bisa mulih mring negarane dhewe2 maneh, akeh kang padha mati neng tanah lan pirang2 tandha asih pitulung nging Gusthi Allah Subhanahu Watangala

p. 172. marang wong Islam. Dene wekasane ghaib wallohu / 'alam bissawab.

30 Ramadan A.H. 1253 1762

tanggal ping telu likur sasi Romadhon, tahun Jim, hijrah Nabi sewu kalih atus seket tiga, hijrah Jawi sewu pitung atus suwidak lima Anapun hikayat ing Tanah Jawa ing sawuse Islam awit Demak saprene iku, nora kena lamun ginambar ginawe crita wayang iku, mapan kharam sabab wus Islam marang ing Tanah Jawa iku kajaba cinarita-
-kake ing tulis bae lamun ginambar ginawe rerupan kaya kala maksih Buda ikux ing Tanah Jawa pan wus nora kena, utawa padha ginambar ginawe crita wayang wong Islam iku mapan haram, sabab Kangjeng Nabi Mohammad Rosul-
-ullah Sallallahu Ngalai wasalam iku wus tan kena, tegese printahe Iman, dene kang aran 'iman iku, prentah kang ana ing sajroning Qu'ran pan wus nora kena lamun Islam ginawe crita wayang lan rerupan, insja Allah, uga sabab isine Tanah Jawa kala Demak saprene iku, nanging telung perkara, manungsa, iblis, hewan iku.

p.173. Anapun hikayat ing Tanah Jawa kala maksih / Buda, kang dadi wekasan ikux ing Majapahit kang dadi carita iku wayang kayu kang ginawe. Iku wayang Klithik arane, awit ing Majapahit tumeka ing Pajajaran kang wekasan iku kang dadi crita ing Tanah Jawa kang padha ginawe lelampahan marang sarupane wong ing Tanah Jawa, getdhe, cilik, ala, becik kang dadi wekasan beja utawa kang dadi wekasan cilaka, iku kang padha tiniru maring sarupane wong Jawa kabeh iku.

Anapun hikayat awit ing Pajajaran iku tumeka ing Jenggala kang dadi crita iku wayang wolulang kang ginawe, dene arane iku wayang Getdhog kang crita pan tan beda karyanira Panadaran sakeh jalma iku. Maka ing Jenggala awitira Resi Gethayu tumeka Sang Prabu Suwela Cala, iya iku Sang Yang Sindhula, kang ginawe crita iku, wayang tinulis ing daluwang kaya gambar mangkana, dene arane wayang Purwa Beber iku, arane sabab purwa-
-ne ana jalma ing Tanah Jawa iku Kangjeng Sulthan ing Rum iku, iya padha

p.174. agama Srani, sabab manut Kangjeng Sulthan Rum, / dene

Maka sarupane wong Ngerum iku bareng ana ing Tanah Jawa dadi padha salin agamane iku, sabab manut marang Ratune, Ratu Sindhula iku mapan Buda agamane, dene kang dadi pasebutane agama Buda iku nanging ~~kaka~~ Dewa Bathara, ya wong ing Rum iku kang dadi wijine jalma ing Tanah Jawa kongsi saprene marma dadi wayang Purwa, Beber arane, sabab dadi wiji sarupane jalma ing Tanah Jawa wong ing Rum kasi saprene iku. Maka awit Sang Yang Sindhula iku kasi tumeka ing ngalam antara iku, kang dadi crita wayang Walulang kang ginawe. Dene arane iku iya wayang purwa, nang--ing iku wayang Purwa ning Dewa ngalami ngalam antara, iku kang tinut ginawe pasebutan marang sarupane wong ing Tanah Jawa kang den arani Agama Buda ing Tanah Jawa, awit ing ngalam antara kang dadi wekasan ing Majapahit agamane Buda, wong ing Tanah Jawa iku. Titi tamat ingkang sej-

p.175. -arah Ratu ing Tanah Jawa. Apadene ~~ikang~~ dadi wijine sarupane wong ing Tanah Jawa iku. Sejarahe Insja'Allah, uga iku nora liya wallahu 'alam bissawab ghofarol-ahum allahu ya ghofur3. Ikilah tamat duk nurun buku sejarah Ratu Jawa ing malem Rebo, wanci jam sanga, wulan kaping gangsal, ing sasi Dulkaidah, tahun Jim, hijratunabiyyii s.a.w. sewu kalih atus seket tiga Hijrah, Jawi sewu pitung atus sawidak lima, Tinulis ing Makasar.

Rebo 9 p.m.
5 Dulkaidah.
Jim 1765.

Beginning of Islam in Java (Demak)

H I K A J A T. (R i s a l a h.)

Dalam tulisan Arab dengan artinja bahasa Djawa Kawi.

Sewatu mulai Perang sama Belanda di Selarung, bikin --

pertahanan dengan Djalan Agama Islam dari ---

Kandjeng Sultan Abdul Hamid . D I P O N E G O R O .

bujot dari Makassar jang menjimpan Hikajat Tsb: diatas

R.M. Saleh . D I P O N E G O R O .

Pengurus dan pemegang Kuntji Makam PAHLAWAN DIPONEGORO.

Di M a k a s s a r . -- DJL. IRIAN No. 83.

p. 1. / Bismillah hirahmanirrohim,

Hazalalbangbab Hikayat Tanah Jawa; Anapun hazna hikayat risalah maring ingkang Sinunun Kangjeng Sulthan Ngabdul Hamid Erucakra Kabirul Mukmin--in Panatagama Halifat Rosulullah s.m. ing Tanah Jawa. Iku pinuju anurat Qu'ran, marengi surat Mukmin Akhir, ngarepake surat sajadah, ing dina

p. 2. Juma'ah Sasi Romadhon, tanggal / ping lima, Tahun Alip, ikilan kang risa--lan: " He Ngabdul Hamid ! Lamun ana pitakon maring sira sabab apa nora dhuwe panjaluk Ngabdul Hamid sira." Lamun mangkana sira jawaba: " Ing Tegalarja, Slarong, ana penjaluk, lamun ing Banyumeneng wus nora ana penjaluk." Ngabdul Hamid sira kena mangkanaha maneh lamun ginawe sira

/ lamun ing Banyumeneng wus nora nana penj--aluk. Nanging lamun upama den jaluki.

p. 3. Ngabdul Hamid wus /. Iku nanging kang sira kon mangsuli layang iku pamanira, Pangeran Ariya Mangkubumi, sabab iku kang maksih dhuwe prant--andha ecap kang tandha nama. Pangeran Ariya Mangkubumi; dene prat--andhanira dhewe ecap kang tandha namanira Ngabdul Hamid Pangeran Ariya Dipanagara, iku pan wus ilang kala aneng ing Tegalarja; dene wangsulanira layang marang Jendral Dhe Kok iku kang dadi parlune bahe. Lamun dhuwe panjaluk wangsulan layang maneh kang sarta pratandha kang terang perjanji petamon samo dina, lawan ing ngendi gonne ngajak patamon iku Ngadul

p. 4. Hamid eyangira wase mesthi lamun nurut /. Dzate Subhanahu wa Tangala iku. Kaping pat zikir sepuluh hal arane iku, lamun sira arep lumaku kelemah kang dhingin sikilira kang tengen, keleman kapidho sikilira kang kiwa; dene perdlune lumaku iku nanging telung perkara, kang dhingin lumaku Jamangah, kapindho lumaku lamun den tuturi sanakira kang padha Mukmin loro utawa mati, kaping telu lumaku ing perang Sabilullah, kaping lima zhikir sepuluh ngibarat arane iku arep aja kasi klira olehira nibakhake maring paningalira lan pangrungunira maring ing sawiji2 iku wus pasthi

p. 5. lamun sawiji2 iku nora ucul teka kodratira Dzate Subhanahu Watangala / pasthi lamun nora kena kejaba padha ngestokake bahe. Sabarang kersa Allah Subhanahu Watangala Ngabdul Hamid ingkang wus ana sira, sabab kang minangka saksinira iku srengenge dadi wus nora kena karsa Allah Subhanahu Watangala, iku Ngabdul Hamid Tanah Jawa iku owah teka sira. Lamun takon bab Magelang iku, Ngabdul Hamid sira jawaba: " Iya iku tandha kang gawe rusuh marang Tanah Jawa salawase samparna nganti samparna iki iya." Anapun pertelane bab kapisan ing Tegalarja iki, He, Ngabdul Hamid lamun ana pitakon apadu2 sira anake Gupermen, ingkang anama Pangeran Ariya

p. 6. Dipanegara iku, sira jawabali: " Anake mula nyata sira dhingin den / kang kongkon gawa layang iku Bupati Ranadiningrat arane, nuli sira kon nemoni maring adhinira Pangeran Surengalaga arane, sabab ing wektu iku pan minangka Patihira, maka banjur katur maring sira layange Gupermen iku. Dene unine layange iku Ngabdul Hamid, kang dadi perlune bahe asa--rengan kang sarta ngunek-unekake. Ngabdul Hamid eyangira Gupermen iku maring sira, nanging wekasane den nuding den kon mulih sira. Lamun tatawa apa kang dadi penjalukira Gupermen iku, wus pasthi lamun tinuruti sira, nanging anggere sira gelem teka. Maka mangsuli Ngabdul Hamid sira

p. 7. marang layange Gupermen / kang wahidulkohar iku dadi lestari paningalira lan pangrungunira maring Robbil Ngalamin, nora kandhega marang ing

sawiji2

sawiji2 iku sabab iku pan minaka dadi eling2 ana dunya. Ikilan zhikir
ghoib kang ghoib ginaimb arane, khafiyate arep ngiwa kang ngadeh lawan
wong kira2 aja kongsi angrungu ing sapanjerite ing wong, sabab zhikir
ghaib kang ginaib iku nganggo lagon sanenteke suwarane, dene rewange
wong telulas iku kang wus padha sumurpe kang tunggal gurune, lamun nora
oleh wong telulas, wong sanga utawa pitu utawa lima utawa telu nora
p. 8. kena lamun dhewe utawa lamun sawiyah. / Ana Bupati loro kang kinokon
gawa layang maring sira, maka banjur mundur maring Selarong sira, lawan
pamanira, apadene sahanane balanira kabeh iku wong Tegalarja, maka banjur
ingsur bahe maring Selarong sira, maring Residhen Sumiser iku, Ngabdul
Hamid sira ing wektu iku kang minangka pitulunge Robbil Ngalamin, Ngabdul
Hamid maring sira. Sarupane wong desa iku kabeh kang padha angarubut, aparabat hapa
ke angangukuhi Ngabdul Hamid maring sira. Marma dadi/lakon bedhil den per-
-angi wani kalalaran nyerahe meriyem bedhil iku Ngabdul Hamid tondha
asihe Robbil Ngalamin maring sira. Maka kelakon Sumiser iku kalah,
p. 9. banjur / den usir maring sakeh wong desa malah kongsi tekan jaba Ngayogya.
Banjur padha matur sakehe wong desa iku Ngabdul Hamid marang sira, lamun
arep padha den nycrah pisan Ngayogya iku, nanging nora aweh sira,
sabab maksih ana kang sira anteni iku eyangira Gupermen iku, manawa mek-
-sih duwe pangeman marang sira. Tamat wallohu a'lam ghofarolahum.

Anapun bab kapindho iku ing Selarong: Heh Ngabdul Hamid, ing
wektu iku ingkang minangka dadi eyangira Gupermen, kang dadi awake Gup-
-ermen ing wektu iku Ngabdul Hamid, Jendral Dhe Kok, maka teka Jendral
Dhe Kok iku ing negara Ngayogya, banjur kirim layang marang sira ana
p. 10. Selarong, dene / wong kang wus angadhepake marang ing rerahine iku maring
ing Gusthi Allah Subhanahu Watangala kang ngiza wajala kalimah
iku temu2 lawan si iblis laknatullah iku bisoha ing
sarupane duriyat Adam kang wus padha waspada kaya mangkana iku kabeh
marang ing sarupane ing dunya iku kabeh kang dudu lawan kang nyata iku
kabeh, ikilah khadis Rosulullah Qola Nabiyi Salollahu Ngalai wasalam
ngarofa nafsihi faqod ngarafarobbini mangaro firobbihi wa min janilani
nafsini."He,eling2 sarupane duriyat Adam kang padha Islam lanang, wadon,
p. 11. iku kabeh kang maksih / pan ana ing dunya maring ing khadis Rosulullah
iku." Poma2 kabeh sira kahona tegese iku yasane Kangjeng Nabi
Mohammad. Solollahu Ngaili wasalam iku marang kang sahabat papat, Abu-
-bakar, Ngumar, Ngusman, Ngali sing sarupane iku kabeh weruh mar-
-ing ing ngawake dhewe. Maka sasat wong2 iku wus weruh marang ing Pang-
-erane iku, maka lamun wus temon2 wong iku wus weruh marang ing
Pangerane, maka dadi bodho wong iku maring ing awake dhewe wong iku,
sabab wus tan arep mulat wong iku marang kang saliyan Gusthi Allah
p. 12. / iku Kangjeng Rosulallah s.a.w., marma dadi ana kalimah sjahadat
loro iku nanging ginawe tondha lamun ana yekti kawula lawan Gusti.
He, Ngabdul Hamid nanging iku nora kena lamun den aranana loro Nabi
Mohammad s.a.w. iku lan Robbil Ngalamin. Maka lamun aranana loro dadi
batal pangucapira sjahadat iku, sabab dadi kajabariyah. Lamun den

aranana


aranana wus sayekti lamun siji bane iku, iya batal sabab dadi qodariyah.
He, Ngabdul Hamid dadi sampurnane bisa loro den katon dadi siji nora
p. 13. siji, loro nora loro, loro iku tekade wong ahli / sunah, mangkene rupane
ikilah gambare, dadi loro nora loro, siji nora siji, iku ing salamine
Donya Teka akhirat ~~mujamah~~ pisan. He Ngabdul Hamid dene kang lumaku ana dunya, iki ngelmune
Gusti Allah Subhanahu Watangala iku, dadi nanging telung prakara ugere
ikilah rupane. Wite ngelmu iku sjahadat, wite laku niyat, wite panarima
iku iman. Dene tegese sjahadat iku, Kalimah ~~Y~~ Toyibah. Dene kang ngaran
Kaliman Toyibah iku pangucap: " La ilaha illallah Mohammadur Rosulallah ",
kang duwe pangucap mangkana iku Nabi Mohammad s.a.w. Maka winurukake
p. 14. marang sarupane umat Islam mukmin lanang utawa mukmin / wadon padna
kinon ngucap Kalimah Toyibah iku. Iya Sjahadat iku, tegese kang den
arani Kalimah Toyibah, marma dadi wajib mukmin lanang lan mukmin wadon,
padha sira anggugumaruha ing Kalimah Toyiban iku tegese dzikir. Dzikir
iku prentahe Kangjeng Rosulullah fardlu Islam lanang, Islam wadon, padha
sira anggolekana guru kang sampurna. Tegese guru kang sampurna iku,
kang wus ngelmu tareq banget. Kala kina iku teka Kangjeng Rosulullah
kang wus weruh sabarang pratingkane dzikir iku kabeh lan darengate
dzikir iku. Sabab iku kang minangka cekelane kang kukuh ana donya teka
p. 15. ing ngakerat, pisan, lamun sira wus oleh pitu-/-lune guru kang sampurna.
Tegese guru kang bisa anyampurnakake sakehe pratingkane sarupane dzikir
iku kabeh dadi eling sira iku marang kagungane Subhanahu Watangala kang
telung prakara iku. Sabab dene wasiyate guru lan sapangate Kanjeng Ros-
-ulullah, sabab gurunira iku pan minangka dadi gagentine Nabi, lawan
Allah Subhanahu Watangala uga kang nulungi. Nanging lamun sira golek
guru iku kudu den waspada sabab guru iku pan minangka dadi panutanira
ing dunya teka ngakerat pisan pan nora kena lamun sira suwalana sabarang
kang dadi karepe gurunira iku. Dadekena karepira iku lawan karepe gurunira
p.16. marma dadi kudu / arep milih sira maring guru kang mbejaji iku, sabab
wekasane guru mbejaji lamun sira oleh pitulunge Robbil Ngalamin, nora
beda lawan gurunira kang hakiki. Marma kudu den waspada sira golek guru
ngelmu kang telung perkara iku, manawa keliru iblis, sabab iblis iku,
iya sumurup marang ngelmune Subhanahu Watangala kang telung perkara iku.
Nanging iblis iku dadi nyimpang wekasane sabarang tuture dadi karep
maring dunya bahe, dadi nora hak sebarang dene tengere lamun iblis iku
rusuh sabarang patrape kudu oleh dunya bahe. Dene kang patut sira guroni
p.17. / iku manusa kang sahakikine tandhane telung perkara. Kang dhingin bodho
pangucape kapindho ngiwa karemane nora harep jejagongan lawan wong
sawayane bahe. Sabab wus gila lamun datlaning maring saliyane awake dhewe.
Kaping telu sandhangane nora arep lamun kamomoreno, iya nyarupane lawan
sandangane si kapir sathitik bahe. Sabab sandhangane si kapir iku lan
sabarang kang dadi pakaremane iku wus sayekti lamun iblis lawan kelaku-
-ane nora pegat ngibadahe dene kang dadi tekade wus nora ana sawiji2
kang saliyane Allah Subhanahu Watangala. Iya iku manungsa kang wus
p.18. teka Insan-Kamil / kang minangka godhong kastuba iya iku rupane wong
kang

kang anglakoni mandhireng prentahe agama Islam, wong mukmin kang haqiqi kang patut sira guroni. Maka lamun nemu wong kang mangkana iku, sira poma aja mamang anglakoni ing sabarang pitudunira pastni lamun iku sajatine manungsa kang minangka gedong ing Subhanahu Watangala ing donya teka ngakirat pisan.

Ikilah pratelane bab zhikir nanging wawelingane, iya saben2 wektu sawiji2ne lawan arane zhikir kang sawijine Kalimah Toyiban iku,
p.19. maka kang dhingin arep milih lafazah asibat sira. / Tegese lafazh nafiasibat iku, iya zhikir: " Laa ilaha illallah Mohammadar rosulallah," marma dadi lima iku, kang dhingin sabab lima nafi iku tegese sadurunge ana karsa. Anapun pratelane wawelangane Kalimah Toyiban iku ing saben2 wektu lima iku. Iki ing wektu subuh sabakdane pardlu xxxxxx ing sawuse papujinan sira, maka nuli zhikir:" Laa ilaaha illalah" ping telung atus. Lamun bakda pardlu dhuhur ping satus. Lamun bakda pardlu ngasar ping satus. Lamun bakda pardlu maghrib ping satus. Lamun bakda pardlu ngisak ping telung atus, nora kena sira ngucap zhikir ing saliyane
p.20. lafaxxzh nafi'asiban xxxxx iku tegese lafazh / :" Laa ilaaha illallah," iku nafsi'asiban arane. Sabab iku kang minangka gedhong sabarang ngelmu kagungane Robbil ngalamin kamot ana Kalimah Toyibah iku kabeh, maka lamun ana ngudurira kang banget subuh ping telung puluh lawan Ngisak, zhuhur ping sepuluh, lawan Ngasar, Maghrib, ora tan kena x ora ing saben2 wektu lelima iku nora kena tininggal, sabab zhikir iku pan minangka dadi dalan elingira marang Gusti Allah Subhanahu Watangala kang wahidul kohar.

Anapun ikilah pratelane bab zhikir thorik iku wektune lamun subuh sabakdane olehira zhikir wektu iku lan sampurnane olehira zhikir xx
p.21. wektu iku maka nuli nyandhak zhikir / thorik ikilah kapiyate anggaha kudhung lawan sila tumpang lan eremna netra loro, tanganira loro x iku, turutana pupunira karo. Ikilah pratelane zhikir thoriq iku. Kang dhingin amacaha Istiqfar ping telung puluh lan salawat ping telung puluh lan surat ikhlas ping telung lan falaq, binas ping telu, sawuse iku nuli ngangkata niyat zhikir, thoriq, satariyah. Ikilah zhikire kang dhingin iku, Kalimah Toyiban, tegese iya lafazh: " Laa ilaaha illallah" ping telung atus, maka lamun wus ganep nuli ngangkat thoriq satariyah iku bali pxing telu panarike. Ikilah lafazhe: " Laa ilaaha illallah Mohammadar rosulullah," iki rupane panarike satariyan iyu iku dhaerah:

p.22. /



p.22. / Muhammad s.m. arane

rosul
Muhammad
Allah

alla
Allah

maka iku kudu den waspada sira marang.pernah........

p.23. /ke thoriq iku den melok aja nganti kumamar sira den kaya daluwang srengenge mangkana pan daluwangira iku. Maka bali ping telu ing panarikira satariyah iku ing saben2 silih sapisan handhega-ana lakune napasanira iku saningga wus krasa kebak badanira iku maneh. Maka nuli wetokena napasira iku den alon, den aja kesusu iyu iku kang minangka kiblat ing roh lan tabiyating makrifate lan rase ing makrifate den kar-asa memper mipi sira sajrone badanira iku kabeh ing sawuse tutug sakehe darajate thoriq satariyah. Maka banjur bane angangkata sira zhikir dlorobitigu welas arane iku, nafi sapisan isabat ping tiga, welasan
p.24. nora / kena lamun kasi luwin kurang dene kang den pandhang iya kaya kang dhingin iku, thoriqe ing sawuse tutug zhikir dlorob tigawelas iku. Maka nuli ngangkat maneh iku zhikir, " Isim " arane, kang dhingin zhikir isim jalal lah iku, wilangane ping sanga, sanga nora kena luwin kurang iku bali ping telu. Nuli zhikir isim zhat iku padha bane wilangane lan zhikir isim sifat, nuli zhikir isim ghoib, iku ya padha bane wilang-ane, nuli zhikir ghoib ing dalem ghoib, iku iya padha bane wilangane sanga-sanga, bali ping telu, nanging kang beda2 pernahe iku, nora kena
p.25. kejaba lawan wasiyate guru kang mudunake pernahe /

harane iku thoriq istilah ngisqiyah ing sawuse tutug darejate / zhikir dlorob lan zhikir isim iku. Maka nuli ngangkat zhikir maneh iku, zhikir Insankamil arane, iku banget pakewune dene wilangane iku, iya padha bane lawan zhikir isim iku sanga2 bali ping telu kang bedha nanging lafazhe lawan pernahe panarike zhikir Insan -kamil iku lan zhikir isim lawan thoriqe, zhikir insan kamil iku, thoriq bandiah arane. Iku bedane thoriq istilah naksa bandiah lan thoriq istilah nqisqiah iku, pernahe lan panarike, dene oleh ngendhegake lakune napas
p.26. iku padha bane, padha ambal ping telu lan bedane / thoriq istilah ngisqiah iku nganggo obah badane, thoriq istilah naksabandiah wus nora nganggo obah badane, dene kang den pandhang sarupane zhikir thoriq iku, iya wus nora ana liya daerah satariyah iku, nanging kang beda2 lafazhe lan thoriqe lan pernahe arane zhikir kang suwiji2ne, ikilah zhikir sirghoib ing dalem ghoib, ngabudiyah arane, sawuse zhikir Insan Kamil dene thoriqe teka sajrone baital makmur iku, serotan nafasira unggahena marang baital makmur lamun wus teka ing baital makmur turuna maring baitullah

baitullah, lamun wus angrasa tutug lakune nafasira iku, maka nuli
p.27. wetokna dalan irung / maneh nafasira iku den alon. Lamun wus kothong nuli seroten maneh dalan tutuk panyerotira iku, unggahena marang baital makmur nafasira iku, turuna maring baitullah, kaya kang dhingin mahu lakune banjur maring tufiq, banjur mulih maring baital makmur maneh, iku bali ping telu, dene lakune padha bahe lawan kang dhingin. Iku lebune teka tutug wetune, teka ngirung nafas iku, lamun bali maring baital makmur maning wetokena nafasira, dalan ngirung lamun wus angrasa aso napasitra iku, nuli angkatna maneh seroten napasira iku, unggahna marang
p.28. baital makmur maning wetokna napasira iku dalan ngirung. Lamun wus / angrasa aso napasira iku, nuli angkatna maneh seroten napasira iku manegn, lamun wus teka baitul makmur, nuli taruna maring noqotn ghoiba napasira iku. Dene bab lebu wetune napasira iku, iya kaya kang dhingin mahu. Lamun metu teka ngirang, lamun malebu teka cangkem iku, bali ping telu nuli banjur nuqot ghoib iku marang balung ngadibunda nabi iku, ya bali ping telu dene lakune nafasira iku, ya nora beda kaya kang mahu, nanging beda lamun wus ganep ping telu nafas iku ana ing bolung ngadibunda nabi
p.29. iku, nuli niyat amaratahake marang sar- / -upane dandanan kang dhohir iki kabeh, aja ana kasi kaliwat den patut jaba jerone. Lamun wus tutug lakune nafasira iku, nuli welokena den alon den aja kesusu2, iku dalan tutugk. Sabab iku wus bangsa jenggireng ghofarlahum. Maka lamun wus tutug sakehe drajate znikir iku kabeh, nuli ambalenana maca isfiqnar ping telung puluh, salawat ping telung puluh sujud taqorub, tanginira sujud banjur
⌊sawuse amacana munjiyat, ⌊munajat macana surat ikhlas ping telung puluh telu, falaq ping telu, binas ping telu, patekah ping telu, iku niyat angaturi ruruba marang gurunira kang dhingin lan gurune gurunira kabeh lawan
p.30. sujuda mangkene lafazne: " He guru, kawula lan gurune / lan gurune guru kawula sadaya. Kula ngaturake ganjarane salawat kawula dhateng sampeyan ~~ka~~ lan puji zhikir kawula dhateng sampeyan mugi katur ing Allah lan ing rosulullah lan mugi sampeyan apeungana ~~[illegible]~~ panut buri kawula dhateng sampeyan ing dunya dhateng ngahirat pisan, lan mugi angsal pitulunganing Allah lan pambukaning Allah, nuli tangi teka sujud maca patekah, nuli sujud maneh iku, niyata rurub9 marang sahabat papat lan para sahabat kaben,"dene lafazhe iya kaya marang gurunira, mangkana sawuse tangi teka sujud maca fatekah maneh iku, niyata ruruba marang Kangjeng Rosul- -ullah, sujud kaping telu iku mangkene niyate: " Ya Khabibullah, Ya
p.31. Mohammad Rosulallah /

. Maka sawuse ——— sampurna sakehe darajate iku kabeh lamun ana sihing Allah Subhanahu Watangala maring sira tandha maksih angrasa kangen sira marang Robbil Ngalamin, durung tutug trisnan- -ira iku, maksih cuwa, nuli napakna zhikir maneh iku kang nora nganggo winilang lan nora susah nganggo tata krama maneh, apa kang dadi saseneng-
p.32. -ira dhewe, nanging nora tan kena ara iku, kudu amiliha lafazhe / ana

<u>ing karsa</u>

ana ing karsa iku, ing nyatane urip iku ana ing karsa, nyatane karsa iku
ana ing ngurip, nyatane urip iku ana ing rasa, nyatane rasa ana ing
sukma, nyatane sukma iku, ana sarira, tegese sarira iku iya iku manungsa,
kang ngaran manungsa iku kiya, wong kang wus tan kena pegat elinge maring
ing Pangerane, iya iku manusa kang tumeka ing sajatine, manungsa, iya iku
kang wus pinaringan wahyu marang ing Robbulngalamin iman sagara batine
iku, kang anglimputi marang sagara kang lahir iku kabeh, iya iku imane
p.33. manungsa kang wus sampurna iku kang den umpamakake kaya / tuwa iku ing
pasanetane ing zhatullah, iku bakda nabi zhuriyat Adam iku kang maka
leres ana ing donya kang minangka dadi pasanetane zhatullah iku iya iku
wali mukmin iku, yen dadi siji iku tan siji loro, iku pan tan roro wali
lawan mukmin iku mapan minangka lahir ing zhat kang wajibul wujud iya wali
lawan mukmin iku, pan ingaken menika dadi wewayanganing sifatullah iku.
Khaqiqi iya wali lawan mukmin iku, ika teges lamun wali mukmin ingaken
wawayengane Gusti Allah Subhanahu Watangala kang ngaza wajala kang wakh-
p.34. -idul kohar iku nyatane / nging karya badan wadnak lan kang ngalus
tegese badnan wadnaq iku jisim, tegese badan alus iku pitung perkara,
pangucap, pangambu, pangrungu, paningal, dadi maksih lumaku salat batin
iku. Ana pan salat batin papat iku kang menang dhingin iku; pangucap2
iku, ngumpul marang pangrungu2, maring ngumpul maring paningal2, maning
ngumpul maring pangambu2, iku tegese napasira iku panggonane pakumpulane
sakehe kang alus iku, lamun wus tata napas iku, banjur ngumpul maring
iman2, banjur marang zhat, iya iku kang ngaran ngakerat, dene jisim kang k
p.35. keri iku donya ahazane, marma dadi tandha lamun ngalam / donya iku
bakal kena rusak sabab jisim iku panganggo rusak lahire, sabab karo iku
karsa Subhanahu Watangala ginawe kenyataban lamun barang nganggo rusak
saliyane zhat kang wajibul wujud, tegese barang iku kang ginawe tandha
lamun kuwasasa kabeh dene wekasane iku iya manggal badan wadhaq iku,
lan kang alus sabab balung mujabanda nabi iku, mangkana maneh ngalam
donya lawan ngalam ngakherat iku iya ngumpul wekasane iku lamun bakda
bangas iku tekade manungsa kang wus tumeka marang ing Insan Kamil, tegese
p.36. iku nabi, wali, mukmin, kang hak kang wus / oleh iman amanutanballah
sabab sabarang iku pastni wewayangan bane dene tabiyate kaben iku
wus pasthi lamun tan pisah lawan kang dhuwe wewayangan, sabarang lamun
wus bakda bangas kumpule kabeh iku sarupane suwiji2 marang kang dhuwe
wewayangan dhewe2, marma sebute nanging: " Inallaha wa inna ilaihi
rogingun", iku lamun sembahyang sebute imane iku rupane lamun wus oleh
iman dimana tanballah wallahu aklam bisawabi ghofarolahum. Anapun ikilah
pratelane islam kang maksih iman taqyurat, najan ngalima sugiha kitab
p.37. lawan nora towong sembahyange / lamun maksih kaling-alinganana, paningale,
pangrungune lawan nora nora angarah-arah pangucape iku sayekti , lamun
maksih mangeran loro wong Islam kang mangkana iku, sabab kang den andel-
-aken nanging bakdalhisab bane anggere sjahadat lan sembahyang puwasa
wus pasthi lamun bakdalhisab sabab wus ana donya, lamun nora oleh lawan
kang kuwasa ana donya, dadi rusak ngibadahe lawan lamun angarani Quran
iku, iya anyar bahe, sabab Qu'ran iku anane lawan ginawe kang sayekti
nora ana

nkamil, ma-
o kang wus
lo

p.38. nora ana bedane Qu'ram iku lawan kitab kang ngakeh2 kuwe / olehe
den arani kodim iku, sabab lamun gepak Qu'ran iku nora kena lamun nora
anganggo wudlu iku, sangking durung sumurupe atine dhewe bahe den wedeni
den arani iman, Qu'ran kuwe sajatine kang ngaran iman iku iya nanging
karepe dhewe. Ana satengahing wong Islam ngucap dene bab Qu'ran iku, nora
anyar, nora kodim, lamun pangucap mangkana iku, maksih satengan bahe,
sabab maksih wedi, mamang, atine melu ngaranan anyar, wedi maring prenta
-ahe kitab, sabab sarupane kitab iku padha anyebut lamun Qu'ran iku
p.39. wijine. Arep melu ngarani kodim / sabab nyata Qu'ran iku dadine lawan
ginawe lan sayekti lamun durung weruh ing selring surupe marang kang dadi
tekade Qu'ran iku anyar lawan kodim iku. Rupane lamun maksih imane,
nanging iman taghiyur , iya iku rupane sabab maksih mangeran loro,
kang dhingin tekade lamun wong iman taghiyur iku, wedi luput, karone loro: -olena
ing donya, ngakherat ng namung lamun wong mangkana iku lamun oleh jaluk
pitulung Subhanamu Watangala dadi kapir tekad kang mangkana iku. Donya
p.40. mangsa olena ngakherat pan kaliwat dohe lamun nekat manggung mamang /
marang ngelmune iku. Dene kang dadi sabab was-wase iku, iya iku iblis
sabat kang dadi tandha lamun iman, nanging iku lamun bakal oleh pitulung
bareng ngelmu lamun peteng atine nora susah, anuli tatakon marang
pandhita kang wus amantu billahi lamun isin manawa den arani bodho iya iku,
kang dadi tandha lamun wus kena maring ngiblis, iman taghiyur iku, sabab
kang den andelake nanging oleh netepi sembahyang kang limang wektu bahe,
lawan taghfir, sabab iku janjine kitab mawon, tanapi sabarang dosa pasthi
lamun den apura, nora weruh lamun dadi wong munafiq, lamun iman taghiyur
p.41. iku, mangkana tekade / wekasane iku, oleh pitulung pasthi banjur
geburu iman taghiyur iku maring pandhita kang wus oleh iman amantubillah,
sabab iman amantubillah iku awite iya iman taghiyur. Dene pangucaping
wong kang wus anekadhake marang anyaring Qu'ran iku, wus pasthi lamun
lahir batin ngiblis kang katon wus kang mankana iku. Wus ilang imane
kabedhang marang sy'aethan iku. Bakal gagawa marma kholil iku, lamun
den wetokena getihe insja'Allah iku uga ⊗ Anapun tegese iman amantubillah
iku, Nabi, wali mukmin, tegese iman taghiyur iku, mukmin fasiq mukmin
p.42. /fasiq, lamun oleh pitulung maring Robbil'Ngalamin, dadi munggah
maring mukmin khos, mukmin khos lamun munggah maneh iku dadi mukmin Ngam,
mukmin Ngam iku lamun oleh pitulung munggah maneh dadi mukmin khowasil
khos, iku tegese para wali kang ngaran khowasil khos iku, lamun mukmin
khos bahe teka ing mukmin Ngam iku, imane iman makbul arane, lamun wus
munggah marang mukmin khawasil khos iku imane iman hidayat arane ⊗ Ana-
-pun imane kang para Nabi iku, iman maksum arane, iman telu iku iya padha
p.43. iman amantubillah uwite, ikilah ru-/-pane ing Qu'ran ⊗ nabsi alif: iku
nabi imane maksum ajire Alif. ____ Iku wali imane hidayat jabari'Alif
iku, mukmin imane makbul. Tegese iman maksum iku kang wus rineksa, tegese
iman hidayat iku kang wus tinurutan, tegese iman makbul iku kang katrima
⊗ Anapun tegese iman taghajur iku, imane wong fasiq, wong fasiq iku,
tegese oken2 kang den kuwatiri apadene kang den kepengini lamun kebanjur

wong

wong Islam fasiq iku dadi wong Islam munafiq iku wus ilang imane taghayur,
p.44. iku dadi salin iman mardud arane, tegese / iman mardud iku, iman kang wus katulak, iya imane laknatullah, sabab wong Islam kang wus manjing dadi wong munafiq iku, wus kebandhang marang kafir laknatullah. Kafir lak--natullah iku wus kabandhang marang iblis laknatullah anguzubillahi minha. He ngabdul Hamid poma2, aja suka atinira marang Qu'ran iku ing sathithik bahe den eling sira lamun wus nyata Qu'ran iku lanire ing iman kang ghoib. Qu'ran iku wus sayekti lamun kalamullah, kang dadi jenggar--onging Qu'ran iku marma dadi jujuluk bahrulmukhit, Qu'ran iku. Sabab
p.45. Qu'ran iku pan ginawe tandha wewa-/-yanging aname nginu muknit. He ngabdul Hamid denehirah2, he ing sajrone Qu'ran iku pan wus tan kena kinaya ngapa, dene kang katon iku aksarane lawan papane jus surate lawan barang perabote Qu'ran iku wus tumudun lamun anane jagat iki kaben, pan wus pastni lamun Qu'ran iku tan kakurangan kang minangka wadhane Qu'ran iku, jus telung pulun kang minangka rupane Qu'ran iku, surate satus sepuluh lima. He ngabdul Hamid jus surate Qu'ran iku kumpule ana ing surat patekah, marma dadi kurang siji2 wilangane jus surate Qu'ran iku
p.46. sabab Patekah iku surat / ngiras surat iya Patekan iku kang minangka wijine Qu'ran. Iku kabeh marma dadi adege solat iku lawan Patekah. Ora ngadeg Solat iku lamun ora lawan Patekah kang minangka wijine, Patekah iku ana ing Bismillah, iya Bismillah iku kang minangka dadi wijine sarup--pane ngelmu kagungane Robbulngalamin. Aksarane Patekah iku satus rong pulun lima, lawan Bismillah ayate pitu utawa wohlu Patekah. Allah kang ana Bismillah iku rong pulun kang minangka wijine, Bismillah iku iya bening: tegese bening Bismillah iku, iya iku naqtu ghoib, maka lanir
p.47. naqtu ghoib iku ana ing miming Bismillah; tegese mim ming / Bismillah iku, iya iku nuqot nurullah. Nuqot nurullah iku iya iku Kanjeng Nabi Mohamad s.m. Nuqotulghoib iku Malaikat Jobarail dhahire. Maka kumpul nuqot ghoib iku lan noqtu nurullah. Maka dadi jenggeronge iku aran nuqot ghoib iku lan noqtu nurullah. Maka dadi jenggoronge iku aran Qu'ran marma nora kena Qu'ran iku lamun den aranana anyar sabab noqtu ghoib iku wijine lan noqtu nurullah iku qodim, nora anyar marma dadi ing ngaran iman Qu'ran iku, sabab iku kang dadi tandna anane Kanjeng Nabi Mohamad s.a.w lan Malaikat Joborail Qu'ran ⊗ Anapun sine2 Bismillahi iku, iya iku kang minangka gedhong maring Subhanahu Watangala
p.48. ana donya tegese / tumurun maneh iman maksum iku maring donya, dadi nanging kari loro iman kang kinasih ana ing donya maring Robbilngalamin. Iman hidayat lawan Iman makbul iku teka ing kiyamah pisan iman loro iku. Anapun iman maksum iku olehe ora tumurun manen maring donya, sabab wus ginantenan Qu'ran, iya Qu'ran iku rupane iman maksum hidayat makbul iku, wus ngumpul dadi siji kang memper kalakuane iman maksum iku, iman makbul sabarang karepe makbul iku lantaran donya hidayat orantara, ikilah rupa
p.49. -ane wijine / tunggal iman kang telu aksarane asjin iman telu iku tunggal ana ing sjin iku dadi wawayanganing alife. Aksarane iku awang2, awang2 iku tegese loro ngisor dhuwur kang dhuweni, he iku iman taghiyur kang ana dhuwure, he iku iman amantubillah, kang ana ngisare, he iku iman mardud

iman

iman mardud iku, iku metu teka aksara dal, tegese dal iku donya, tegese donya iku rusak wekasane, sabab sakehe anak Adam kang manut marang iblis laknatullah, iku bakal padha rusak wekasane kekal ing naraka. Iki rupane kang dadi wijine iman kabeh, iku lafazhe asjhadu tegese sjin iku wus
p.50. / kumpul lawan Alif, marma ora kena lamun iblis iku perak, tegese ehe lan dal iku maksih pardudon wallohu aklam ghofarolahum. Bab iman iku wijine aksara sjahadat papat iku ⊗ "He Ngabdul Hamid, anapun lafazhe sjahadat iki:' Asjhadu an la ilaha illallah wa asjhadu anna Mohamadar--rosulallah.' " Maka lahire kaliman loro iku dadi sifat loro astaghnak lan aftakor, tegese astaghnak iku:'La ilaha illallah', aftaqar iku: ' Mohamad rosulullah', maka lahir sifat astaghnak iku dene marma sifat kang
p.51. mokhalling Allah sawelas: wujud, kidam, baqok, mokhalafatu lilkhawa-/-ditsi, waqiyamu binafsihi, samingan, basiran, kalam, samingan, basiran, mutakalimun sifat astaqor iku lahir maring sifat kang mokhaling Allah iku sanga; kodrot, irodat, ngilmu, khajat, kodiran, muridan, ngaliman, khajan, wandaniyat, iku dadi sifat kang mokhaling Allah rong puluh. Maka dene sipat rong puluh dadi sifat papat iku pangjinge marang isim zhat: Ikilah rupane ⊗ "Hu.jalla lahu sifatu nafsihi", tegese wujud, lan achir kamala lahu sifat salbiah iku tegese kodam bakok mukhalafatu lilkhawaditsi wa kiyamu binafsihi wahdanijah ⊗ lam awal kohar walahu, sifat mangani, tegese iku kodrat, irodat, ngilmu, khajat, samingan,
p.52. basiran, kallam ⊗ Alif / kamala lahu sifat maknowiyah, tegese iku kodiran muridan, ngaliman, khajan, samingan, basiran, mutakalima ⊗ He Ngabdul Hamid lahire isim zhat iku dadi aji sindhung arane, ikilah rupane: " Ingsun sindhung aliwengan liwang-liwung, ingsun ana ing kene agung, ingsun sugih kuwasaningsun wasesaningsun sampurnaningsun, jumenengana ing pulo kencana, angratoni sakehe roh ingkang dumadi kabeh rohing geni rohing angin, rohing banyu, rohing bumi, rohing wesi, rohing nabi, rohing wali, rohing mukmin, rohing malaekat, rohing ngejin, rohing setan,
p.53. rohing / srengenge , rohing buana kabeh sujud kukud sakehe kang dumadi kabeh ingsun Ratu Agung ana ing dhadhaning manungsa. Ingsun Ratu kang minangka wawayanganing zhatullah la jalallahu illallah la kamaluluh millallah. Ingsun Ratu Agung ana ing keratoningsun dhewe, pagerbata wasesa alawang Ratu sugihane nabi, Ratu agung kancinge Ratu sampurna, mangamini ing dheweke tan ana kari la ilaha illallah mohamad-durrasulullah ⊗ Ingsun sindhung sewu si jaran panoleh ingsun sipat jalal anuli ana ing sira manungsa apa pangawasaning angraga sukma ⊗ ingsun
p.54. sindhung sewu si jaran / panoleh ingsun sipat jamal, anuli ana ing rasane manungsa apa panguwasaningsun nora katon, katon Allah amurba misesa ing dharat ing gunung ing barat ora pisah, ora kumpul ingsun lawan Allah ⊗ Ingsun sindhung sewu andaduti Allah Tangala sipat kohar--ullah kang ana guwa garbaningsun, sipat kamalullah den lungguhi rasa--ningsun dening Allah, den lungguhi sajatiningsun dening Allah apa Allah sarira ingsun, salah rupa salah warna, warna putih, kuning, ijo, abang, ireng, dadi sewu sajatiningsun sadhela ⊗ Ingsun sindhung aliwungan
p.55. si sindhung / pepetana babananira kang nawa sanga iku lan kumpulena sakehe pancodriyanira iku kabeh den dadi siji, lamun wus kumpul panca--driyanira

pancadriyanira iku den kongsi aja ana krasa nuli ciptanen aji sindnung iku, endi kang sira karepakeden waspada marang ing kuthane dhewe2 utawa kumpule kabeh aji sindhung iki kang minangka soroge ⓧ aliya mijile murasa hidayalullan sarining urip kanghak. Anapun lakune aji sindhung iku telung perkara kang dhingin arep angreksa marang papanganan kang rong
p.56. perkara iku, tegese kharam, makrun iku den eling poma2 / aja kasi kal-
-ebon sira, kapindho jina, mamutnik, dadi dhukun iku den eling sira, kaping telu sabar ⓧ iku kang dadi lakune aji sindhung maka lamun wus den paringi kelar anglakoni sira marang Robbilalamin laku kang telung perkara iku, mangkene anggepera alunggunira iku puji paningalira iku sjahadat tekadira mangkene ⓧ siruhu tegese sirullah ora duwe rasa ingsun anging lawan rasaning Allah zhatuhu zhatullah tegese ora duwe kuwasa ing-
p.57. -sun anging lawan kuwasaning Allan Hidayatuhu / kang dadi kulambi ingsun iya jalalullah, siliwung kang dadi makuthaningsun, iya si jamalullan sajatiningsun, kang dadi payungingsun iya kohharullah, sindhung liwkung dadi buta, iya kamalullah, asiung rosulullah, kang tangan kang kiwa sakehe kang para Nabi kang dadi siung ingsun kang kiwa angemut jagat peramudipa sun emut dadi sapulukan la ilana illallan Mohamadarosulullah ⓧ Anapun aji sindnung okeh rupane, nanging iku kang perlu bane lawan dudu pangucape kewala kang ngucap mangkana iku, iya iku kang dhuwe pangucap
p.58. nak ing sjahadat, maka lamun / karep sira maring wetune aji sindnung iku den waspada maring pernahe dalan kang patang perkara iku, kang dhingin napas, kapindho tan napas, kaping telu anapas, kaping pat nupus, kaping lima janggeringing wujud iku, ana pernahe dhewe2 ikilan rupane dhaeran aji sindnung [illegible] sabab jangkrunge ing minangka jagat ngalam kabir anapun aji sin- -dnung kang patang perkara iku, minangka ratu ana ing kednatone dhewe2, maka lamun karep sira maring ing wetune aji Sindh-
-ung iku suwunen marang Subhanahu watangala kang wanidul konnar kang
p.59. sarta /hidayatullan, tegese ora duwe ingsun anging lawan karsaning Allan, darojatuhu darajatullah, tegese ora duwe aran ingsun anging lawan asman-
-ing allah znat kang wajibul wujud iku, lamun wus manthuk tuknidu abra-
-sabarang kang dadi panuwunira marang Gusti Allah Subhanahu watangala kang wahidulkonhar insja allah tinurutan uga tamat.

Mastni sakhibul lazhi fiq arbanga biliawallah aklam bisawabi ghofarolahum ⓧ Anapun pertelane anaq Adam iku kang aran wong iku cangg-
p.60. -range, dene kang aran manu-/-ngsa iku pangucape, kang aran sukma iku panggawene, kang aran ron iku ngilmune ⓧⓧ kang aran urip iku tekade ⓧ Anapun anaq Adam kang wus hilang donya iku, kang aran khewan iku jengg-
-oronge, kang den isur iku pangucape, kang den arani bodho iku polane, kang aran setan iku iqadle, kang aran mati iku tekade, wallollahu aklam ⓧⓧ
Anapun ikilan niyate solat ati:" Usoli ananingsun znalullah Allahu Akbar," ⓧ Ikilah niyate solate sukma;"Usali langgeng urip zhatullan
p.61. sarining urip Allahu Akbar," ⓧ/Anapun ikilah niyate solate roh: " Usali daim annal hak, la hak, wala hak, la midid angin illallah allahu akbar ⓧⓧ" Ikilan niyate solate urip: " Usali uripingsun zhatullah anna huwal hak,

anna hua

anna hua mentul hak Allahu akbar." Hak ⓧ wallahu aklam bisawab ⓧ sukma;; roh; urip; ⓧ ⓧ Anapun pratelane islam kejaba kang wus den kersakake sampurnane marang Gusti Allah Subhanahu Watangala kang wahidul kohhar telung perkara iku, tegese: nabi, wali, mukmin; Islam iku patang perkara
p.62. kang dhingin islam khakiki, kapindho Islam pasiq, kaping telu islam / murtad, kaping pat islam munafiq ⓧ Tegese islam kang khakiki iku, nora wani tinggal prentane Qu'ran ing sathithik bane, maka lamun ora oleh ati ing tanah iku den lampu lunga ngumpul marang tanah liyane kang padha islam iku kang lumaku prentahe Robbil'Alamin kang ana Qu'ran iku ⓧ Anapun pratelane islam fasiq iku wedi tinggal karone anggere nora den larange ngibadahe bahe nanging batin liwat sukure atine nora pegat
p.63. prihatine nunuwun maring Robbil Ngalamin lumakune prentane Qu'ran / iku ing tanah iku ⓧ Anapun pratelane islam murtad iku kang wus lali marang printahe islam panganggone, sandhangane, pangucape, panganane, wus nora ana kang den singkir, anggere enak atine bahe, dadi wus kaya kewan uripe ⓧ Anapun pratelane islam munafiq iku, nora pegat ngibadahe lawan aznim, lamun nyritakake tuture kitab ujare, nanging atine wus nora pisan lamun arep nganggo maring tuture kitab kang bakal malarati marang badane, pangrasane dadi manut apa kang lumaku prentahe ing wektu kuwi
p.64. dadi / kaya iblis uripe ⓧ Anapun ana maneh bebasan loro kapir: kapir ngindanas islam ngindallah, kapir ngindallah islam ngindanas, iku ing tanah islam lamun tanah rusuh iku wus nora kena kang kapir ngindanas islam ngindallah iku iblis, kang aran kapir islam ngindanas iku hewan ⓧ Anapun tegese kang aran kapir iku, papat kang dhingin kapir khasanah, kapindho kapir hahiah, kaping telu kapir billahi, kaping pat kapir hasbi ⓧⓧⓧ ing dinten Jumngah wulan sapar tanggal kaping sawelas, tahun
p.65. Ehe Hijriah / minasjamsi mulki minallahi min walijin wala nasir ⓧⓧⓧ Pemut Ratu Tanah Jawa awit Kyai Ageng Mataram, Kyai Ageng Mataram peputra Sultan Mantaram, Sultan Mantaram peputra Sultan seda Krapyak, Sultan seda Krapyak peputra Sultan Ngabdulrahman, Ngabdulrahman peputra Sunan Pleret, Sunan Pleret peputra Sunan Mangkubuwana, Sunan Mangkubuwana peputra Sunan Prabu, Sunan Prabu peputra Sultan Mangkubuwana jumeneng Ngayogja, Sultan Mangkubuwana Ngayogya peputra Sultan lelana, Sultan lelana peputra Sultan seda Kedhaton, Sultan seda Kedhaton peputra Sultan Ngabdul Hamid, iku Kyai Ageng Mantaram, Sultan Mantaram seda
p.66. Krapyak, Sultan Agung, Sunan / Mangkurat, Sunan Mangkubuwana, Sunan Prabu ⓧ Iku rupane wahyuning jawata, malem khemis tengah sewelas sasi Ruwah tanggal pisan tahun Wawu, ana kitha Makasar, maka ana sasmitaning Allah Tangala, Fakir Ngabdul Hamid mulat marang kang dadi satru iku banget gila sabab dening rupa banget agawe hebat, apadene kang suwara maka anggoleki marang gone nendra Fakir Ngabdul Hamid. Maka Fakir Ngabdul-hamid bareng ngrungu suwara, kagete bareng mulat rupa banget karya hebat
p.67. Maka banget wedi Fakir Ngabdulhamid iku lan gumeter badane kabeh bacut-/-ake nendra sarta gugupe. Maka kang dadi satru iku anggoleki marang Fakir Ngabdulhamid sarta barang-kang, dene kang gemleger ngapa sarta

gumluthuk

gumluthuk. Maka Fakir Ngabdul Hamid sangsaya gila, sabab anglir upama
pitik sura lan macan. Maka nuli minggah marang panggonane nendra Fakir
Ngabdulhamid, nanging Fakir Ngabdulhamid wus asrah marang Allah Tangala,
tan noleh maring kang liya Allah. Maka nuli kang dadi satruning agama
iku anggrajangi marang Fakir Ngabdulhamid. Fakir Ngabdulhamid bareng
mulat kang warnaning saya banget gumeter cape sagung kahuwatane kabeh
p.68. dadi wus tanpa bayu. Maka awas mulat Fakir Ngabdulhamid / iku marang
warnane kang dadi satruning Agama iku, alir macan lorek nanging lumaku
anglir manungsa, dene gedhene siyunge sagedhang gabu, lengene sapucang
nanging siyunge dhewe: maka Fakir Ngabdulhamid ginawa sabab wus tan
bisa suwala dadi nurut bahe; nanging wawuh siji satru iku rupa manungsa
wadon kuru dhuwur maksih anom. Maka nuli den iringake Fakir Ngabdulhamid
wus tan bisa yen gingsira, nanging Fakir Ngabdulhamid wus ngesthi palastra
p.69. anging Allah kang gumantung ing nala. Maka prapta ing pernahe kang / si-
Peja satru loro iku kaya gedhung penapen, mangkana banjur Fakir Ngabdul-
-hamid dikon lungguh, banjur lungguh Fakir Ngabdulhamid iku dene wong loro
iku padha ngadeg. Maka Fakir Ngabdulhamid nabda: " Arep kok kapakake
ingsun." Maka satru iku mojar: " Arep ingsun mangsa," kang rupa macan iku
kang sumanur, kang rupa manungsa meneng bahe ngadeg ana kiwa. Maka nabda
Fakir Ngabdulhamid: " Lamun sira arep nguntal marang ingsun mara untalen
aja suwe." Maka nuli den angkat ayun ing nguntal, nanging Fakir Ngabdul-
-hamid wus tan ana kang katingal nanging Allah lan enget maca surat
p.70. Akhad. / Maka nuli ana marmaning Allah Tangala anglir kudhung aneng
lahireng Fakir Ngabdulhamid. Nuli gumeter satru iku nora bisa ngungkuli
maring Fakir Ngabdulhamid, maka nuli ngucap satru iku: " Lamun sira bisa
Ngabdulhamid, ingsun patenana, wus pesthi tetepe Tanah Jawa kang duwe ,
sira." Maka nuli sumanur Fakir Ngabdulhamid lan waspada kang dadi satru
iku wus tuwa: " Insja Allah, ingsun weruh uga ing patinira." Lawan marma-
-ning Allah pinaring kuwat Fakir Ngabdulhamid lan pinaring wani, maka
nuli ngadeg Fakir Ngabdulhamid anyedhak marang satru iku, kabeneran
p.71. pusere banjur denundha banjur / tiba mati kang siji jaluk den balekake.
Maka nuli den balekake, ya kaya mangkana gone pati uripe ing pusere padha
mati mujur ngalor ngulon, maka sawise mati satruning agama loro iku dadmi
tetep Tanah Jawa bali marang Fakir Ngabdulhamid maneh⊗ Tamat wallohu
aklam⊗ ⊗ Malem Isnen wulan Sura tanggal tigalikur ing tahun Ehe ana
suwara: " Kurang pat belas tahun."⊗

Anapun kang minangka dadi pikukuheng Islam iku limang perkara,
kang dhingin sjahadat, kapindho solat limang wektu, kaping telu puwasa ing
p.72. wulan Romadhon / mangkana tegese iku, nabi
wali mukmin, telu iku sayektine wus tunggal, iya iku. Maka bakda kang
para nabi ing donya iku kang minangka gagantine dadi papanguruhane
maring ing sarupane darayate Adam kang padha Islam lanang wadon iku kabeh,
kang padha maksih keri ana ing donya marang ing bener lupute utawa ing
ala lawan becike iku kabeh maring ing sarupane darayat Adam kang padha
kari iku mapan kang minangka dadi sjahide, iya wali lawan mukmin iku, lan
ingkang dadi gedhong kastuha wali mukmin iku marang Gusti Allah Subhanahu
watangala

Watangala kang nguza Wajala kang wanidul kohar, iku lawan nora nganggo
p.73. beda / kang wali mukmin iku. Sahingga durung pinudhut Qu'ran iku tulise
teka ing ngalam donya, sabab kang minangka dadi sjahite Qu'ran iku, iya
wali lawan mukmin iku bakda nabi kersane Gusti Allah Subhanahu Watangala
kang nguza wajala kang wanidul konar iku lawan ngiras kinon anekseni iya
wali mukmin iku marang ing sarupane ing donya iku kabeh kang ala lan kang
becik kagungane Robbilngalamin. Maka kang dadi tandha lamun ngarepake
entek umurxing jagat ngalam donya iku bakal salin wawangunan, tegese iku
p.74. bakal salin alam iku nora langgeng / nora ana kang nganggo kena owan2
iku kabeh sarupane iku tegese lamun angarepake ing donya bangsa Qu'ran
iku pinundhut tulisan iku mulih marang ing Laukhilmakhmut wali, mukmin iku
wus padha mulih kabeh marang ing suwarga tan ana kang keri ing donya iku.
Maka duriyat Adam kang maksih kari ana ing donya iku kang padha ala2 bahe.
Iku tegese kang padha dadi kapir laknatullah, badane iku wus padha kaya
knewan iku bahe, kang minangka dadi nyawane kapir laknatullah iya iku
p.75. iblis laknatullah. Iya iku kang dadi tandhane lamun ngarep-/-ake ing
donya bangsa sarupane becik bener iku kabeh wus padha pinundhutan iku
maring ing Robbulngalamin kabeh kang ana ing donya iku wus ing ngilang-
-aken kabeh iku maring ing Gusti Allah Subhanahu Watangala kang nguza
p.76. wajala kang wanidul kohar iku kabeh ⓧⓧⓧ / Iku nabi, wali mukmin marma
dadi saben iku telu renggane, x sabab nabi wali mukmin iku telu jenggar-
-onge sayektine iku, tunggal bahe padha agedhong kastuba ginawe wayangan
zhatullah kang ghoib. Maka lanire mukatu nurullah iku dadi Kalimah
Sjahadat loro iku kang dadi wijine iman mangkene rupane ⓪ Alip iku
kang dadi iman amantubillah, iku tegese iman amantubillah iku iya iman
maksum, tegese maksum iku rineksa, tegese para nabi iku kala durung lanir
iku wus kapanjingan iman amantubillah, iku marma adoh marang sakehe dosa
p.77. gedhe utawa cilik,/ sjin tegese sjin iku kang dadi iman hidayat tegese
iman hidayat iku imane kang para wali iku olehe hidayat bisa manjing
marang iman amantubillah iku ing sawuse wani angrusak donyane. He tegese
iku kang dadi iman makbul lawan iman taghiyur, marma he iku dadi iman
loro, makbul lawan taghiyur, sababe iku awang-uwung, tegese awang-uwung
iku, werun ngisor dhuwur, tegese dhuwur iku marang suwung, ngisor iku
tegese marang ana. Dal, tegese Dal iku kang dadi iman mardud, tegese
p.78. iman mardud iku kaduwe / marang sarupane kapir laknatullah, sabab tegese
Dalx iku donya, marma iman taghiyur iku lamun mundur dadi mardud lamun
maju dadi makbul, sabab iman loro iku wus timbangan karsa Subhanahu
Watangala ginawe pungkasan, iman maksum lawan iman mardud, tegese iman
maksum iku Kanjeng Nabi Adam Ngalahissalam iya iman amantubillah, iku
tegese iman maksum. Tegese iman mardud iku iya iblis laknatullah iku
kang pasthi imane mardud. Anapun iman kang pasthi ananira iku, nanging
telu iman maksum iku kaduwe ing Kanjeng Nabi Adam Ngalahissalam, awite
p.79. lawan sakeh / para Nabi sabab sakeh para Nabi iku padha kepanjingan
nu buah kala maksih ghoib para Nabi iku wus pinasthi lamun iman maksum.
Anapun iman taghiyur iku wus pinasthi lamun kaduwe sakeh anak Adam,
sabab sakeh anak Adam iku loro rancangane, kang satengah dadi isi suwarga

kang

kang satengah dadi isi naraka. Lamun iman tagniyur iku amundur marang iman mardud, wus pasthi lamun bakal dadi isi naraka anak Adam iku. Sabab iman mardud iku iblis laknatullah kang duweni lamun maksih ana, tapi iman
p.80. taghiyur bahe pasthi lamun / bakdal isab anak Adam iku. Anapun iman loro makbul lawan iman hidayat iku gumantung ana ing iradayte Robbilngalamin dhewe iman loro iku. Anapun iman tagniyur iku ngalamate lamun bakal maju marang iman makbul iku, ngantepi marang iman amantubillah iku lamun oleh pitulung, dadi oleh iman makbul lamun maju maneh iku iman hidayat, iman telu iku truntunan bahe, maksum hidayat makbul iku lahir padha iman amantubillah. Tegese iman amantubillah iku kang wus gumantung ana
p.81. ing sandhuwure iman taghayur / iku kang minangka dadalan maring iman telu iku. Anapun bedane nabi, wali, mukmin iku, nabi lamun rare imane wus amantubillah balegh banjur maksum, wali mukmin rarene padha iman taghiyur balegh iman amantubillah, unggahe marang iman makbul utawa iman hidayat iku, kersa Subhanahu Watangala dhewe kang manci. Anapun iman teluik iku padha duwe kelakuhan dhewe2 iman maksum, iman hidayat, iman makbul, sabab iman maksum iku nganggo bakda ing donya iki, bakda
p.82. Kanjeng Nabi Mohammad s.a.w. iku wus ora / iku sjetan arane ⊗ Mangkana maneh pangucap, aja jinabat, ingsun wus jinabat; sabab wus jinabat batine bahe iku banyu kang luwih suci jinabat sinarawedi arane, dene anggere eling telung perkara iku bahe batinira iku jinabat sinarawedi arane, nora susah nganggo banyu mundhak adhem, tura sampurna iya jinabat kang sinarawedi iku banyu kang luwih suci tur sampurna lawan nora adhem. Dene pangucap mangkana iku mula nyata lamun luwih suci kang ngaran jinabat sinarawedi iku, lamun timbang lawan sira jinabat niyat bahe kaya upama-
p.83. -ane solat limang wektu / lan solat kang lima iku, nanging karo-karone iku solat lan jinabat iku kang dadi anggere, iya niyatira kang lahir pan sayekti lamun wus sah karo2ne iku, nanging kurang utamane bahe, dene kang aran jinabat sinarawedi iku iya kaya solat kang lima patrape kudu arep eling sira maring anggone banyu kang kaliwat sucine iku, sabab ka--liwat rong siti, apadene liwat ghoibe iku ana ing sajroning baital--makmur. Maka lamun karep sira dadi tumurun maring ing ati bakda campurhe rasa iku ana ing cupu manik astagina iku kang mawa lamun nora patut
p.84. karepira iku dadi banget bendune Robbil-/-ngalamin sabab iku kang sinelir dhewe padha2 gadhuhanira maring Subhanahu Watangala, banyu urip iku marma lamun nora nganggo tata krama dadi haram tumurune iku, tegese iku nikah lawan den eling niyat lamun anglakoni pakon sira iku, lakune wong Islam hak. Maka lamun wus weruh sira marang seling surupe kang ngaran banyu suci iku lawan pituduh ing guru. Dene patrape kang aran jinabat sinara--wedi iku, lamun wus adus jinabat nuli niyat sembahyang kifarat utamane iku, utawa elingira bahe maring Robbilngalamin nuwun apura sabab lalinira
p.85. sadhela iku jinabat / sinarawedi arane dadi kena karone, mangkana maneh bab sembahyang. Lamun wus nunggal karone kang lahir lan kang batine iku, iya sembahyang sinarawedi arane ⊗ mangkana maneh pangucap wadon iku wus nora susah nganggo nikah sabab iku wus adune lamun lanang karo wadon, dadi

dadi nikah batin bane kang utama, apadene pepanganane apa kang dadi
karepira iku, iya becik sabab iku rupane kamurahaning donya apa dhadh-
-emenanira anggere, nora den sereg ing wong bane, Dene pangucap mang-
p.86. -kana iku sayekti dhasarana tuture iblis iku olene mu-/-ruk, nanging
dudu donya kagungane Subhanahu Watangala kang maksin ginaib. Tegese ing
suwarga dene donya wus pasthi lamun nora kena sabarang ana watese, sabab
donya iku dadi antarane suwarga lawan naraka; dene kang den arani nikah
batin iku rong perkara, kang dhingin kala dhuriyat, kapindho panjinge
roh marang badan marma dadi karepe iblis olehe muruk lanang karo wadon
iku, anggere padho karepe iya iku nikah batin arane lan tan ana saweng-
-anane ghofarolahum ⊗ Anapun ikilah bab pertelane wite panarima iku
p.87. iman, tegese kang den arani iman iku, iman amantubillah / dudu iman
taghiyur dudu tegese iman amantubillah iku, iya wus percaya ngandel
maring prentahe Robbilngalamin kang wus ana ing sajrone Qu'ran iku kabeh
kang kinon iku. Dene lakune kang cinegah iku den singkiri dene bab ing
donya wus nora ngetung begja lōrō pati badane iku pan wus tan ana kang
liya Subhanahu Watangala, sabab badan iki tunggale ✗ padha ganjaran
mangkana maneh ngalam donya iki sakisine iku ya ganjaran dene kang gin-
-anjar sarupane isine ngalam donya iku, iya manungsa, iku kang dadi
p.88. tandha begja cilaka wekasanira iku kang dadi tekade manungsa / wus
amantubillah tan ana liyane Allah kang den kasihi barang kang katon
kang krungu iku nora liya eloke Robbilngalamin iku paningale pangrungune
wong mukmin kang hakiki, sabab sawiji-sawiji iku kang lahir kang batin
iku wus pasthi nora kaliya kodrat iradate Subhanahu Watangala kang wahi-
-dul kohhar. Dene kang dadi lakune ana donya iku telung perkara: sabar,
sjukur, ridlo, tegese sabar iku sabar lamun katekan coba, tegese sjukur
iku sjukur lamun katiban nikmat, tegese ridlo iku ridlo maring khukumu-
-Allah, sabab tekade wus tan ana maneh kang liya Subhanahu Watangala
p.89. kang wahidul kohhar, anggere nora / pisah iman bahe, tegese iman iku
iya prentahe Robbilngalamin kang aneng sajroning Qu'ran, iku lahire
marma dadi lakune telung perkara, sabab wus pasrah bane percaya marang
Subhanahu Watangala iku rupane lamun wus mantep percayane marang iman.
Sabab wus tan ana prentah maneh ing saliyane Qu'ran, marma dadi wus nora
kena pisan kagungane Allah Tangala kang telung perkara iku. Anadene
pan minangka gendhung kang dhingin solat, kapindho zhikir, kaping telu
maca Qu'ran kang dadi tandha lamun wus bisa nama manungsa kang mantep
p.90. bisa hakikine rumeksa marang kagungane / Subhanahu Watangala kang telung
perkara iku ana donya pasthi lamun wedi pisan lawan telung perkara iku,
sabab iku afngalullah, dene Qu'ran iku ora tan kena ora ing saben2 dina
pasthi ya den buka papane iku, sabab iku upama badan papane Qu'ran iku,
dene tulis upama rupa, dene kalimahe aksara iku upama obahe badan,
dene unine Qu'ran iku iya upama urip khak Subhanahu Watangala ghofaro-
-lahum; marma nora kena lamun gepok papane Qu'ran iku sira lamun durung
susuci amek banyu wudlu sira, kajaba ana nguzhur kang banget, sabab
p.91. Qu'ran iku angsale Allah Tangala kaliwat sucine / dadi padha lamun sembah-
-yang limang wektu iku, sabab sembahyang iku kang minangka lahire Qu'ran

dadi Insankamil arane iku, kang minangka gednong andhohirake kagungane Robbilalamin kang ghoib sakehing sajrone Qu'ran iku, tegese iku Nabi Wali Mukmin . Anapun pertelane bedane Qu'ran iku lawan kitab kang padh--ane nurunake satus papan kalebu Qu'ran kagungane Subhanahu Watangala kang khakiki, iya Qu'ran iku kang minangka dadi babone kang satus punjul telu marma dadi keri dhewe tumurune Qu'ran iku, sabab karsa Subhanahu
p.92. Watangala ginawe tandha lamun ~~wus~~ / wus sampurna. Dene pratelane bedane Qu'ran iku lawan kitab kang satus punjul telu iku: " Bismillah, iya Bismillah iku kang wahidul kohhar marma saben2 surat iku padha nganggo Bismillah Qu'ran iku. ——— Kang minangka pratandha ucap asmaning Subhanahu Watangala wahidul kohhar marma saben2 surat iku padha nganggo Bismillah Qu'ran iku, tegese surat iku iya rupane prentahe Robbilalamin maring sarupane umat Kanjeng Nabi Mohammad s.a. mukmin lanang, mukmin wadon, kang wus kapanjingan iman marma dadi fardlu papan Qu'ran iku
p.93. kudu den becike sabab / derapon elinga sira lamun sakehe sawiji2 iku wite marma dadi aksara Qu'ran iku nganggo gedhe, cilike, dawa, cendhak, kandel, tipis iku, tandha rupane Mahluk iku kabeh, apadene darajate suwiji2 iku dawa, cendhak iku marang umur kandel tipis iku maring dosa, tasjid iku maring lora pati iku tandha lamun nora kena sakehe sawiji2 iku wus pasthi lamun dalan pati utawa rusak sarupane mahluk ing donya iku kabeh marma poma aja lali sira maring Qu'ran iku ing saben2 dina
p.94. sabab Qu'ran iku kang minangka dadi zhohire sjahadat marma / tan nyata rupane sjahadat iku sabab iku wijine ngelmu iku kabeh, maka tinandur wiji iku dadi nora katon rupane wiji iku bareng cukul dadi nanging wite kang katon lawan wohe lan rasane ~~sjahadat iku zhikir~~, dene kang dadi wit sjahadat iku, solat, kang dadi wone sjahadat iku zhikir, kang dadi rasane sjahadat iku Qu'ran, nanging telu iku kang nyata rupane uwit, woh, rasa, iku kang katon dhingin paningale lamun uwite iya solat limang wektu iku rupane wite ngelmu, dene wone zhikir Kalimah Toyibah iku rup-
p.95. -ane wohe ngelmu dene rasane Qu'ran iku kang / minangka rasane ngelmu rupane sabab rasa iku iman, tegese iman iku prentahe Qu'ran marma dadi nora kena lamun den arani ana loro rupane rasa lan wit, wiji lan uwone, wus pasthi lamun iku padha rupane. Dene kumpule iku ana Insankamil jenggerenge iku minangka zhohire sifatullah dene panggawene Insankamil iku, pan minangka zhohire afngalullah, dene prentahe Insankamil iku, pan minangka zhohire zhatullah, iku tegese Kanjeng Nabi Mohammad rosulullah s.a. kang ngaran Insan-kamil iku minangka dadi zhohire ———
p.96. sifat ngelmu kabeh, mangkana maneh / jenggerenge badane mukmin iku lan papaning Qu'ran iku sayekti lamun loro ~~ana~~ nora loro, siji nora siji, papaning Qu'ran lan badane mukmin iku marma dadi sarupane mukmin nora kena pisah lan papane Qu'ran, iku sabab papane Qu'ran iku pan minangka badaning iman, dene sabarang prentahe ing sajrone Qu'ran iku kang aran iman, maka lamun sembahyang sira dadi nora katon papane Qu'ran iku sabab wus ngalih dadi badanira iku kang minangka papaning Qu'ran, sabab sarup--aning Qu'ran, sabab sarupane wawacane solat iku nora ana kang liya Qur--an tumeka ing sampurnane solat, tegese zhikir Kalimah / Toyiban
p.97. tumeka

tumeka ing sabarang rupane, sabarang kang ngaran znikir iku kabeh, iya Qu'ran; marma dadi nora kena lamun den aranana loro jenggerengira iku lan jenggarenging Qu'ran. Nanging lamun nora solat wus pasthi loro jenggerengira iku lawan jenggerenging Qu'ran, sabab Qu'ran iku kang prentah sira kang anglakoni printah, marma fardlu lamun nora solat sira amacana Qu'ran aja tawang ing sakuwasanira, sabab iku upama seba maring Ratu mangkana manawa ana karsa wus pasthi lamun sira kang anglakoni,

p.98. maka lamun oleh sih sira dadi manjing ratu iku / iku dalil naso...... nasa nusiri wa sirhu.....

eling2 sarupane duriyat Adam.....

lanang, wadon kang padha Islam maksih..... (page torn in the Mss.)

donya iku kabeh marang ing pangeran iku pangandikane Gusti Allah Sub--hanahu Watangala kang nguza wajala kang wahidulkohhar iku tegese manusa kang wus ——— tumeka iman khakikine sajatine manusa kang wus sampurna iku, mapan wus tan kena pisan iku lawan kodrat iradate Gusti Allah Subhanahu Watangala kang nguza wajala kang wahidul kohar, mapan

p.99. wus ing ngaken manungsa kang / maha......

(page torn in the Mss.)

kerat pisan dadi.....

ing sarupane kahelokan

kang ~~ekeke~~ handak? iku kabeh, maka lamun...

kena mring kang padha ana ing donya iku kabeh, lamun durung weruh marang ing ngawake dhewe iku, bu adoh temen2 lamun weruha marang ing pangerane wong iku kabeh, maka lamun nora weruh marang ing pangerane, wong iku kabeh ~~kang~~ ana ing donya ~~bawa~~ kaya apa2 lamun nora kabedhanga ~~pangeale~~ paningale maring ing sarupane kahelokan donya kang endah2

p.100. iku kabeh maka lamun wus kabedhung ~~panggale~~ paningale wong iku, bo ~~tapan~~ tangeh temen2 / lamun bisa ⊗ Ikilah rupane ngelmu kang telung perkara akhadiat mangkene rupane ⬤ , wahdat mangkene rupane ⬤ , mahadiat mangkene rupane ⬤ , iya akhadiat iku rupane wijine ngelmu, nanging maksih ghoib akhadiat iku durung pertela rupane. He Ngabdul Hamid, maka Gusti Allah Subhanahu

p.101. Watangala marang pratelane / ngalam akhadiyat iku ana ing ngalam waakhdat ⊗ . Maka winiwitan lahire ngalam akhadiyat iku maring ngalam wakhdat, Ngabdul Hamid teka telung perkara iku pratelane rupane: " Ngisaqi, Ngasiqu, maksuq, Dene kang ngisiqi iku mangkene rupa--ne ⬤ kang ngasiqu iku mangkene rupane ⊖ kang maksuq iku mangkene rup--ane ▲ , iku Ngabdul Hamid,Gusti Allah Subhanahu Watangala olehe karsa ningali marang kagungane kang ghoib iku, minangka dadi dedalane ⊗ Maka dadi pertela rupane sawiji2 iku <u>Insan-kamil</u> arane anak ing ngalam wakhadat pan minangka dadi gedhong kastuba iya iku pasanetan zhatullan ⊗

p.102. Tegese / ana ing sajerone atinira hati iku dadi padang sabab iman iku, upama srengenge ana sajrone ngalam kabir iku, tegese kang den arani ngalam kabir iku, iya iku hati dadi wus nora samar sira marang kagungane Subhanahu Watangala sarupane kang ghoib2 iku kabeh. Dene bab solat iku, iku pakumpulan, iya iku kang ginawe tandna zhohire Insan-kamil, dene bab znikir iku rupane sjahadat, dene sjahadat iku upama geni gedhe amonlesus, dene iman ana ngati iku upama srengenge, dene sarupane susu-

~~-kan~~ ker

p.106. / He eling-eling maring papaning Qu'ran iku, sabab iku kang minangka
wadhahing iman kang dhohir Qu'ran iku ginawe pangeling-eling marang kagungane
Robbilngalamin kaben kang ana dunya, apadene kang ana ngakherat sabab
Qu'ran iku minangka tandha dhohiring iman lawan ginawe saksi marang bener
luputira ana donya. Maka lamun wus tutug olehira den karsakake ana donya
marang Allah Tangala dadi eling wujude papakne Qu'ran iku sayekti nora
hilang, Qu'ran iku wus nunggal ana ing jenggerengira, iku tegese iku lamun
p.107. dlörö banget sira / mekh teka sakarotilmaut. Iya sakarotilmaut iku kang
minangka dedalanira mulih marang kalanggengan, mangkana maneh Gusti Allah
Subhanahu Watangala kang wahidulkohhar olehe ngersakake ananira ing donya
iku, winiwitan teka bayi, ulihira donya dinalanan teka mati, marma dadi
wong ana donya iku kudu arep den eling lamun ana donya awit bayi sira nuli
bocah, bocah nuli balegh, balegh iku mangsane lamun gugulanga kang dadi
sabab beja cilakanira ana donya. Lamun besuk mulih maring ———————
wekasanira maka sawuse rabi dadi bapa arane iku ing mangsane lamun ngeling-
p.108, -eling marang dedalame pati sira sabab / iku kaliwat dene rangsitira de-
-dalane pati iku, lawan wajib lamun wus dadi bapa sira angarep-arepa marang
pati sira, sabab iku wus tutug olehira ana donya sabarang nikmat kang ana
donya wus pasthi lamun weruh rasane sira. Marma kudu den ngati-ati lamun
wus dadi bapa sira, sabab iku kang minangka watesira ana donya, pangrungunira
paningalira, pangan, bunira wus pasthi lamun wus waspada sira marang ka-
-gungane Subhanahu Watangala, sabarang kang ana donya kabeh, lamun wuwuh
p.109. maneh ulihira ana donya kongsi aran kaki utawa buyut, iku ana kang/dadi /
sabab wuwuhi bejane, ana kang muwuhi cilakane. Lamun teka ing wekasanira
sabab donya iki panggonan ala lan becik, marma dadi lamun wus tekan bapa
wus cukup wong ana donya, sabab iku wus weruh kabeh kagungane Robbilngalamin,
sakehe kang ana donya, he mukmin lanang, mukmin wadon, islam lanang, islam
wadon, padha elinga marang pati sira, marma ana dalil: " Ngisqi, ngasiq,
maksuq, tegese ngisqi kala arep gawe, tegese ngasiq kala gawe, tegese ing
donya iki panggonan gawe ala becik. Tegese maksuq iku sawuse gawe tegese
p.110. iku /

p.103. Susuker kang ana ing sajrone badan iku kabeh iblis awa nafsu / iku upama megamendhung iya iku kang angaling-alingi2 srengenge, marma dadi peteng, mangkana maneh iman iku olehe peteng ana ing sajroning ati, sabab kaling-kalingan telung perkara iku, sabab ati upama langit dene, awak kang ana ngisore puser iku upama jagat kaben iku zhohire kang nyata jenggerengira iku lamun kanggonan telung perkara dadi peteng jagatira kabeh. Tegese telung perkara iku: iblis hawa nafsu iku, nanging sjahadat kang bisa ngilangake telung perkara iku. Tegese sjahadat iku zhikir Kalimah Toyibah, iku lamun oleh sih pitulunge Subhanahu Watangala

p.104. dadi geni amor lesus sirna kabakar / sakene raregede iku, apadene minangka mendung kang ngaling-alingi marang srengenge iku sabab katiyub marang angin pasthi lamun padhang jagatira kabeh, nanging lamun garing kayune, lamun teles kayune iku nora bisa murup geni iku dadi nora bisa ngilangake raregeo iku, upama malam lamun kena geni masthi lamun hilang malam iku, maka lamun wus hilang sarupane areged iku kabeh dadi padhang jagatira iku kabeh sawa bengesan, iku soroting cahyane wus pasthi lamun weruh sira maring kagungane Subhanahu Watangala kang ghoib2, marma aja pegat

p.105. sira / ngakherat marma tandha lamun dloro banget iku bakal maksuq sira, tegese dloro banget iku sakaratulmaut, sabab iku panggonan pakumpulan afngalira ing donya iki kabeh marma dadi Qu'ran wus ngumpul lawan iman papaning Qu'ran wus ngumpul marang badan. Maka lamun maksih sifat jenggerengira iku. Tegese sifat jenggereng iku lamun maksih kharkat panggotane iku, durung kena lamun atinggal ing sembahyang sifat jengg--ereng iku. Maka lamun wus nora kharkat sifat kang jenggereng iku, sabab iku wus ngumpul lawan Qu'ran sifat jenggereng iku. Maka kang kari iku

p.106. dadi / wong Yahudi iku padha angestokaken lamun Nabi Ngusera iku, anaking Allah, mangkana manen pangucape wong Nasara iku padha angestok--ake lamun Nabi Ngisa anaking Allah. Maka pangucap kang mangkana iku padha batal kabeh karone, iku sabab padha lali lamun Gusti Allah Subhanahu Watangala kang ngaza wajala kang wanidul kohhar iku: Akhad, wakhid nora anak2 lawan nora nganak-anakaken sjazhate lan sja sipate iku dadi sakersane. Maka kang padha angestokaken ing pangucap mangkana iku, iya iku kabeh padha pangucap ing Kapir Laknatullah iku, sabab

p.107. zhuriyat Adam kang padha lali ngucap mangkana iku dadi / wong hilang sabab wus kena marang ing iblis laknatullah iku kang padha tinurut pang--ucap mangkana iku. Maka islam sira angelinga iku marang ing sarupane zharoyan Adam kang padha angestokaken marang ing pangucap mangkana iku kabeh. Sabab pangucap kasar iku sake iblis laknatullan kang gawe ing pangucap mangkana iku. Maka lamun nora kena kudu meksa zhuriyat Adam iku dha muni dadi kapir laknatullah iku, ya banjur padha perang ana kongsi tumeka ing sakaline kabeh iku. Maka lamun durung ana karsane Gusti Allah Subhanahu Watangala kang nguza kang wahidul kohhar iku

p.108. prentah kaya sarupane kang wus padha muni / iku nora kaya sarupane zhuriyat Adam sira kang padha islam lanang, wadon, iku kabeh, nanging zhalil nasko ing Qu'ran iku bahe poma2 den eling iku padha sira anggoha iya: " Ya Ayyuhalazhina amanu athingullaha wa athingur rosula wala

tabthilu

tabthelu akmalakum." he eling2 sarupane zhuriyat Adam iku kabeh sira
kang padha islam lanang wadon marang ing zhalil naso ing Qu'ran iku.
Tegese iku padha angimanaken sarupane Islam sira iku kabeh marang ing
sarupane pangandikane Gusti Allah Subhanahu Watangala kang nguza wajalla
kang wahidul kohhar iku kang wus ana ing naso ing Qu'ran iku kabeh ing
p.109. donya dene / tumeka ing ngakherat pisan iku kabeh lawan padha angimana
sarupane islam sira iku kabeh marang ing pangandikane Kanjeng Nabi
Mohammad rosulullah sollallohu ngalaihi wassalam. Tegese iku kang wus
padha muni ing hadits iku kabeh. Tegese aran Hadits iku,iya iku sarupane
kitab wasiyate kang jeng Nabi Mohammad Rosulullah sollallahu ngalai wasalam
iku kabeh nora kena nokra sarupane islam lanang wadon padha sira anglakon-
-ana maring ing prentahe khadits rosulullah iku kabeh, Maka kang dadi
anggere prentahe khadits rosul iku maring ing sira sarupane islam kabeh
p.110. sira ana donya iku, nora kena nora / sira iku kabeh kudu den gedhe sira
kabeh ing patobatira angrasaha lamun akeh ing kaluputanira marang ing
Robbilngalamin sira iku kabeh lawan padha den bisa sira iku kabeh sarup-
-ane zhuriyat Adam kang padha islam kari ana ing donya iku, padha
den bisa rumeksa marang ing imanira iku kabeh kalawan sarupane ing
ngamalira iku kabeh salawas-lawase uripira ana ing donya, sira iku kabeh,
maka tegese rumeksa marang imanira iku poma2 aja wani2 perak marang ing
sarupane kang wus den larangi ing iman iku. Maka lamun wani minggir2
p.111. sira iku kabeh marang ing larangan / iku, maka lamun wus minggir sira
maring ing larangan iku bahadon temen2 lamun wus minggir iku sira lamun
nora gagebyur marang ing larangan iku, lamun wus kagebyur sira marang
larangan iku bokja apa2 iku, lamun nora elinga imanira iku maka tegese
rumeksa marang ing ngamalira iku ana ing donyax iku, iya iku kudu
arep lebur lakunira iku lawan rumeksa maring ing nafsunira, X tegese
nafsu iku sabarang karepanira patut lawan ing prentahe zhalil khadits,
karepira dadi kamoran karepe iblis laknatullah karepira iku. Mangkana
p.112. maneh lawan pangu-/-cap tekabur kang terus ingati iku, iya iku iblis.
Lamun tekabur marang ing sapadhane islam iku bokja apa2 iku lamun mangg-
-ung laklinira nora tobat maring ing sarupane lalinira iku lamun nora
elinga imanira iku lawan batal kabeh sarupane ngamalira iku salawase
uripira ana ing donya sira. Maka lamun wus pasthi batal iman lawan
ngamalira ana ing donya iku botangeh temen lamun bisaha mulih maneh
maring suwarga iku sira sabab sarupane duriyat Adam kang padha islam
kari ana ing donya iku kabeh, kajaba kang oleh maring ing dedalan
p.113. sirullah iku, nanging iman lawan ngamal iku kang minangka / sangunira
sira mulih iku marang ing kamulyanira, Maka sarupane zhuriyat Adam kang
padha islam iku ing donya iku kang sampurna iku kang den paringi wahyu
maring ing Robbilngalamin kaya kang wus muni ing zhalil naso ing Qu'ran
iku: " Qul lilmukhalifina minal maghribi satadnguna ila qaumi ula baksa
sadid tukotilu nahum au yuslimun." he eling2 sarupane zhuriyat Adam kang
padha islam maksih ana ing donya kang minangka dadi tandha lamun islam
kang oleh sihe Gusti Allah Subhanahu Watangala kang nguza wajalla kang
wahidulkohar iku, kang wus dadi tandha lamun pinilih iku kang dhingin

p.114. / iku nora gelem iku lamun angucap ing sawiyah2 bahe, lamun nora ana kang dadi kasile iku marang ing kautaman ing wekasan atine wus den niyatake marang rusake badane ana ing donya iku lan dadi kareme nanging sabarang kang metu teka ing prentah iku bahe, kang padha basa Ngarab iku. Tegese zhalil lan khadits nanging iku bahe kang ana ing sajroning atine kang dinileng utawa rinangu maring wong iku lan kang wus dadi tandhane zhuriyat Adam iku lamun oleh sih ing Robbilngalamin iku. Nanging limang perkara iku, kang dhingin rasa, kapindho kendel, kaping telu mantep,
p.115. temen nora goroh / marang ing sabarang ujare, kaping pat Islam, kaping klima taklim, iya iku lamun Gusti Allah Subhanahu Watangala kang ngaza wajalla kang wahidul kohhar, lamun karsa paring wahyu perang sabilullah kang minangka dadi pangirid perang ing sarupane zhuriyat Adam iku kabeh, kang padha islam lawan dalil naso ing Qu'ran iku: " Fa'in tathinguayuk tikumullahu ajrun akhsana wa in tatawallu kama tu litum minkobli yung--izadkum ngazhaban alima." He, eling sarupane zhuriyat Adam kang islam kabeh sira padha ngemanaha maring ing prentah aprang sabilullah iku
p.116. kabeh / sira tur luwih bagus ing donya tumeka ing ngakherat pisan sa--rupane zhuriyat Adam kang padha islam iku kabeh, sira iya ing aprang sabilullah iku, maka lamun zhuriyat Adam kang padha angaku Islam iku kabeh lamun durung anglakoni perang sabilullah bogoroh temen2 lamun islam mapan sayektine iku lamun weruha ing prentah kang sabenere2 iku, ikilah prentahe kang sayekti Gusti Allah Subhanahu Watangala kang ngaza wajalla kang wahidul kohhar x dalil naso ing Qu'ran iku: " Huwallazhi arsala rosuluhu bilhadu dinil khaq liyuthohiruhu ngalaladhi kullihi
p.117. wakafa billahi sjahidan Muhammadar/rosulullahi wallazhina mangahu asjaddaā wa ngalal ngafaro rohmaa bainahum tarohum rukangisujud yabta--ghuna fadl lamminallah wa ridlwanan sam ngihim fi' wujuhihimin afsar--isujud zhalika matsaluhum fitauroti wamatsaluhum filinzil, kazamngu akhroju sjatluhu fazrohu fastaqnalazha fastawa ngala suggini yakjibu--zaronga layazhumullahufa rawa ngidullahu llazhina amanu wangamilusso--liknati minham maghfiratun wa ajron ngazhima." He, eling2 sarupane zhuriyat Adam kang padha maksih Islam lanang wadon sira iku kabeh marang ing utusane Gusti Allah Subhanahu Watangala kang nguza wajalla
p.118. kang wahidul / kohhar iku, tegese Kanjeng Nabi Mohammad rosullallah sollallahu ngalaihi wassalam iku kang ingutus tumurun maring ing alam donya kang sarta anggawa Kanjeng Nabi iku prentahe ing Robbilngalamin tur kang kaliwat gedhe dhewe iya prentah kang tumurun iku kalamullah kang sakhaqiqine iku, lamun prentah kang sabener2e iku, lan kaliwat sucine sarupane prentahe iku kabeh, Tegese iya iku agama Islam karsane Gusti Allah Subhanahu Watangala kang nguza wajalla kang wahidul kohhar lawan wus anyukupi kabeh iya Agama Islam iku maring ing sarupane agama
p.119. iku kabeh ing donya tumeka ing ngaherat pisan. Maka kang minangka / dadi sjahide temurune agama islam iku marang ing ngalam donya teka luknil manfud iku Kanjeng Nabi Mohammad khabibullah ngalaihi wassalam iku kang ngutus maratakake prentahe agama Islam iku kabeh marang ing sarupane zhuriyat Adam iku kabeh manusa lan jin, apadene lamun sarupane wong

kafir

kafir iku kabeh nora kena lamun padha nganggo ing sakerepe dhewe2 kabeh iku, nora kena nora kabeh iku ya padha anganggoha ing prentah kang kari iku. Tegese iya agama Islam iku prentah kang keri karsane Gusti Allah Subhanahu Watangala kang nguza wa jalla kang wahidul kohhar iku. Tegese
p.120. prentah kang dhingin, ya wus nora ana / loro, ya prentah kang kari iku pan wus tan kena nora sarupane zhuriyat Adam kang padha maksih ana ing donya iku kabeh kinon mardi marang ing solat limang wektu iku kabeh, jin lawan manungsa. Maka nora kena prentah ing agama Islam iku lamun ana kang angucap marang ing agama kang saliyane ing agama Islam iku. Tegese agama Islam iku kang dhingin iku nora kena nora iku kudu anges- -tokaken marang ing Kalimah Sjahadat loro, tegese Kalimah Sjahadat loro iku nora kena lamun duwe tekad iku lamun ana Ratu loro ing donya iku tumeka ing ngakherat pisan lan Kanjeng Nabi Mohammad iku kang minangka
p.121. dadi zhohire ing donya tumeka / ing ngakherat pisan iku wus tan ana manen2. Kang tegese marang ing sarupane zhuriyat Adam iku kabeh ing bener lupute ing donya tumeka ing ngakherat pisan lan nora kena nora prentah- -ing agama Islam iku ing saben2 dina iku, sarupane zhuriyat Adam kabeh iku padha angadhepna maring ing rarahinira iku kabeh balan ping lima ing sadina lan sawengi iku kang fardlu maring ing Gusti Allah Subhanahu Watangala kang ngaza wa jalla kang wahidul kohhar iya iku Ratu kang sabenere pan nora ana loro, iku tegese padha ngadhepake ing rarahinira iku sujud. Maka lamun ana zhuriyat Adam kang ngaku maksih duwe agama
p.122. dhewe iku Toret lawan Injil bohdhoh / temen2 lamun dadiya agama iku. Sabab Kitab Qu'ran wus tumurun iku bohya apa2 lamun duduha iblis lak- -natullah kang padha ngempeng2 ing iku ngaku padha wus duwe agama dhewe2 iku. Maka prentahna islam marang kang padha ngaku, duwe agama iku, Toret lawan agama Injil iku padha kinon ninggal maring ing agamane kabeh iku, wus nora kena liyane agama Islam iku karsane Robbil'Ngalamin. Maka lamun wus meksa nora gelem metu teka ing agamane iku kabeh sahingga rasa nora nurut marang ing prentahe agama Islam, Toret Injil iku wus
p.123. banjur padha rusaken pan wus wajib iku / sarupane Islam lamun angrusak sabab kabeh wus nyata lamun dados kafir laknatullah kang maksih padha kudu nganggo marang ing agama Toret lawan Injil iku kabeh, wus padha goroh olehe ngaku duwe agama angimanake marang ing prentahe Robbil- -ngalamin iku kabeh. Maka lamun wus Yahudi lan Nasara iku lawan sira Islam kabeh iku banjur padha perdinen padha kinon angimanaken marang ing prentahe Gusti Allah Subhanahu Watangala kang nguza wajalla kang wahidul kohhar marang ing solat iku kabeh. Maka lamun wus gelem ang- -lakoni marang ing prentah solat iku kabeh, ya wus ing ngapura sakehe
p.124. dosane si kafir laknatullah/iku marang ing Robbilngalamin. Maka lamun wus kalah si kapir laknatullah iku nora gelem anglakoni ing prentah solat iku bodho temen2 si kapir laknatullah iku, lamun nora anunungkuli bahe marang ing kalimpenira Islam kabeh iku maka lamun wus tito si kapir laknatullah iku nora gelem anglakoni marang ing prentah solat iku wus banjur padha patenana bahe Islam sarupane si kapir laknatullah iku kabeh, bokya apa2 lamun duduha rupane si iblis laknatullah iku kabeh

<u>sarupane</u>

sarupane lakmat kapir kang padha wus tan bisa eling iku kabeh. Ikulah
p.125. zhalil nasa ing Qu'ran kang minangka dadi / uger2re paningalira sarup-
-ane zhuriyat Adam kang padha Islam kari ana ing donya kabeh iku maring
ing Gusti Allah Subhanahu Watangala kang nguza wajalla kang wahidul
kohhar iku zhalile: " Mirojal bahraini yaltaqyani bainaha birri zakho
la yabqhoyan." He, eling2 sarupane zhuriyat Adam kang padha Islam kari
ana ing donya, iya maring dalil naso ing Qu'ran iku gawenen ugering
paningalira ana ing donya iku kabeh, bedane kholiq lawan mahluq iku
poma2 padha den angati-ati Islam kabeh sira, tegese kholiq iku kaya
upamane banyu segara, mahluq iku kaya upamane banyu qodla bokya apa2
p.126 lamun qodla iku bisaha / padha lawan sagara nanging wening qodlo iku
lamun den arani segara iku, nanging lamun wus tempur banyu qodlo iku
lawan banyu segara iku dadi hilang aran karone iku qodlo lawan segara
iku dadi siji arane sawangan lan banyune rasane iku, ya wus salini ana
rasane banyune iku, mangkana maneh mahluq iku wawenange hilang karane
mahluq iku lawan arane kholiq dudu kala sembahyang, sadhela iku ing
takbiratulihron, Maka lamun wus bakda iku dadi bali mahluq maneh arane
iku, hilange arane mahluq babar pisan iku, lamun wus banjur mati sajrone
p.127. takbirotulihron iku, mangkana maneh hilange banyu qodlo iku / rasane
babar pisan iku lamun wus banjur marang ing sagara, maka iya sagara
iku kang dadi upamane zhatullah qodlo iku kang dadi upamane afngalullah,
sabab marmane sagara iku ing ngupamakake zhatullah iku. Cahya rasa
jerone lan tan awah2 banyu segara iku, beninge lawan tan karuwan segara
iku kang minangka dadi sirahe. Maka marmane sarupane qodlo iku ing ngu-
-pamakake afngullah iku sabab sarupane qodlo iku karuhan kang dadi
upama sirahe lawan ageng kasiyate buthek beninge sarupane qodlo iku
kang minangka dadi afngale maka gedhene banyu qodlo iku sabab dene
p.128. kawuwuhan ing banyu / udan. Maka lamun gedhe banyu qodlo iku wus pasthi
lamun bobot banyu gedhe iline sarupane qodlo iku kabeh, maka hilange
sarupane banyu qodlo iku kabeh ageng kasiyate iku marang ing segara.
Maka ing sawuse manjing ing segara sarupane banyu iku kabeh dadi hilang
rupane banyu qodlo iku nanging segara kang katon rupane banyune iku
kabeh, iya iku marmane banyu segara iku ing ngupamakake zhatullah
sabab nora wuwuh2 banyu segara iku, sabab dene kawuwuhan ing sarupane
banyu qodlo iku apadene ing sarupane banyu udan iku kabeh lawan nora
p.129. bisa asat2 banyu segara iku, sabab lamun nora kajogan ing banyu / qodlo
iku lawan banyu udan, dene kang dadi tandha agung sudane banyu segara
iku wening eruh, tegese eruh iku iya iku angin nanging angin iku karsa-
-ne Gusti Allah Subhanahu Watangala kang ngaza wajalla kang wahidul
kohhar iku bisa ngobahake marang ing banyu segara, nanging kang sayekti
banyu segara iku wus nora bisa owah2 ing sajrone segara iku, dene
orah kang katon gedhe cilik, sabab obahe banyu segara iku katut dening
angin iku sayektine, nanging jaba bahe iya angin iku kang minangka
dadi nafsune ing sagara iku, dadi kaliwat elok padha2 kagungane Robbil-
-ngalamin kang ana ing donya, tur kena ginawe iya segara iku
p.130. / sanajan ~~turu~~ sira iku pan lumaku dhewe ⊗ kang dhingin solat
jum'ah

jum'ah, kapindho solat khaji, kaping telu solat wustno, kaping pat solat
daîm, kaping lima solat ismu ngazhin ⊗ Dene solat jum'an iku ing lisan
zhonire pangucap, tegese pangucap nora ana karsa kang haq iku kang min-
-angka dadi niyate solat jum'ah, sabab pangucap iku znonire solamullan ⊗
solat Haji iku ing karna znohire pangrungu, tegese pangrungu iku pali-
-warane lan tusama wakhaq sabarang karungu ala becik iku pastni nora liya
p.131. kodrate Subhanahu Watangala / iku kang minangka niyate solat haji pan
nora ucul lawan haq ⊗ solat wustho iku ing niyatira dnonire paningal,
tegese paningal iku paliwarane sifat haq sabarang katon iku ala becik,
nora liya kaben iku pasthi lamun afngale kang haq iku kang minangka
niyate solat wustno, wus nora ucul lawan paningal haq ⊗ solat daîm iku
anggerana zhohire nafas, tegese nafas iku paliwarane sifat hajatu haq,
iku pakumpulan sakene ngrasa,isine,pangrungune,rasane, paningale, ala,
becik kabeh iku kumpule marang nafas2 iku olene napani marang sakehe
p.132. rasa iku ala becik iku nora liya iku kodim / naku pitune marang Guper-
-men iku ⊗ dene minangka bapaita iku, Residnen Sumiser arane, nanging
wektu iku ana kang dadi sabab Ngabdul Hamid sira ⊗ marma dadi ana pit-
-ulunge Gusti Allah Subhanahu Watangala kang wanidul kohhar Ngabdul-
-hamid marang sira ⊗ Kala Tegalreja karepira iku Ngabdulhamid rebut
bener sira lawan Danureja, dene Danureja iku ⊗ lamun den nompa kena
sadulurira bener padha den cekeli prentah marang Gupermen iku nanging
~~p.133.~~ senajan ⊗ padha den cekeli cekelana ~~x~~ prentah ika Danureja iku, Ngabdul-
-hamid pan sayekti lamun maksih tuwa sira ⊗ sabab kang den cekelake
p.133. marang Danureja iku prentah/ he, Patih kang den cekelake maring sira
parentah keraton ⊗ lamun den nampa makana abdinira Danureja iku bener,
sabab yekti dningin iku dadine wit teka sira ⊗ Maka ing wektu iku
Ngabdulhamid, Danureja iku wus aken temen lupute marang sira ⊗ Dadi
nora wekasan ratan kang dadi perkara iku bane dene kang dadi karepira
rebut bener sira lawan Danureja iku ⊗ lamun den paeluha sira maring
Bapakira kang ngaran Residnen Sumiser iku, mastni lamun duwe panjaluk
sira ⊗ Dene kang bakal sira jaluk marang Sumiser iku, nanging ilange
p.134. Danureja iku bane sabab agawe susan salawase ⊗ Danureja iku / kaping pat
zakat ing saben bakda Romadlon, kang lima munggah Haji maring Mekkah
iku. Anapun tegese sjanadat iku wus angestokake lamun Allah iku nora
loro lan Kanjeng Nabi Mohamad iku utusane Allan bakda Nabi Mohammad
pan wus tan ana Nabi manen2 kang ing ngutus pratakake prentahe Gusti
Allan Subhanahu Watangala kang sabenere marang sarupane anak Adam kang
ana donya kang minangka ngamale sjanadat iku perang sabilullah ana donya
lawan laknatullah wus nora ngeman marang wutuhe getine ana donya setan
p.135, kapir laknatullan iku minangka / kurungane setan2 iku satrune Nabi kang
angrusuhi marang prentahe Allah marang sarupane anak Adam kang maksin
ana donya iku, tandha lamun wong Islam kang sabenere cukule sjanadat ⊗

Anapun tegese solat iku antepe prentah solat pardlu limang wektu iku,
tandha znonire znatullah kang ghoib kang minangka ngamale, solat iku
ana donya lakune sabar ⊗ Anapun tegese puasa iku anglakoni prentane
Subhanahu Watangala pardlu ing telung puluh dina sasi Romadlon kang min-

-angka

minangka dadi ngamale ana donya iku, nora nuruti sabarang kang dadi
p.136. karepe hewani ⊗ Anapun tegese zakat iku angresikmi niya-/-mate ing saben 2 bakda puwasa pardlu ing sasi Romadlon kang minangka dadi ngamale ana donya iku angasgrake dirine maring sapadhene islam lumaku lungguh ngucap lamun marang sapapadhane Islam wus pasthi lamun den sorhake dhirine dhewe, nanging lamun lawan laknatullah wus pasthi lamun nora gelem kasoring sathithik bahe iku rupane wong Islam kang sabenere ⊗ Anapun tegese Haji iku anekake badane marang Mekkah sabab iku prentahe Subhanahu Watangala lawan haq iku sampurnane kang aran pikukuh ing islam
p.137. limang perkara, nanging bab Haji ckunana pangudang telu / perkara kang dhingin pangudanging Nabi, kapindho pangudanging Malaekat, kaping telu pangudanging ngiblis laknatullah. Tegese lamun haji oleh pangudanging Nabi iku tekaning Mekah lawan mulihe padha bahe oleh ngantepi prentahe Islam kalakuhane, iya iku kang wong sampurna Islame. Dene kang minangka dadi ngamale ana donya iku, sjukur lan karana Allah sabarang polane terusing zhohir batin. Anapun haji kang oleh pangudang Malaekat iku, teg-
-ese bareng bakda haji mati ana Mekah utawa ana dalan durung teka Mekah,
p.138. mati iku pan wus padha bahe / sampurnane ugere kasdune niyate nanging babasan zhohire bahe kang ana beda2ne. Anapun haji kang oleh pangudanging ngiblis iku tegese teka ing Mekah sawuse mulih marang ing Negarane dewe banjur banget tekabure, sabab pangrasane wus sampurna awake, nora ana kang nimbangi kajaba kang sapadhane haji. Dene wus kelakon prentahe Robbilngalamin ingkang pardlu pikukuhing Islam limang perkara iku, dene kang minangka dadi ngamale ana donya nanging dadi margabane iku dadi rusak sabarang agamane Insja Allah uga lamun mangkana tekade, iya iku
p.139. rupane / iblis kang tetela dadi manungsa, rupane setan maknowiya arane, sabab iku bakal nenulari tuture maring wong kang nora reksa imane. Ya iku rupane lembut-lembute kagungane Subhanahu Watangala kang ana donya tur kadim nora kena owah loro iku. Tegese iman lan setan, iman iku zhohireng ngelmu setan iku, zhohiring ngakal ⊗ Pemut fidlobaberhimpun fakir Ngabdul-hamid wonten keraton kadospaten maju dinten malem Jum'ah Wage bakda rotib wulan Muharom tanggal kaping wolu ing tahun Be, Alip Kulawu kang
p.140. lumampah ⊗ Sareng baleqn / Kitha Tegalarja yuswa kawan dasa langkung satunggal kinarsakake dhateng Gusti Allah kang wahidul kohhar dados pangiriding perang sabilullah ing Tanah Jawa dadose Khalifah Kanjeng Rosulullah pinaring peparab: " Ingkang Sinuhun Kanjeng Sultan Ngabdul Hamid Gherucakra Akhirulmukminin Panatagama Khalifah Kanjeng Nabi Moh-
-ammad s.m. ing Tanah Jawa? " awiting perang ing Tegalarja wulan
p.141. Dulhijjah, Tahun Be ⊗ + ⊗ / Iku niyate adus tulak bilahi ing sasi Sofar dina Rabo Wekasan: " Nawaetu gusalal K lidakhlosi tulak libal-
-aitu sunatan lillahi Tangala," ⊗ Iku niyate sembahyang Rebo Wekasan,

" Usolli tangatan tulak libalaitu arbanga rokangatin makmumal lillahi
p.142. Tangala, allohu akbar," ⊗ Iki pujine sujud / rukuk: " Subhana sjadidul mihal, subhana sjadmidul ngawan," Iki zimat kang den umbe:

سلام قولا من رب الرحيم ۝ سلام على نوح في العالمين ۝ سلام على ابراهيم ۝ سلام على لوط المرسلين ۝
سلام على يونس في المرسلين ۝ سلام على الياس المرسلين ۝ سلام على الصالحين المرسلين ۝
سلام على هود المرسلين ۝ سلام على موسى و هارون ۝ سلام على ملائكة المقربين ۝
سلام على ملائكة السماء على الا بوءما ين ۝

p.143. / Ing ngalam donya iku iya ing ngalam donya iku rupane naroka wel maka nora ana ing saliyane Kanjeng Nabi Adam Ngalaihissalam iku kang minangka dadi wijine ing sarupane kang sifat manungsa iku kabeh, maka sarupane kang padha sifat manungsa iku kabeh wetune maring ing donya iku iya ing donya iku kang ngaranan naroko wel mulane ingaranan naroko wel ing ngalam donya iku, sabab nanging ginawe pandadaran marang iman sadhela bahe. Tegese kang ngaran iman iku, iya iku Kanjeng Nabi Adam lawan iblis iku tinandhingake karsane Gusti Allah Subhanahu Watangala kang nguza wajalla kang wanidul kohhar iku lawan karsa nyatakake ningali marang
p.144. kagungane / sifat kang patang perkara iku, jalal, jamal, kohhar, kamal, marmane dadi rasaning naroko wel iku, iya iku zhohire Kanjeng Nabi Adam khalifatullah ngalaihissalam iku tinandhingake lawan iblis laknatullah ana ing ngalam donya, tegese ngalam donya iku, ngalam leburan iku maka marmane Kanjeng Nabi Adam Ngalaihissalam kalakon nandhang wirang kena ing babendu iku. Banjur tinurunake teka ing suwarga marang ing naroko wel iku sabab dene olehe dhahar woning khuldi ing suwarga iku, iya iku kang bakal dadi wijine sarupane risqi ing ngalam donya iku kabeh. Maka
p.145. wus winalaran Kanjeng Nabi Adam iku /

Bismillahir-ahmanirohim albab anapu ikilah bab pratelane kegungane Gusti Allah Subhanahu Watangala kang nguza wajalla kang wanidul kohhar, kang ing ngaranan ngalam iku ora ana liyane Qu'ran, iya Qu'ran iku kang ing ngaranan *maju mukhith* sabab Qu'ran iku kalamullah karsane Gusti Allah Subhanahu Watangala kang nguza wajalla kang wahidul kohhar Qu'ran
p.146. iku ginawe / iman, tegese iman iku ginawe panggangeran (anggeran) prentahe Robbil-ngalamin ing donya teka ing ngakherat pisan kang bener kang luput kang ala kang becik kang beja kang cilaka ing donya tumeka ing ngakherat pisan iku kabeh ing Qu'ran kang dadi anggere prentahe Robbilngalamin kang awal, kang akir, kang dhohir, kang batin, tumeka ing kiyamat pisan iku pan wus tan anà kersane Gusti Allah Subhanahu Watangala kang nguza
p.147. wajalla / kang wahidul kohhar prentah saliyane Qu'ran iku marma dadi nora kena ginepak utawa winaca Qu'ran iku lamun durung ngamek banyu wudlu suci, sabab Qu'ran iku wijine teka kaliwat sucine tan kamomoran iya Qur-ran iku dhohire ing zhatullah, kang ghoib karsane Robbilngalamin Qu'ran iku ginawe srengenge ing ngalam kabir. Tegese ngalam kabir iku, iya iku ati2ne manungsa ingkang telung perkara iku, iya iku tegese, Nabi, Wali, Mukmin, marma dadi padhang ngalame Nabi, Wali, mukmin iku wus tan kena

samar

samar marang sabarang kagungane Subhanamu Watangala paningale ing donya
tumeka ing ngakerat pisan marmane sarupane nora kapanjingan Qu'ran iku
p.148. wus pasthi lamun peteng ngalame iku,// dadi nora werun marang ing kagung-
-ane Hobbilngalamin ing sabarang kang endah2 sarupane iku kabeh, wus
sayekti lamun padha bawur paningale ing donya tumeka ing ngakerat pisan
kang padha dhengere iku kagungane Subhanahu Watangala iku nanging patang
perkara: sandhang, pangan, lorè, kapenak, iku dadi bangsa kewan iku
kang selamet, kang ala, bangsa iblis iku. Anapun kagungane Gusti Allah
Subhanahu Watangala kang nguza wajalla kang wahidul kohhar. Kitab iku
satus punjul papat, tegese aran Kitab iku, iya iku iman, yegese iman iku
iya iku prentahe Hobbilngalamin marang sarupane zhuriyat Adam. Maka Kan-
-jeng Nabi Adam khalifatullah ngalaihissalam iku kang minangka wijine
p.149. marang sarupane / kang padha sifat manungsa tinurunaken teka ing suwarga
marang ing ngalam donya iku dadi nabi kang awal iku pinaringan Kitab
sapuluh, Kanjeng Nabi Sjis ngalahissalam iku pinaringan Kitab seket,
Kanjeng Nabi Idris ngalaihissalam iku pinaringan telung puluh Kitab,
Kanjeng Nabi Ibrahim kholilullah ngalaihissalam iku pinaringan sapuluh
Kitab, Kanjeng Nabi Musa kalamullah ngalaihissalam iku pinaringan sawiji
Kitab iku nama Toret, Kanjeng Nabi Dawud kholifatul ardhi ngalaihissalam
iku pinaringan sawiji Kitab iku namanЁ Zabur, Kanjeng Nabi Ngisa ruhu-
-llah ibnu marjam ngalaihissalam iku pinaringan sawiji Kitab iku nama
p.150. Injil, Kanjeng Nabi M / Mohammad khabibullah salallohu ngalaihissalam
kang mustafa iku minangka panutup sakehe para nabi tumurun maring ing
ngalam donya iku jaman akir, arane dadi nama Kanjeng nabi iku, Nabi akir
jaman kang awal kang akir kang dhohir kang batin iku wus sayekti lamun
nora ana loro ing donya ngakerat sabab badaru ngalam Kanjeng Nabi iku
pinaringan Kitab sawiji iku nama Kitab Qu'ran. Iya Kitab Qu'ran iku wijin
-ne Kitab kang satus punjul telu iku. Kitab satus punjul telu iku temu-
-run marang ing ngalam donya teka ing lauhil manfudh kabeh iku, malaekat
Jabarail ngalaihissalam kang ing ngutus maringake marang para Nabi kang
p.151, padha pinaringan Kitab iku marma dadi / Kitab satus punjul telu iku, lamu
-un winaca utawa ginepok nganggo susuci iku, nanging utama bahe, sabab
wus inaken bahe lan nganggo lantaran tumurune kabeh iku lauknil manfudh
iku maring ing ngalam donya, iya malaekat Jobarail ngalaihissalam kang
ing ngutus maring Gusti Allah Subhanamu Watangala kang ngaza wajalla
kang wahidul kohhar. Anapun tumurune Kitab Qu'ran iku teka ing laukhil
mahfudh marang ing ngalam donya iku marang Kanjeng Nabi Mohammad solall-
-uhu ngalaihi wassalam iku nora nganggo lantaran malaekat dadi wus
kalamullah, balik marmane dadi kharam lamun gepok utawa maca iku maring
p.152. Qu'ran / lamun durung suci badane iku, maka Qu'ran iku telung puluh jus,
telung puluh jus iku kang minangka dadi wijine sarupane Kitab satus punju
-ul telu iku, dene kang minangka dadi wijine Kitab Qu'ran iku, iya iku
fatekah kang minangka dadi wijine patekah iku, iya Bismillah kang minangk
-ka dadi wijine Bismillah iku be ning Bismillah. Anapun be ning Bismillah
iku karsane Gusti Allah Subhanahu Watangala kang ngaza wajalla kang wa-
-hidul kohhar kang minangka dadi wijine sarupane kagungane ngelmune

Hobbilngalamin

Robbilngalamin iku kaben kang ana donya tumeka ing ngakerat pisan iya
p.153. be ning Bismillah2 iku / kang ing ngaran muqot ghoib, maka ing zhohir-
-aken muqot ghoib iku ing ngaranan muqot nurullah iya muqot nurullah
iku mim ming Bismillah, iya mim ming Bismillan iku kang minangka dadi
wewadhahe marang ing sarupane kagungane subhanahu Watangala iku kabeh,
lan minangka dadi wijine marang sarupane kang sifat mahluq iku kabeh
kang ana donya lan kang ana ngakerat, iku nora liya kang dadi wijine
ayamu nurullah, tegese m nurullah iku iya iku Kanjeng Nabi kita Moh-
-ammad salallahu ngalaihi wassalam nanging maksih ghoib sabarang m iku,
p. 154 tegese maksih ghoib iku mapan durung pratela rupane m iku ing sa-/-wiji2ne
apadene lan arane m iku kaben. Maka dhohir sabarang m iku kabeh pratel-
-ane rupane kang sawiji2ne m apadene lan arane kang sawiji2ne iku sakehe
m sarupane kang ana ing donya lan sarupane kang ana ing ngakerat iku,
metu teka ing pangandikane Gusti Allah Subhanahu Watangala kang ngaza
wajalla kang wahidul kohhar ing dalil naso ing Qu'ran iku kun fayakun,
maka dadi banjur nyata ing sawiji2ne m iku kabeh kang ana ing donya,
apadene sarupane m kang wus pasthi dadi perabat ing ngakerat iku kabeh
wus banjur sampurna tan ana kang kurang sarupane m iku ing donya tumeka
p.155. ing ngakerat / pisan sabarang perabat tegese lafaz Allah kang ana ing
Bismillah iku, iya iku Alif mutakalimu wahid iya alifing Bismillah iku
kang dadi lafaz Allah iku iya iku Alloohuwa-sjaiun mukhith lafaz Allah ing
Bismillah iku nanging ginawe ing pasabutan bane Alif mutakalimu wahid
ing Bismillah iku sabab iku nanging kang den pasthi anane kang mohalaken
ngadame sabab wus tan kena lamun kinoya ngapa iya Alif mutakalimu
wahid ing Bismillah iku nora aran enggon nora kantha nora warna, nora
anak2 lawan nora inganak-anakaken jumeneng iku lawan kersane dhewe agung
p.156. iku lawan nora winuwuhan dhuhur iku, nora / kiungkulan, lan mulya iku
nora lawan sinebut iku elok nora lawan ginolekan dadi barang sakersane
iku lawan nora kasereng iku tur ahad wahid , urip nora mati langgeng
nora owah kuwasa nora lawan perabot iya Alif sjaiun muhith iku ahat wahid
anging ghofur, sifate alif mutakalim wahid iku iya iku Allahuwa sjaiun
muhith, tegese Allah huwa sjaiun muhith iku wus muhith muhith ing donya
tumeka ing ngakerat iku nora nyata kaya sarupane mahluq mangkana kholiq
iku nanging mohith ing donya tumeka ing ngakerat pisan. Maka alif muta-
p.157. -kalimu wahid ing Bismillah iku kang minangka wewayangane / alif muta-
-kalimu wahid ing Bismillah iku Alif tamasur arane iku, iya iku dhohire
lafaz Allah ing Bismillan. Lafaz Allah ing Bismillan iku, iya iku kang
minangka wewayangane sifat ing zhat kang wajibul wujud, tegese iku
Kanjeng Nabi Adam kholifatullah ngalaihissalam iya iku dhohire sifate
Alif temasur ing Bismillah iku lafaz Allah, iya lafaz iku kang minangka
wijine maring sarupane kang sifate manusa kabeh, iya iku Kanjeng Nabi
Adam kholifatullah ngalaihissalam kang minangka wijine sarupane kang
sifat manungsa iku kang minangka wewayangane ing sifatullah kang ghoib
p.158. ing ngakeni gegenti Kanjeng Nabi Adam ngalaihissalam / iku maring Gusti
Allah Subhanahu Watangala kang ngaza wajalla kang wahidul kohhar. Maka
alif ing Bismillah iku dadi nanging tatelu kang dhohir sifate sabab

alif

alif mutakalimu wanid iku wus tan kena kinaya ngapa ing donya iku
tumeka ing ngakerat pisan iku nanging sjaium muhit bane iya alif muta-
-kalimu wanid iku, iku alif kang nyata telu iku, kang dhingin alif nyata
ngazhim iku, tegese alif nyata ngazhim iku iya iku ya be ning Bismillah
iya iku kang ngaran bahru muhit sifate iku Qur'an , kapindho alif muta-
-firu tegese alif mutafiru iku iya iku mim ming Bismillah, iya mim ming
p.159. Bismillah iku kang ing ngaran / badaru ngalim, tegese badaru ngalim
iku, iya iku Kanjeng Nabi Mohammad solkallohu ngalaihi wassalam, kaping
telu alif tamasur tegese alif iku iya iku lafazh Allah ing Bismillah,
lafaz Allah ing Bismillah iku iya iku ngaran nuqot ghoib, tegese nuqot
ghoib iku iya iku Kanjeng Nabi Adam kholifatullah ngalaihissalam dadi
nanging Alif telu iku kang nyata jenggerenge ing donya tumeka ing ngak-
-erat pisan iku Qu'ran Mohamad Adam, iya ~~maring~~ nanging telu iku kang
minangka dhonire kenyatahan sifat ing zhat kang wajibul wujud kang ghoib
tur kodim, langgeng tan kena owah2 iya alif sjaiun muhit iku. Ikulah
p.160. dhaerah padha den waspada / marang karepe lakune dhaerah iku, apadene
rupane aksarane iku: . He eling2 sarupane zhuriyat Adam
poma2 aja na lali marang ing kagungane ngelmu Gusti Allah
Subhanahu Watangala kang ngaza wajalla kang wanidul kohhar, iya kang
telung perkara iku jenggerenge ing Bismillah iku sifatullah, iman
Mohammad Adam, nanging iku kang khaqiqi kagungane Subhanahu Watangala
kang awal kang akir kang dhohir kang batin kang samar kang kang nyata
iku nora ana liya metu teka telung perkara iku wijine. Maka telung per-
p.161. -kara iku silih sinilih, tetep tinetepan iku ing donya tumeka / ing
ngakerat pisan, he eling2 sarupane zhuriyat Adam kang padha maksih ana
ing donya Islam lanang, Islam wadon poma2 aja na lali marang iman iku
padha. Sabab iman iku kang minangka ugering uripira ing donya tumeka
ing ngakerat pisan. Akerat iku pamane nagara kang minangka dadi padhange
nagara iku, iman ngalihe ing ngakerat ing ngaranan ngalam kabir, tegese
ngalam kabir iku, ngalam gedhe tur langgeng nora owah2 maka arane ngalam
donya iku ingaranan ngalam saghir iku,tegese ngalam soghir iku ngalam
cilik-asor tur peteng lawan owah2 wekasane iku rusak ing ngalam donya iku
p.162. lawan saisine / kabeh iku. Dene kang minangka padhange ing ngalam donya
iku srengenge lawan wulan, iya karo iku ngiras ginawe wewayangan marang
ing ngumure ngalam donya lawan upamane kaya mangkana bahe ing ngalam
donya iku bokhadoh temen. Temen lamun pasar iku animbangana nagara lawan
srengenge iku lamun nimbangana lawan iman iku ing padhangira, iya
eling2 sakehe zhuriyat Adam kang padha maksih kari ana donya iya sreng-
-enge iku kang minangka dadi pepadhang ing ngalam donya iku lawan kang
nuduhaken iya srengenge iku, marang sarupane mim apadene maring sarup-
p.163. -ane qiblat bener utawa luput ing ngalam / soghir iku srengenge iku kang
aweh tuduh nanging srengenge iku. Lamun wus oleh iman sira mapan yekti
lamun dadi rewangira srengenge iku ana donya utawa badanira, sabab sreng-
-enge iku melu anekseni marang ing sabarang satingkahira ana ing donya,
sabab kang dadi margane sira weruh marang kagungane Gusti Allah Subhanahu
Watangala kang ngaza wajalla ~~kohhar~~ kang wahidul kohhar marang sarupane
mim

<u>mim</u> kang marang dedalan hak utawa kang marang dedalan batil margane bisa
nandhing milih sira, ya srengenge iku kang minangka aweh tuduh marang
p.164. sira, sabab ing ngalam donya iku maksih cinarub saru-/-pane <u>mim</u> hak lan
batil. Iku kabeh bedane lan ngalam ngakerat iku wus dhewe2 nora carub
panggonane hak lan batil, maka kang nora oleh iman zhuriyat Adam iku
ana ing donya lakune kudu milih kang batil bane, iya srengenge iku dadi
margane weruh kang nuduhake lan banjur nekseni srengenge iku marang
alone zhuriyat Adam kang mangkana iku ~~bodhoh~~ bok hadoh temen. Temen zhuriyat Adam
kang padha lumaku marang dedalan batil ana ing donya iku, lamun nora
nemuha cilaka ing wekasane iku. Maka kersane Gusti Allah Subhanahu watang
-gala kang ngaza wajalla kang wanidul kohhar donya iku kaya upamane
p.165. / pasar sarupane <u>mim</u> kang endah2 kamurahan pepak ana ing pasar iku lan
kaya upamane segara ing donya iku lan badanira iku kaya upamane bidhuk
utawa perahu iman iku upamane dagangan utawa pandoman bokya apa2 wong
marang pasar lamun nora gawa dagangan, lamun wong layar iku nora lawan
pandoman, maka lamun wong marang pasar iku nora gawa dagangan bo~~dhoh~~hadoh
temen2 lamun kenaha den urup2 iku, oleh2e sabab ing pasar iku sarupane
<u>mim</u> pepak kang endah2, maka wong maring pasar anglenthung bahe nora
gawa apa2 bokya apa2. Iku lamun nora kepingina wong iku weruh marang
p.166. endah2 ing <u>mim</u> / kepingin nora ana kang ginawe tutuku utawa urup2 iku
nora ana kang den urupake bokya apa2 wong iku lamun nora angatingal
apadene angrebuta. Maka lamun wong angatingal apadene angrebut batangeh
temen2, lamun kenaha den arep2 ing salamete wong kang kaya mangkana iku.
Mangkana manen wong kang layar, lamun nora nganggo pandoman, bo~~dhoh~~hadoh
temen2 lamun nemuha salamete perahu iku, nora wurung iku bakal dadi
saparan2e. Dadya selamet perahu iku, nora kaprang, wus pasthi iku lamun
p.167. bingung dadi nora bisa bali mulih marang ing omah2/e behadoh temen2
lamun nora kabedhunga sakehe zhuriyat Adam kang wus padha kaya mangkana
iku marang iblis laknatullah, tegese iku kapir laknatullah zhuriyah
Adam kang ana donya mangkana lakune iku bohadoh temen2 padha bisaha
mulih macing ing kamulyanira maneh. Iya eling2 sakehe zhuriyat Adam lan-
-ang utawa wadon, poma2 den padha ~~sakehe zhuriyat~~ waspada sira ana ing
donya iku marang ing sarupane <u>mim</u> kang dadi badane iblis laknatullah
barang kaelokan ing donya, lamun bakal rusak, poma2 aja kagawokan sira
iku padha sabab sakehe kang endah2 ing donya iku akeh kang dadi bandhane
p.168. ing / iblis laknatullah. Iya eling2 sakehe zhuriyat Adam, aja na lali
sira maring dalil nasio ing Qu'ran iku: " Tu lijul laila finahari wa tu
lijun naharafillaili wa tukhrijul hayya minal mayyiti wa tukhrijul
mayyita minal hayyi wa tarzuku minan nisai bi ghairi hisab." Iya eling2
sakehe zhuriyat Adam ametokake Gusti Allah Subhanahu Watangala kang nguza
wajalla kang wanidul kohhar marang sira iku kabeh iku ing ngalam zhuriyat
marang ing ngalam donya iku. Maka winiwitan iku teka ing babayi iku sira
p.169. lawan nora gawa apa2, nanging kang wus pepak iku ing / sarupane sapara-
-botira dhewe, maka bareng wus balegh sira iku kabeh ana ing ngalam donya
iku maka dadi weruh sira iku kabeh marang ing kagungane Robbilngalamin,

<u>kamurahaning</u>

kamurahaning sarupane ẋ mim, maka lamun kurang waspada sira iku kabeh marang ing sarupane mim kang ana ing donya iku, iya iku mim kang dadi dedalan rong perkara, sarupane mim iku kabeh, sabab dene padhang ing sreng-enge iku kang anuduhake marang ing dedalan rong perkara iku satengahe zhuriyat Adam iku, bareng wus baleqh iku banjur lumayu marang ing iman bahe, iku zhuriyat Adam kang oleh beja ing donya tumeka ing ngakerat

p.170. pisan sabab / dadi banjur padhang paningale iku, ing donya tumeka ing ngakerat pisan tan ana kang angaling-alingi. Tegese iku Nabi Wali Mukmin dadi ilang tan ana papetenge iku. Maka Nabi Wali Mukmin iku mapan islam kala rarene, maka islam iku dadi warna2 wekasane, iku kabeh ana kang maksih islam bahe, ana kang islam fasiq, ana islam murtad, ana islam munafiq, ana kang kebanjur dadi kapire. Iku kabeh nora ana liya teka zhuriyat Adam, maka kabeh iku warna2 paningale bareng ana ing donya mim iku saliyane kang patang perkara iku, wus pasthi lamun srengenge

p.171. kang dadi anuduhake maring / ing dedalan loro iku marang kang haq lan marang batil iku, maka tegese ing ngalam donya iku, iya iku mapan dedalan loro zhuriyat Adam kang padna milih marang mim kang haq iku, tegese iku kang nora pisah lan iman iku, iya iku kang dadi tandha lamun bakal bisa mulih bali marang ing asale maneh. Tegese iku ing suwarga. Maka sakehe zhuriyat Adam kang padha milih marang mim kang batil iku, iya iku kang bakal wus tan bisa mulih marang ing asale maneh, iya ing donya iku kang ingaranan narakma wel, sarupane zhuriyat Adam kang padha milih marang kang batil iku kabeh. Maka ametokaken Gusti Allah Subhanahu Wat-

p.172. -angala kang ngaza wajalla kang wahidul kohhar marang ing sarupane / zhuriyat Adam iku kabeh teka ing naraka wel iku. Tegese iku ing ngalam donya iku winiwitan sarupane zhuriyat Adam iku kabeh islam kapir iku padha bahe teka mati, maka lamun wus mati sarupane zhuriyat iku, ya padha bahe tekane iku lawan olehe islam kapir iku, nora ana nganggo gawa apa2 sarupane mim ing donya iku, iya padha maksih keri ana ing donya iku kabeh. Maka kang kagawa marang ing sarupane zhuriyat Adam iku kabeh nanging islame iku lawan kapirira, maka lamun wus mati sakehe zhuriyat Adam iku, iya nemu dedalan rong perkara kang islam iku, nemu urip

p.173. kang langgeng tur nora owah2, tegese iya iku mulih marang ing suwarga / marang ing Robbilngalamin, lamun wus pinaserah sarupane ing suwarga saisine kabeh maring Kanjeng Nabi Adam, nanging wohing khuldi iku kang ẋẋ tan den lilani, sabab lamun dhahar iku nora wurung bakal kena ngau-yuh lawan ngising Nabi Adam iku dadi suker ing suwarga iku, maka dadi Nabi Adam iku marang wawalere Subhanahu Watangala kang mangkana iku sabab dadi gugu maring ing ngature Babu Khowa, Babu Khowa iku gugu marang ing ngature iblis laknatullah iku, sabab lawan supato iblis lak-natullah iku maka dadi kena ing cinaba Kanjeng Nabi Adam iku olehe kabendon, dadi nandhang wirang tinurunaken iku teka ing suwarga marang

p.174. ing naraka wel iku lawan / kang garwa Babu Khowa iku, sabab olehe dhahar won rarangan iku, marmane dadi khinisab sewu tahun Kanjeng Nabi Adam kholifatullah ngalaihisalam iku, olehe kena khisab ana ing naraka wel iku lan wohing kayu khuldi kang kari iku, iya iku kebanjur pinaringake maring

Kanjeng Nabi Adam iku kinon nyebar woning khuldi iku, dadi cukul sarupane rizeqi ing ngalam donya iku kabeh, iya iku teka ing khuldi iku, dadi warna2 cukule woning khuldi iku binuang ana ing donya ing rusak iku dadi Kanjeng Nabi Adam Khalifatullah ngalaihissalam iku lan kang garwa Kanjeng
p.175. Babu Khowa bareng wong wus / ganep sewu tahun olehe kena khisab ana ing naraka wel iku, banjur ingapura dosane Kanjeng Nabi Adam lan kang garwa Kanjeng Babu Khowa iku tinimbalan kundur maring ing suwarga manen karo iku marang Gusti Allah Subhanahu Watangala kang nguza wajalla kang wanidul kohhar iku bedane lawan sarupane zhuriyate Kanjeng Nabi Adam iku kabeh, senajan kang wus padha den kersakake dadi para Nabi iku kabeh para Wali, para Mukmin iku, lan sarupane islam kapir kabeh iku tekane marang ing ngalam donya iku kabeh dinalanan teka bayi, mulihe marang ing rong per-
p.176. -kara iku dinalanan nganggo mati kajaba kang oleh dalan / perang sabil- -ullah ana ing donya zhuriyat Adam iku kang nora kena ingaran mati, pan haram iku lamun den arani mati. Maka asale zhuriyat Adam kang padha dadi kebanjur kapire iku kabeh ing donya tumeka ing ngakerat pisan iku kang dadi asale kala lali sadhela Kanjeng Nabi Adam iku ing wawelere Robbil- -ngalamin lawan angrasa lamun nikmat banget Nabi Adam lan Babu Khowa iku olehe dhahar marang ing woning khuldi iku sadhela. Maka Kanjeng Nabi Adam Kholifatullah ngalaihissalam iku marmane kasi kelakon anandhang wirang mangkana iku sabab teka ing panuwuning iblis laknatullah iku linulu
p.177. maring Gusti Allah Subhanahu / Watangala kang ngaza wajalla kang wahidul kohhar iku sabab banget lumuh lenggana iblis iku lamun kinon sujud maring Adam, den lampu kabendan kena ing laknatullah iblis iku lan banjur iblis iku anyaguhi kinarsakake dadi isining naraka iblis iku sak-anak putune marang Robbilngalamin iblis iku bakal kekal wekasane iblis iku dadi isin- -ing naraka. Adam sak-anak putune iku kang kekal bakal dadi isining suwarg -ga iku, maka banjur anyaguhi iblis laknatullah iku maring ing sabarang kang dadi kersane Subhanahu Watangala iku, saking wirange iblis iku, lamun
p.178. / Adam nanging kalilan iblis iku panuwune marang Robbil- -ngalamin anggodha marang Nabi Adam lan turune kang kena iku banjur ka- -lilana den gawa marang naraka. Maka den lilani panuwune iblis, mangkana iku kang kena anak putu Adam iku. Maka karsane Gusti Allah Subhanahu Watangala Kanjeng Nabi Adam iku lan kang garwa Babu Khowo iku, banjur den kersakake ana ing suwarga bahe marang Robbilngalamin. Maka dadi kewuhm -an iblis laknatullah iku nora bisa godha marang Nabi Adam iku lamun mak- -sin ana ing suwarga bahe lan kang garwa iku lawan banget panas atinira
p.179. iblis iku marang Kanjeng Nabi Adam dennya mukti ana ing suwarga sarimbit / iku lan kang garwa Kanjeng Babu Khowa iku. Maka banjur ing ngaturan dhahar maring woning khuldi iku maring iblis lawan mendha2 malaekat iblis iku kala ngaturi dhahar marang woning khuldi iku marang ing Babu Khawa. Maka Babu Khawa iku banjur ngaturi marang kang raka Nabi Adam iku marma dadi kelakon nandhang wirang kabendon kena ing isao Nabi Adam lan kang garwa Babu Khawa iku tinurunaken marang ing donya, tegese ing donya iku kang ngaran naraka wel, sabab akeh kang dadi minangka badane iblis, iya ing donya iku. Maka bareng wus ana ing naraka wel Kanjeng Nabi Adam

kholifatullah

p.180. kholifatullah ngalaihissalam / iku lan kang garwa Babu Khawa, maka marma-
-ne Gusti Allah Subhanahu Watangala kang ngaza wajalla kang wahidul
kohhar iku marang Kanjeng Nabi Adam iku pinaringan Kitab sepuluh iku kang
minangka dadi iman prentahe Robbilngalamin iku, tegese iman iku wawaler
kaya upamane kala Kanjeng Nabi Adam ana ing suwarga iku nora kalilan
Nabi Adam iku lamun adhahar marang ing wohing khuldi mangkana maneh iku
prentane Subhanahu Watangala wawaler marang Nabi Adam iku lan saanak
putune kabeh sarupane mim ing donya kang kinon nyegah iku kabeh wus pasthi
p.181. iku lamun kang dadi bedhane iblis / laknatullah kabeh marang donya iku.
Maka sawuse tinimbalan maneh Kanjeng Nabi Adam lan Babu Khawa iku marang
suwarga kang keri zhuriyat iku, Nabi Sjis ngalaihissalam kang minangka
dadi gagentine Kanjeng Nabi Adam ngalaihissalam iku prentah marang saru-
-pane zhuriyat kang padha maksih keri ana ing naraka wel, maka iku win-
-uwuhan Kitab maneh iku seket, Nabi Idris iku telung puluh Kitab. Maka
maksa akeh sarupane zhuriyat Adam iku kang padha kellu marang ing iblis
laknatullah iku arang kang maksih eling marang ing prentahe ing Kitab
iku. Maka nuli milih Gusti Allah Subhanahu Watangala iku marang zhuriyat
p.182. Adam tur lanang iku pinaringan nama Kanjeng Nabi Nuh / rasulullah
ngalaihissalam iku kang ing ngutus mituturi marang ing sarupane prentah
Robbilngalamin kang wus padha muni ing Kitab iku kabeh, maka sakehe
zhuriyat Adam kang wus padha kena marang ing Iblis laknatullah iku kabeh
dadi laknatullah nurut maneh marang Kanjeng Nabi Nuh rosulullah ngalaihi-
-ssalam iku maring ing sakehe pituture Kanjeng Nabi Nuh iku. Lamun
gelema ngestokake olehe pinaringan nama Nabi lawan ing ngutus iku bahe
padha inaranan kang gelem malah padha den pahida, apadene padha den
geguyu, wekasane banjur den pilara Kanjeng Nabi Nuh Rosulullah ngalaihi-
p.183. -ssalam iku marang sarupane zhuriyat / Adam kang wus padha dadi kapir
laknatullah iku. Maka banjur bendu Gusti Allah Subhanahu Watangala kang
ngaza wajalla kang wahidul kohhar, maka banjur nurunaken angin topan iku,
kinelem ing ngalam donya iku kabeh. Maka dadi tumpes sakehe zhuriyat
Adam kang padha dadi kapir laknatullah iku kabeh, nanging kari kang
padha islam manut marang ing sabarang prentane Kanjeng Nabi Nuh Rosul-
-ullah ngalaihissalam iku bahe kang padha maksih, maka dadi banget
bungahe atine iblis laknatullah iku rumangsa lamun den rewangi marang
ing Kanjeng Nabi Nuh iku, banjur seba iblis iku marang Kanjeng Nabi Nuh
p.184. Rosulullah, lawan matur iblis iku maring / Kanjeng Nabi Nuh, lamun oleh
untung gedhe sabab dene pasinane Kanjeng Nabi Nuh sakeh kapir tumpes mang-
-kana iku mangka wirang Kanjeng Nabi Nuh iku rumahos lamun luput panu-
-wune mangkana iku, banjur sujud tobat nuwun apura Kanjeng Nabi Nuh
Rosulullah ngalaihissalam iku marang ing Gusti Allah Subhanahu Watangala
kang ngaza wajalla kang wahidul kohhar iku, maka matur maneh iblis lak-
-natullah iku marang ing Nabi Nuh nuwun manjing Islam maring Nabi Nuh,
iblis iku, lan matur marang Nabi Nuh iblis iku lamun ing ngaturan nuwun-
p.185. -ake apura dosane marang ing Robbil'Alamin lamun wus tobat iblis iku /
~~marang zhuriyat Adam kang ingutus angrata maring ing sakehe kapir lak-~~
~~-natullah iku pinaringan nama Kanjeng Nabi Musa kalamullah ngalaihi-~~
~~[illegible]~~

p.185. / Maka muruti Kanjeng Nabi Nuh iku marang ing panuwune iblis iku; banjur sujud Kanjeng Nabi Nuh matur marang Subhanahu Watangala ngaturake marang ing panuwune iblis iku. Maka marmane Robbil Ngalamin marang ing Nabi Nuh kinon sujud iblis laknatullah iku maring ing Nabi Adam, lamun wus inga-pura iblis iku marang Nabi Adam, Subhanahu Watangala iku ya narima marang ing tobate iblis iku, sabab iblis iku dosa maring ing Nabi Adam. Maka banjur dhinawuhake marang ing iblis iku, lamun mangkana karsane Robbil-ngalamin, maka banjur lunga iblis iku teka ing ngarsane Kanjeng Nabi

p.186. Nuh lawan marengut kedamelan iblis iku: " Sun lampu dadya / dhoq hamun ingsun lakoni ana ing naraka, nora sudi ingsun lamun kongkulan endhut." Maka sabakdane Kanjeng Nabi Nuh Rosulullahi ngalaihissalam iku, lawas2 kumat ngreda maneh kapir laknatullah. Maka milih maneh Subhanahu Watangala marang zhuriyat Adam kang ingutus angrata sakehe kapir laknatullah iku pinaringan nama Kanjeng Nabi Ibrahim kholilullah ngalaihissalam iku, lawan pinaringan kitab maneh sapuluh Kanjeng Nabi iku. Maka sabakdane Kanjeng Nabi Ibrahim kholilullah ngalaihissalam iku lawas2 kumat angreda maneh

p.187. iblis laknatullah iku. Maka milih Subhanahu Watangala / marang zhuriyat Adam kang ingutus angrata maring ing sakehe kapir laknatullah iku pin-aringan nama Kanjeng Nabi Musa kalamullah ngalaihissalam iku#...

ngalaihissalam iku lawan pinaringan sawiji Kitab iku nama Tauret. Maka
sabakdane Kanjeng Nabi Musa Kalamullah iku lawas2 kumat angreda manen
iblis laknatullah iku maka milih Robbilngalamin iku marang zhuriyat Adam
kang ing ngutus angrata maring sakehe kapir laknatullah iku pinaringan
nama Kanjeng Nabi Dawud Kholifatullahdi ngalaihissalam iku lawan pin-
-aringan Kitab sawiji iku nama Zabur. Maka sabakdane Kanjeng Nabi Dawud
p.188. Kholifatullardi iku lawas2 angreda maneh iblis laknatullah / iku, maka
milih Subhanahu Watangala iku maring zhuriyat Adam kang ing ngutus angrata
maring sakehe kapir laknatullah iku pinaringan nama Kanjeng Nabi Ngisa
ruhullah ibnu marjane ngalaihissalam iku lawan pinaringan Kitab sawiji
iku nama Injil, maka sabakdane Kanjeng Nabi Ngisa ruhullah iku lawas2
angreda maneh iblis laknatullah iku. Maka awit Kanjeng Nabi Adam Kholi-
-fatullah ngalaihissalam tinurunaken teka ing suwarga marang ing ngalam
donya iku tumeka ing Kanjeng Nabi Ngisa ruhullah ibnu marjam ngalaihi-
-ssalam iku cacahe kang rinidlan , nama Nabi sarupane zhuriyat Adam
p.189. marang ing Robbilngalamin iku kabeh satus e-/-wu lan pat likur ewu; para
Nabi kang dadi utusan iku telung atus punjul telulas Nabi kang nyepeng
prentah nenem iku marmane Gusti Allah Subhanahu Watangala kang ngaza
wajalla kang wanidul kohhar iku marang Kanjeng Nabi Adam Kholifatullah
ngalaihissalam ing ngalam donya tinurunan Kitab iku teka ing launil
mahfudh satus punjul telu iku kang minangka dadi pitulunge ing Robbil-
-ngalamin marang Kanjeng Nabi Adam sazhuriyate kabeh kang padha Islam
kang maksih keri ana donya iku, maka Nabi nenem kang minangka uger-ugere
sarupane zhuriyat Adam kang padha maksih kari ana donya iku kang padha
p.190. Islam. Maka antarane Nabi Nenem iku kang ing / ngutus Robbilngalamin
iku lamun bakda Nabi dadu utusan iku ing sarupane Nabi Nenem iku nuli
jaman pitrah iku arane ing ngalam donya, tegese jaman Pitrah iku sarup-
-ane prentahe Subhanahu Watangala kang wus padha muni ing Kitab iku
padha naranan kang angestokake ing salah sawijine Kitab satus punjul
telu iku. Sabab sarupane Kitab satus punjul telu iku padha lumakune bahe,
kang endi den lakoni bab agama iku. Dadak malah padha winahonan senajan
ana Nabi, Wali, Mukmin kang mertelakake marang ing sarupane prentahe
p.191. Kitab iku, lamun / meksa malah akeh kang padha nemu lan anak putu
para Nabi, Wali, Mukmin iku lamun marengi lagi jaman Pitrah ing ngalam
donya, iku tegese jaman Pitrah iku lagi suwung ing ngalam donya iku,
iblis laknatullah kang prentah ing ngalam donya ngaku Ratu dadi oleh
Zhuriyat Adam kari kang padha kabedhung, lamun nuju ing jaman Pitrah iku
maka Gusti Allah Subhananu Watangala kang ngaza wajalla kang wahidul
kohhar sabakdane Kanjeng Nabi Ngisa ruhullah ibnu marjam ngalaihissalam
iku wus nora ana sakehe zhuriyat Adam kang maksih ana ing ngalam donya iku
kang aran Nabi sarupane Islam kang padha haqiqi iku, nanging kari aran
p.192. Wali lawan Mukmin / bahe sarupane zhuriyat Adam kang Islam kang keri
ing donya, maka sabakdane Kanjeng Nabi Ngisa Ruhullah ibnu marjam iku
mapan kapir lamun ana zhuriyat Adam kang ngaku aran Nabi iku, sabab
sabakdane Kanjeng Nabi Ngisa Ruhullah ibnu marjam iku, Gusti Allah

Subhanahu

Subhanamu Watangala kang nguza wajalla x kang wanidul kohhar iku karsanya
anyampurnakake ing sabarang karsane ing ngalam donya iku, tegese nyampurn-
-akake sabarang karsa iku sabab wus sampurna sabarang prentane Robbil-
-ngalamin, iku sakehe Kitab kang satus punjul telu iku wus den mansak
p.193. kaben, tegese den mansak iku wus / nora ana kanggo sabarang prentah
kang ana ing sajrone Kitab satus punjul telu iku, mundhak ginawe amping-
-an marang iblis laknatullan bane sabab kang tinurunake teka ing lauhil
mahfudh kang wekasan iku, Kitab Qu'ran tegese Kitab Qu'ran iku kalamullan
kang haqiqi, tegese kalamullan iku sabarang karsa prentahe Robbilngalamin
iku, kabeh wus kamot ing sajrone ing Qu'ran iku kang awal kang akir kang
zhohir kang batin, pan sayekti lamun Kitab Qu'ran babone Kitab kang wus
padha turun dhingin satus punjul telu iku. Maka karsane Gusti Allan
Subhanahu Watangala kang ngaza wajalla kang wahidul konhar kang ing ngutus
p.194. / marang ing ngalam donya mratelakake kalamullah iku ana donya maring
sarupane x zhuriyat Adam iku kabeh jin mu manungsa lamun ana kang wani
mahida marang ing prentahe Kalamullah iku, banjur kinon mateni bane, iya
iku rupane iblis laknatullan. Maka x temurune Kanjeng Nabi Mohammad
Habibullah Mustafa Solallahu Ngalaihi wasalam kang ingutus temurun
dhewe marang ing ngalam donya iku, minangka dadi panutub marang ing sa-
-rupane X kang para Nabi iku kabeh, marma dadi sabakdane Nabi Ngisa wus
larangan ing ngalam donya iku sarupane zhuriyat Adam kang padha Islam iku
p.195. aran Nabi sabab Gusti Allah Subhanahu / Watangala kang ngaza wajalla
kang wahidul kohhar bakal utusan Nabi akir jaman iku sajatine kang awal
kang dhohir kang batin iku, ya wus nora ana loro malah2 sabakdane Nabi
Ngisa iku lamun ana kang waong duwe anak den arani Mohammad bane banjur
mati iku, ya iku kang dadi tandha lamun larangan sabab temurune Kanjeng
Nabi Panutub iku marang ing ngalam donya iku karsane Robbilngalamin iku
dinalanan teka dadi melu zhuriyat Adam, Kanjeng Nabi Panutup iku sabab
ginawe ngiras panutan maring ing sarupane <u>mim</u> ing donya kang padha sifat
nyata ing donya iku wus pasthi lamun sarupane <u>mim</u> ing donya iku dinalan-
p.196. -an teka ing bayi olehe <u>mim</u> iku dina-/-lanan teka mati. Maka bareng wus
jumeneng Kanjeng Nabi kita Mohammad Habilullah kang mustafa solollahu
ngalaihi wassalam iku ana ing donya, banjur mrentakake ing sabarang prent-
-ane Gusti Allan Subhanahu Watangala kang ngaza wajalla kang wahidul
konhar sarupane kang muni ing sajrone Qu'ran iku kabeh marang ing jin
lawan sarupane manungsa iku kaben ing donya tumeka ing ngakerat pisan,
iku wus niranan dadi prentan ing saliyane Qu'ran maka ing sawuse warata
sarupane prentahe Robbilngalamin kang ana ing sajrone Qu'ran iku kabeh
marang ing sarupane <u>mim</u> kang ana donya, apadene kang wus ana ing ngakerat
p.197. iku ing suwarga / ing naraka lamun iman iku wus jumeneng ana ing donya
iku tumeka ing ngakerat pisan iku wus nora salin2 karsane Gusti Allan
Subhanahu Watangala kang ngaza wajalla kang wahidul kohnar, maka ing
sawuse warata kaben prentah iku Kanjeng Nabi Mohammad Habibullah kang
mustafa solollahu ngalaihi wassalam iku nuli tinimbalan kondur marang ing
rokmatullah iku iya dinalanan nganggo mupud Kanjeng Nabi iku, dadi tandha
lamun bayi wekasan mati. Maka kang maksih kari ana ing ngalam donya iku

<u>nanging</u>

nanging iman kang minangka mathokake marang ing sarupane zhuriyat Adam kang padha Islam lanang wadon iku kabeh kang maksih kari ana ing donya.
p.198. Iya eling2 / sakehe zhuriyat Adam lanang wadon sabab sabakdane Kanjeng Nabi Mohammad salallahu ngalaihi wassalam iku ing ngalam donya mapan wus tan ana nabi tumeka ing kiyamat pisan iku kapir lamun ana zhuriyat Adam kang nganggo aran Nabi sabab ya wus Kanjeng Nabi Panutub iku nabinira tumeka ing ngakerat pisan kang minangka dhohire zat kang wajibul wujud ing donya tumeka ing ngakerat pisan, iya Kanjeng Nabi Panutub iku. Maka kang kari maksih ana ing donya tumeka ing kiyamat pisan iku nanging iman,
p.199. Tegese iman iku sabarang kang muni prentah ing sajrone Qu'ran iku / kabeh kang kinon iku padha lakonana kang cenggah iku singkirana. Maka iya Qu'-ran iku wus ngiras bahe iman lan nabi, iya Qu'ran iku minangka dadi jenggerenge lawan nora pinundhut tulis Qu'ran iku sahingga durung ngarep--ake entek umure ing ngalam donya iku, maka lamunmg ngarepake dina kiya--mat iku mulih tulising Qu'ran maring ing lauhil mahfudh,/marma padha ~~kari ana donya kaliwat bejanira dadi umate Kanjeng Nabi Panut, ap~~ den percaya bane sakehe zhuriyat Adam kang padha kari ana donya kaliwat beja--nira dadi umate Kanjeng Nabi Panutup lawan ~~nikmat hidayating Subhanahu~~
p.200. ~~Tang~~ Qu'ran imanira, iya eling2 / nafi asjabat maka lamun oleh hidayat--ing Subhanahu Tangala, sira iku dadi salin pangucapira. Lamun rinungu maring ing wong saliyane dene sira dhewe sayekti wus nora angrasa ngucap saliyane lafazh: " La ilaha illallah," kala wiwit sayekti pangucapira dhikir iku Kaliman Toyibah kang sira pilih, nanging bareng wus wuru sira, dadi wus nora angrasa lamun salin zhikirira iku lamun angrasa iku dadi batal zhikirira iku, utawa lamun sira seja pan haram dadi kapir sabab kongsi kaprungu maring ing wong saliyane, ikilah rupane zhikire kang dadi wiwite: " La ilaha illallah," utawa: " Illallah-illallah," utawa: " Allah -allah," utawa: " Allahu-allahu", utawa: " Hu Allah- hu Allah," utawa:
p.201. " la-la," / utawa: " lah-lah," utawa: " illa-illa," utawa: " hu-hu," utawa: " Yah-Yah," utawa: " Uh-Uh", utawa: " Hi-Hi," utawa: "A-a," utawa: " l'-L'", utawa: " U-U," utawa: " Ya-ya," kaya tangise lan getere iku pan wus dudu pangucapira dhewe, iya iku tandha manungsa kang wus teka Insankamil, kang wus katrima imane kang oleh iman-inuman sala--sisir satriya manungsa kang teka ing khaqiqine ghofarolahum. O O Anapun wektune bab zhikir wirid iku lamun dhuhur iku sawuse sunat bakda, dene wilangane zhikire asjabat iku padha bahe lawan zhikire dhuhur fardlune lan sakehe wacane kabeh padha, sudanora padha lawan wirid
p.202. wektu subuh, nanging bab / sakehe zhuriyat Adam kang padha Islam ikulah dalil naso ing Qu'ran pangandikane Gusti Allah Subhanahu Watangala kang ngaza wajalla kang wahidul kohhar: " Fatangalallahul mulkil khaqqi wala takjilu bil Qu'rani min qobli an yaqdli ilaika wahjahu waqulla robbi zhingalma," He eling2 sakehe zhuriyat Adam islam lanang, islam wadon marang ing dalil Qu'ran iku padha sira angestokena apa ta dudu Gusti Allah Subhanahu Watangala kang ngaza wajalla kang wahidul kohhar iku Ratu kang sabenere-benere tur kang nora ana loro ing donya,ing ngakerat,
p.203. ing suwarga, ing naraka, ngarosy kursy bumi pitu langit / pitu pan saja--bane iku kabeh sarupane wus pasthi lamun nora ana loro kang nganakake

ing sarupane ngalam iku kabeh tur kang jumeneng iku lawan karsane dhewe ahad-wahid, iku sifate lan sjaiũ x muhith nanging kang minangka dadi kenyatahan iya sjaiũn muhith iku nanging prentahe marang ing sarupane mim, tegese iya Qu'ran iku kang minangka dadi kenyatahan iya Allahu sjaiũn muhith iku, marmane ing ngaranan Qu'ran iku: " Bahru Muhith," sabab iya Qu'ran iku pasenetan zhatullah kang ghoib iku, sadurunge nyata sarupane mim lan ing sawuse nyata sarupane mim iku iya ing bahru muhith
p.204 iku pasenetan / ing sjaiun muhith lan kang minangka ing pasenetan ing bahru muhith iku, iya iku ing basira ngalam, tegese basiru ngalam iku, iya iku Kanjeng Nabi Mohammad Rosulallahi Salallohu ngalaihiwasalam. Maka Kanjeng Nabi Mohammad iku temurune marang ing ngalam donya iku dadi panutup, tegese Nabi panutup iku wus bakda kabeh sarupane para Nabi iku dadi Nabi wus jaman akir ing ngalam donya iku, kang minangka Nabi kang awal ing ngalam donya iku Kanjeng Nabi Adam Kholifatullah ngalaihissalam, ingkang tinurunake teka ing suwarga marang ing ngalam donya iku nanging
p.205. adhohirake marang ing sarupane zhuriyat bane, tegese zhuriyat / iku dhohire

p.207 / iku lawan madhep marang iman iku, iya iku tegese kang dadi tandha hitungan ati iku lamun wus pinaringan wahyune ngelmu marang ing Gusti Allah Subhanahu Watangala kang ngasa wajalla kang wahidul kohhar sarup-ane zhuriyat Adam kang wus padha bisa mangkana iku, iya iku tegese zhuriyat Adam kang wus oleh darojat wali mukmin maka lamun rupih atinira iku gawok marang ing sarupane mim ing donya iku lawan aken2 kang dadi kuwatire ing sajrone atinira bohadoh temen2 lamun angestokena marang ing prentahe iman sira bokya apa2 lamun nora kabedmunga marang
p.208 iblis laknatu- / -llah sira sabab morojol sira teka ing tobate iman iku marmane dadi tinemu maring ing iblis iku sira mangka kang dadi prentahe ing iman iku maring ing sarupane zhuriyat Adam kang padha islam maksih kari ana ing ngalam donya sarupane kang dadi umate Kanjeng Nabi Mohammad s.m. iku kabeh lanang wadon kang minangka dadi pikukuhing islamira iku limang perkara kang minangka dadi sarate iman iku nenem mangka

mangka ing saliyane iku nora kaya loroha, dadalan kang sampurna ing
p.209. wekasanira iku, iki dalil maso ing Qu'ran: " Wa la taqu-/-lu man taftali
sirullan

p.213. / -nge ing dedalan perang sabilullah iku gedhe dnewe, he eling2 sarupane
zhuriyat Adam kang padha islam kaliwat bejanira ana ing donya lamun oleh
dalan perang sabilullan, nanging poma2 wus kajana kang sumelang bahe ati-
-nira ngrusak badanira campuhe ing perang sabilullah iku islam sira
padha kawan laknatullah aja kasi kalingan marang ing sarupane <u>mim</u> tauhid-
-ira marang ing Robbil'ngalamin lan den rarpega ajunira islam, kalih
sira maka lamun nemu beja sira, tegese nemu beja iku lestari tumeka ing
sabilullah iku sira, maka kasi kelakon rusak sarupane anggautanira iku
p.214. kabeh iya iku / kang lewat bagus dhewe lestari tumeka ing kasampurnanira
tan nyawang sabarang sakarepira iku, sabab den ingrusak sarupane badanira
iku kabeh kang dadi tandha lamun muwuhi rarenggane iku kabeh padha oleh
sihe Subhanahu Watangala kang padha tumeka ing dedalan perang sabilullah

iku

iku kang rusak lan kang tan rusak, ngipine iku pastni lamun ana bedane sihing Robbilngalamin kang padha pinaten ing sajrone ing perang Sabil--ullah kang nganti rusak ngipine iku wus tanpa kira2 iku liwat perak lawan Gusti Allah Subhanahu Watangala kang ngaza wajalla kang wahidul
p.215. kohhar iku maka kang dadi cacad ing perang / laknatullah sarupane zhur--iyat Adam kang padha islam iku balik iku padha banjur nemu urip tur langgeng iku nora owah ing salawase2 lawan padha banjur nemu suka2 sarupane zhuriyat Adam kang islam oleh dalan perang sabilullah iku tur liwat perak lawan Gusti Allah Subhanahu Watangala kang ngaza wajalla kang wahidul kohha-ar, sarupane zhuriyat Adam kang padha islam iku pinatenan ing sajrone perang sabilullah iku marang si laknatullah iku padha suka2 ana ing sajrone telihe manuk kang iju, tegese telihe manuk kang ijo iku, iya iku ing suw-
p.217. -arga tur langgeng iku ing salawas-lawase iku, nora ana kang dadi cuwane / sabarang kang dadi karepe awane iku wus pasthi iku lamun ana bahe ing sajrone telihe manuk kang ijo iku, maka lamun durung Gusti Allah Subhanahu watangala kang ngaza wajalla kang wahidul kohhar iku karsa anurunake marang ing dedalan kang sampurna iku ing donya nora kaya sira iku, padha islam lanang islam wadon padha nora wikana ing prentah zhalil naso ing Qu'ran iku: "Ya ayyahallashina amanu athingulloha wa athingurosula wa ulilamri mingkum fain tanazattum fi sjain fariddulu illallahi warosuli ing kuntum tuk minuna billahi waljaumilakhiri/
p.218. / " He, eling2 sakehe zhuriyat Adam islam lanang islam wadon kang padha maksih kari ana ing donya, poma2 padha ajana nalisir iku kaben marang ing sabarang prentahe Gusti Allah Subhanahu Watangala kang nguza wajalla kang wahidul kohhar iku sabarang kang wus padha den naso ing Qu'ran iku kabeh lan manuta sira iku kabeh islam ing sabarang kang wus winartakaken maring ing Kanjeng Nabi Mohammad rosulallah salallahu ngalaihi wasalam, tegese kang winartakake ing Kanjeng Nabi iku sabarang hadits iku nora kena nora sarupane islam lanang, islam wadon iku kabeh padha anglakonana lawan

/ zhalika knoiru wa ahsanu tak wilaa..

p.219. manuta sira islam / marang ing sabarang prentahe ing Ratu, iya Ratu ing tanah kang sira enggoni iku, sabab Ratu iku kang minangka dadi gegantine ing Nabi, marmane nora kena lamun sira mungkira marang ing sabarang prent-ane Ratu iku sarupane zhuriyat Adam, islam lanang, islam wadon kang padha ana ing donya tanahe ratu iku, nora kena nora sira iku iya padha anglakonana marang ing sabarang prentah Ratu iku, sarupane islam iku kabeh, nanging kalamun Ratu islam iku wus sayekti lamun sabarang prentahe marang sira iku kabeh wus nora adoh lawan prentahe iman lan mangkana maneh
p.220. sabarang kang wus dadi / wangsiting hadits iku nora wani angowahi Ratu iku sawiji bahe ing sabarang wangsite kang wus muni hadits ing Kanjeng Nabi Mohammad rosulullah salallahu ngalaihi wasalam iku, kabeh padha ngimana sarupane islam sira iku kabeh marang ing sabarang prentahe Ratu iku den

teka

teka ing dhohir batinira iku kaliwat utama lamun sira anglakoni marang
sabarang kang wus dadi prentahe Ratu iku. Sabab Ratu iku wektu kang
minangka dadi gagantine ing Kanjeng Nabi. Kanjeng Nabi iku pan minangka
dadi gagentine Gusti Allah Subhanahu Watangala kang ngaza wajalla kang
p.220. wahidul kohhar, marmane dadi luwih becik lamun sira ngiman-/-aken marang
ing prentahe Ratu kang wus kaya mangkana iku ing donya den tumeka ing
ngakerat pisan iku alabuha becik lawan bagus , Lamun ing donya
ana Ratu kang kaya mangkana iku nanging lamun ana Ratu Islam ing tanah
iku nganggo karepe dhewe iku dalile maneh prentah Ratu iku lamun arepana
tegese hadits bahe Ratu iku wus nora praduli, maka lamun tanah islam
lawan Ratune murtad kang kaya mangkana iku. He, eling2 sarupane zhuriyat
Adam kang maksih padha angrasa Islam lanang wadon, becik2e padha sira
p.221. meper iku bahe ana ing tanah iku, tegese meper iku / bahe poma2 aja wani2
perak2 islam sira iku kabeh marang ing ratu kaya mangkana iku, maka lamun
wedi sira iku marang ing panganiyane ratu iku nora kaya Islam sira padha
lungaha teka ing tanah iku, Maka lamun nora bisa sira lunga teka ing tanah
iku, sabab akeh kang dadi pakewuhira lamun lunga teka ing tanah iku,
nanging poma2 sarupane islam sira padha den eling bahe lan den ngati-ati
den sama bisa rumeksa marang ing imanira, sabab lamun tanah islam lagi
kaya mangkana Ratune iku, iya iku kang ingaran lagi jaman fitroh sayek-
p.222. -tine kang dadi ratu iku iblis laknatullah marmane / nganggo eling2 islam
iku darederipun aja kasi rekasa imane islam iku yektine marang ing iblis
laknatullah iku wediya teka den wawedeni iku lawan den gegawok bahe ken-
-ane sarupane imane zhuriyat Adam kang padha maksih islam kari ana ing
donya iku kabeh, aja kasi dadi perang maka sarupane zhuriyat Adam kang
padha islam iku kang ana ing tanah pitron kono iku kabeh dadi warna2
tekade sarupane iku kang maksih rineksa imane iku marang ing Robbil-
p.223. -ngalamin padha angiwa panggonane iku lawan banget perihatine. Maka /
lamun kebutuh den undang sarupane zhuriyat Adam kang padha maksih eling
marang ing prentahe ing iman iku marang ing Ratu kang kaya mangkana iku
iya padha nurute tekane sabab ngalap wening ngundur sadhela iku bahe,
batine iku padha kaliwat sukure atine, apadene lamun angrungu marang ing
sabarang prentah Ratu iku wus nora pisan2 lamun arepa angrungakake atine
sarupane zhuriyat Adam kang islam iku tandha lamun maksih rineksa ing iman
iku. Malah lamun ngrungu marang ing sabarang prentahe Ratu iku nuli tangi
atine iku kaya den elingake lamun kang prentah iku satrune iya iku kang
p.224. dadi tandha / lamun zhuriyat Adam kang maksih islam iku ing sabener-
-benere. Maka kang dadi tandha sarupane zhuriyat Adam kang padha islam
munafiq, fasiq, murtad iku kabeh liwat runa iku lamun ngarungu marang ing
sabarang prentahe Ratu kang kaya mangkana iku, malah pangrasane den gawe
pangewan-ewan iku marang ing ngabdine, lawan maneh padha iku ngarak-arik
marang ing sabarang kang dadi wadine ing islam iku kabeh den suprih
kang gone awake iku marang ing Ratu kang kaya mangkana iku. Bodho temen2
lamun maksih ana imane kang kari sarupane zhuriyat Adam kang wus padha
p.225. kaya mangkana iku, sabab lali / gawok marang ing sarupane dadi peteng
imane kang padha mangkana iku olehe kinon angimanaken marang ing sabarang

prentah ing Gusti Allah Subhanahu Watangala kang ngaza wajalla kang wahidul kohhar kang wus padha ana sajrone Qu'ran iku kabeh. Maka kang dadi tandha lamun Robbilngalamin aparing pitulung marang ing tanah jaman kang pitroh iku marang sarupane zhuriyat Adam kang padha maksih islam ing sabener-benere lanang wadon milih Subhanahu Watangala iku maring ing zhuriyat Adam kang ana ing jaman pitroh iku ginawe pangirid-
-ing ing perang sabilullah iku, tegese Ratu sabab bab perang sabilullah
p.226. iku nora kena / lamun sarupane zhuriyat Adam kang padha islam ing sabener
-benere iku lamun duwe karep dhewe2 bab ing perang sabilullah iku pasthi lamun nemu duraka, iku lamun Gusti Allah Subhanahu Watangala kang nguza wajalla kang wahidul kohhar durung paring Ratu iku kang minangka dadi pangiriding perang sabilullah. Maka lamun ing tanah pitroh iku Robbil-
-ngalamin wus ngresakake milih marang ing zhuriyat Adam iku ginawe Ratu ana ing tanah pitroh iku nora kena ara sarupane islam iku kabeh padha angumpula marang ing Ratu iku, apadene kang padha islam munafiq, fasiq,
p.227. murtad iku kabeh padha angumpula marang ing buri Ratu iku,iya iku /

p.228. X perang sabilullah / marang sarupane

iku lawan angaku kuwasa, apadene wasesa si iblis laknatullah iku ana
p.229 ing /

p.229. / iku iya kena lamun aso lungguh sadhela iku ngangkat ping telu wangene dhikir ghoib kang ghinaib ® Ikilah kang winaca kang dhingin iku, maca tangawuzn ping telu, nuli surat ikhlas ping telu, falaq ping telu, binas ping telu, nuli niyat dhikir nafsi asjabah iku malih ping telu, dhikir asjabah ping telu, dhikir ism sifat ping telu, dhikir ism dhat ping telu, ism ghoib ping telu, dhikir ism ghoib ing dalem ghoib ping telu, nuli maca atine surat Yasin ping telu, saben2 sapisan nganggo den kantheni dhikir ghoib sapisan, maca yakidu ya-kada ping telu, dhikir ghoib sapisan

p.232. maca: " He Allah dono bawani kabiran wa ngala / wa ngali karibun wa haj--alli kalifun, he Allah wekan mangsane ngajali Gusti Rosulullahi, nanging Tuan ingkang anarimaha ing ngamal amba punapadene kang ngathan-athahena ing ngamal amba. He Allah, magi2 tuan narimaha panuwun amba ing Tuan." Maka nuli lereno sadhela lamun durung katrima padha ngangkat maneh wiwit kaya kang mahu iku malih, ping telu wangene ghofarolahum o8 Anapun ikilah bab pertelane wite laku iku niyat, tegese kang diarani wite laku niyat iku dudu laku olehira anuruti marang awanira iku ana donya sabab laku-

p.233. -nira ana donya kang nurut hawa iku akeh kang lana bahe arang / laku--nira kang dadi mufangat donya tumeka ngakerat pisan malah oleh kang oleha suwarga lakunira kang nurut hawa donya iku ® Dene tegese kang den arani winengku niyat iku sembahyang limang wektu iku kang sampurna ing donya tumeka ing ngakerat pisan wus nora ana laku kang nimbangi iku ing donya, iya iku kang den arani manungsa kang wus teka ingsan kamil nora lali maring Robbilngalamin pan sayekti lamun wus tan pegat elinge lan pasrah mananira kang wus mangkana iku ® Ikilah rupane kang den arani wite laku niyat iku lamun wus bakda sembahyang subuh sira wus

p.234. pasthi lamun niyat ngarep-arep lumaku marang / ing waktu dhuhure, dhuhure lumaku marang ing wektu ngasar, ngasar lumaku marang ing wektu maghrib, maghrib lumaku marang ing wektu ngisjak, ngisjak lamun durung sampurna maksih angen-angen, dadi tandha sira masthi iya bali lumaku maneh sira marang ing wektu subuh, dadi bali kaya kang wineling iku maneh, lamun wektu tinebus ing sadina sawengi mangkana maneh saben2 waktu iku pujine nora padha wilangane iku nora kena lamun kongsi luwih kurang, ana loro, ana papat, ana telu, marma dadi saya arang iku mangkana wilang--ane sabab karsa Subhanahu Watangala iku kang dadi wite apadene sabarang iku iya padha nganggo mangsa dhewe-dhewe wektune iku

p.235. tandha donya / arane ® Ikilah pratelane wite niyat sembahyang iku wiwit ngamek banyu wudlu sira iku wus masthi lamun wus gumantung atinira iku marang ing sawijine wektu iku, marma dadi kudu den waspada sira

marang

marang ing wektu sawijine iku, aja kongsi akir, sabab pardhune sembahyang
iku nora kena den gegampang sayekti iku kang dadi tandha dhohire amore
kawula Gusti awit ngangkat niyat usolli tumeka marang takbirotul ihrom
iku kajaba lamun ana karsa Subhanahu Watangala oleh hidayat sira kebanjur
lamun nora sawuse takbirotul ihrom iku sira qodim arep ngati-ati, kang
p.236. dhingin marang wewacane, kapindho marang / perdhine, kaping telu marang
rokangate den kongsi teka marang sampurnane. Tegese iku tahiyat akir den
teka marang salame. Maka lamun nora kaya mangkana iku dadi nora kasil
solatira iku kaya laha bahe; marma dadi solat iku kudu arep ngati-ati
pangreksane marang solat iku, wong mukmin lanang, wong mukmin wadon,
sabab tandha anane zhatullah kang ghoib iku dadi tetela gumelar sakehe
aran kang suwiji2 iku, ana donya pan insankamil iku kang minangka weway-
-angan dhohire zhatullah kang ghoib, iya adege solat iku kang minangka
p.237. dadi anawuhake anane sifatullah dene solat iku / afngalullah arane 0
Dene solat kang nora nganggo wudhu lan nora nganggo wektu iku, iya lima
sajatine iku, iya wus nunggal lawan solat pardlu kang dhohir limang wektu
iku pan wus nora kena pisah sabab solat limang wektu iku pan minangka
gedhong sarupane kagungane Subhanahu Watangala marma dadi ana wong ngucap:
"Aja sembahyang ingsun wus sembahyang," Iya iku rupane iblis laknatullah
kang nyata, sabab kang den catur mangkana iku iya solat kang nora nganggo
wektu, apadene wudlu, iku kaya apa lamun weruha isine sabab wadhahe bahe
wus pasthi lamun nora weruh, wong wani ngucap mangkana iku olehe denger
p.238 arane / sawiji2ne iku sabab piture iblis, adon temen wong kang ngucap
mangkana iku. Sayektine sabab wus katutupan marang iblis atine wong kang
mangkana iku. Dene kang den arane: " Aja sembanga kang wus sembahyang," Iku
dhenger den tuturi lamun ana sembahyang nora nganggo wektu, nora nganggo
wudlu; turu lan kang wadon nora susah nganggo adus jinabat, sabab wus
jinabat sinara wedi, tuture mangkana maneh lamun turu lawan wadon sali-
-yane iku wus nora susah nganggo kawin sabab iku wus kawin batin tuture
p.239. mangkana maneh lamun muruk ngelmu rasa tuture lamun / wadon kang jaluk
wuruk iku banjur den ajak turu dhingin, sabab iku rupane ngelmu rasa iku,
lamun maksih anom muride, sabab iku kang ginawe tandha kasdune dadi wus
nora pisah besuk wekasane, iku tandha lamun iblis, setane wong kang duwe
~~setekadane~~ tekad kang mangkana iku. Mangkana maneh marang pepanganan wus
nora ana batal haram atawa najis, sabab sabarang wus sampurna, dene banyu
tuture anggere nora ana kang nyarug bahe 0 Iku poma aja wani perak
sira lamun ana wong duwe tekad mangkana senajan ngalim sugih kitab lamun
p.240. mangkana kalakuhane / iya iku iblis

p.241. / Iku lamun wus eling badane nora katon ana donya sabab badan iku kang
dadi

dadi tandha dhohire marma donya, marmane ana arane donya sabab ana badan iku kang minangka gedhong kagungane Subhanahu Watangala, sabarang ana donya iki badan iku, mangkana maneh solat kang dhohir pardlu limang wektu iku dhohire lakune jisim, sabab jisim iki olehe ana donya wus pasthi lamun nganggo wawilingan marma dadi wong kang ngucap mangkana iku wus batal islame, sabab x rusak sjahadate 0 Dene kang aran solat batin kang lima iku, ikilah rupane, dhasar yekti lamun nora ana lafazhe lawan nora....